# МАХ ДУГ



2018 8

Ӕрмӕстдӕр ӕнӕхсӕст адӕймаг мӕт кӕны, адӕм дзы цы зӕгъдзысты, цы кад ын скӕндзысты, ууыл. Дидинбӕлас сакурӕйы цыфӕнды схон, уӕддӕр йӕ дидинджытӕ кӕндзысты ӕрвон тӕф.

***Сакума Седзан,***
*японаг политик ӕмӕ зондылӕг*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Казбек МАМУКАЕВ

**Редакция**

Зам. гл.редактора – Ахсар КОДЗАТИ

Поэзия, драматургия – Марат ДЖУСОЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Станислав КАДЗАЕВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2018

# МАХ ДУГ

8

2018

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг – ХЪОДЗАТЫ Æхсар
Поэзи, драматурги – ДЖУСОЙТЫ Марат

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2018

## НОМЫРЫ ИС:

*НАФИ.* **Уарзондзинад, хæфс æмæ салдаты аргъау** 5

*ТЕДЕТЫ Ефим.* **Бындары кадæг.** Æмдзæвгæтæ 50

**ЛЕВ ТОЛСТОЙ: 190 АЗЫ**

*Лев ТОЛСТОЙ.* **Радзырд, æмбисæндтæ, хъуыдытæ** 55

**Дзуринц Толстойы тыххæй** 70

*ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ Надя.* **Фондз æмдзæвгæйы** 76

*АБАЙКУЫЦЫКК.* **Мелесы цæссыгтæ.** Уац 79

*АБАЙТЫ Петя.* **Æмдзæвгæтæ** 84

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

**Кадæггæнæг. Томайты Мысырби** 86

*ТУГЪАНТЫ Энвер.* **Таурæгъ куйдзыхтыл** 99

**МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ** 102

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ.* **Сочиненийыл куыст райдайæн кълæсты** 115

**АРВИСТОН** 124

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы*

...Аивадон уацмысы ахадæн аразгæ у, йе сфæлдисæг цавæр адæймаг у, уымæй. Æрыгон автор æвиппайды арф æмæ вазыгджын удимæ рантысдзæни дунемæ, зæгъгæ, афтæ зæгъын раст нæ уаид. Уымæн æмæ ахæм миниуджытæ фæзынынц, рæстæг куы рацæуы æмæ адæймаг царды куы сфæлтæры, уæд. Фæлæ æвзонг автор райдианæй фæстæмæ ныфсхаст æмæ оригиналон цæстæй куы кæса йæ алыварс дунемæ, уæд суинаг у. Йæ ныййарджытæ æмæ зонгæтимæ иудадзыг вæййы, уыны сын сæ алы къахдзæф дæр, сæ митæ, сæ зондахаст, сæ зæрдæйы уаг. Фæстæдæр ын ацы миниуджытæ æцæгæлон адæймæгтæй зын базонæн уыдзысты. Гъемæ æрыгонæй цы федта, уыдæттæ йын сты цæттæ æрмæг. Æрдзон курдиат æм куынæ уа, уæд та, сывæллонæй цы федта, уыдон дæр æм ницанæбæрæг дис-саг кæсдзысты. Ахæм адæймаг сфæлдыстадон кусæгæн нæ бæззы æмæ бынтон дзæгъæлы сафдзæни рæстæг.

***Уильям Сомерсет МОЭМ***

# УАРЗОНДЗИНАД, ХÆФС ÆМÆ САЛДАТЫ АРГЪАУ

*Дæсны цы хъуыддæгтæм стут, уыдон хицæн сты. Фæлæ зæрдæйы хъуыддагæн цы зонут?*

*Чызг æмæ лæппуйы ‘хсæн цы уарзондзинад вæййы, зæрдæйы хъуыддаг уый хонын. Уым зæрдæ фыды мур нæу, фæлæ дзы у стыр тых дæттæг. Æвзæры хорз чи кæны, хæфсæй – лæг...*

***Елбыздыхъо***

...Æз та уын ракæндзынæн аргъау... О, аргъау... Сымахмæ, чи зоны, хуымæтæджы хабар фæкæса, аргъаухæццæ, арвистон, фæлæ мæнæн, мæ удæн иууыл аивдæр аргъау æмæ стырдæр рæстдзинад у...

Нæ зонын, куыд райдайон... Ир дзурынц: раджыма-раджы... Ома хабар афтæ раджы уыди, æмæ ныр йæ мæнг æмæ йе ‘цæгæн равзарæн нал и. Гуырдзы фæзæгъынц: уыди æмæ нæ уыди... Ома аргъауы цы уыд æмæ цы нæ уыд, уыдон æддæг-мидæг ауадысты, мæнæ сæкæрæй арæзт сæнау, æмæ хæйрæг дæр нал равзардзæн, чи дзы кæцы у. Уырыс та нымайынц: цардысты æмæ уыдысты... Ома дæ аргъау дæр, æцæг хабарау, бауырнæд...

Мæ аргъау æцæг уыд, æмæ йын алы райдиан дæр бæззы...

Раджыма-раджы уыдис иу Хæфс. Хъоппæгцæст, хъамбулзæнг, æхсæвы талынджы, булæмæргъау, зарын чи уарзта, ахæм...

Цардысты æмæ уыдысты иу чысыл горæты æвзонг чызг Саурæсугъд æмæ æрыгон лæппу Салдат...

Уыдис æмæ нæ уыдис... Уарзондзинад.

Мæ аргъау æцæгдзинад уымæн хонын, æмæ уыцы Салдат уыдтæн æз. Хæфс дæр æцæг хæфс уыд. Цы ‘мбисонд ыл æрцыд, уый та уыди аргъау. Æниу уыцы æмбисонд дæр мæхиуыл æрцыд... Æмæ уал мæхи хабар...

Кæддæр æз уыдтæн хуымæтæджы хъæууон, хохаг лæппу. Сабийæ хъазыдтæн ме ‘мгæрттимæ, хызтон сæныччытæ æмæ родтæ, лæппуйæ сæрд цыдтæн фыййау, зымæг та – скъоламæ. Уарзтон ахуыр кæнын, чингуытæ кæсын, стихгæндтæ фыссын, драмон къорды хъазын, искæй фæзмын... Скъола каст куы фæдæн, уæд мæхи цæттæ кодтон институтмæ, фæлæ райдыдта хæст... Æмæ мæн дæр бахъуыд салдаты фæцæуын...

Ацыдтæн, ме ‘мгæрттау æз дæр уыцы стыр хæстмæ. Салдатыл цы фидауы, уый кодтон. Кæдæм-иу мæ фæцарæзтой, уырдæм цыдтæн хæцынмæ...

Фæци хæст цыппар азы фæстæ. Баззадтæн удæгас. Мæнгæй нæ акæнынц: æвзæр быныл зайы. Æмæ æрыздæхтæн: мæ хæдоны риуыл фондз майданы, сæ иу æвзист – «За отвагу». Ницы басгуыхтæн æмæ мын уæдæ æндæр цы радтаиккой?.. Мæ уæлæ дæрдджын цинел, не старшина «БУ» кæй хуыдта, ома йæ дæ размæ æндæр чидæр дардта, æз та «КБ», ома «кæйдæр бызгъуыр», раст ахæм. Æцæг, мæ кирзæ цырыхъхъытæ, стæй мæ хæдон æмæ мæ галифе дæр ног уыдысты.

Æрцыдтæн, уæдæ цы. Федтон нæ бинонты, фæлæ уæуу уыцы фенд... Ницыуал сын уыд зæххыл, – нæ хæринаг, нæ фос, нæ уæлæдарæс. Хъæуы мын баззайæн нæ уыд, уый базыдтон æмæ сфæнд кодтон горæтмæ фæцæуын, куыст ссарын æмæ бинонтæн исты баххуыс кæнын.

Фæцыдтæн горæтмæ куыстагур. Бæргæ мæ фæндыд горæты институтмæ бацæуын, ахуыры къахыл ныллæууын, фæлæ дæ уат куыд уа, дæ къæхтæ афтæ адаргъ кæн, мæнæн та уат æппындæр нæ уыд, кæйдæр къуымты рахау-бахау кодтон...

Горæты мæ гæххæттытæ радтон военкоматмæ. Радтой мын кæрдзыны карточкæтæ иу мæйæн. Ныр мын алы бон дæр джиранка æмæ æрдæг дзул уыди Хуыцауы фæрцы. Фæлæ æрмæст иу мæймæ. Уæдмæ куыст ссарын хъæуы, науæд салдат æххормагæй баззад æмæ... уазал æмæ стонгæй бирæгъ дæр тæрсы.

Бирæ фæцагуырдтон, фæлæ рæстмæ куыстыл нæ хæст кодтон. Уæд мæ зæрдыл æрлæууыд, кæддæр стихгæндтæ кæй

фыстон. Æмæ бацыдтæн нæ газеты редакцимæ, – исты куыст мын кæд самал кæниккой. Ницы сæм разынди мæн аккаг, фæлæ, дам, уацтæ фысс æмæ гонорар исдзынæ. Ома, фæлæуу хæрæг, мæнæ уалдзæг кæрдæг æрзайдзæни æмæ дæхи бафсаддзынæ.

Цæй уацтæ мæ ‘ндæвтой, мæн хъуыди куыст, мызд кæмæй истаин æмæ кæрдзыны гæххæтт, стæй ноджы, æхсæвиуат, кæм кодтаин, ахæм къуым. Искæй фæсдуæртты сфæлмæцыдтæн дыууæ къуыримæ. Æмæ уымæй ницы рауад.

Мæ зæрдыл æрлæууыд, кæддæр драмкъорды кæй хъазыдтæн, уый дæр. Бацыдтæн нæ театрмæ æмæ мæ уыдон барæвдыдтой. Уæдæ... Нырма, дам нæм ницы куыст ис, фæлæ дам, сценæйы кусджытæй исчи куы ныууадза йæ бынат, уæд, дам дæ райсдзыстæм. Æцæг, кусджытæй чи æмæ кæд ацæудзæн йæ куыстæй, уый ничи зыдта, фæлæ мын уæддæр мæ зæрдæ барæвдыдтой: нæ артгæнæгæн, дам, ивæн кусæг нæй, тыхсы иунæгæй æмæ дæ кæд фæнды... Раст у, уым астæуккаг ахуыр ницæмæн хъæуы, фæлæ дзы мызд æмæ дзулы къæбæр исдзынæ ардыгæй уалдзæгмæ, стæй кæд исты куыст фæзынид уæдмæ...

Цы кодтаин? Хуыздæр гæнæн мын ницы уыд æмæ сразы дæн. Райдыдтон кусын артгæнæгæй. Мæ хистæр хорз лæг разынд, бацамыдта мын, артгæнæджы хуымæтæг куыст æмæ райдыдтон цæрын. Сæумæцъæхæй арт бакæн, театр æрæгмæ райдайы кусын, æмæ артистты æрбацыдмæ агъуыст куыд схъарм уа. Зынæй дзы уый бæрц ницы уыд. Лæппу, мæ цæнгты тых цы фæкодтаин, уымæн ницы зыдтон æмæ ме ‘мбалы куыст дæр мæхæдæг кодтон фылдæр-фылдæры. Йæ зæрдæмæ фæцыдтæн æмæ мæм йæ хъус дарын райдыдта.

Цы хъусдаринаг уыдтæн, алцы дæр мын уыд, æрмæст мæ нал фæндыд нæ хæстæджыты хæдзæрттыл зилын. Дзургæ мын ничи ницы кодта, фæлæ йæ хатыдтон: алчи йæхæдæг тыхст у æмæ ма искæй лæппуйы уазæджы дард кæн, уый зын хъуыддаг у. Уыдон иицы дзырдтой, фæлæ æз мæхæдæг тыхстæн æмæ сфæнд кодтон: ралидзон артгæнæнмæ æмæ уым æхсæвиуат кæндзынæн, мæ цинел уыдзæн мæ хуыссæн дæр æмæ хъарм дарæс дæр... Загътон, уæд æй кæнгæ дæр бакодтон æмæ мæ иу цасдæр рæстæджы нæ хатыд ме ‘мбал, фæлæ мæ стæй æрфарста: «Лæппу, ам æхсæвиуат кæныс æви алы хатт мæ разæй куыд фæвæййыс?» Басастæн мæ уавæрыл æмæ мын уæд афтæ зæгъы: «Иу чысыл уатгонд мæм ис, бынтон афтид. Искæмæн

æй æххуырсты радтон, уымæн нæ бæззы, фæлæ дзы иу лæгæн сынтæг æрæвæрæн æмæ йе 'хсæв арвитæн ис. Æмæ дæу æндæр цы хъæуы?.. Æниу дæм хъыг ма фæкæсæд, кæд дын хуыздæр фадат ис, уæд баххуырс фатер, фæлæ ам, артгæнæны, æхсæвиуат кæнын хорз нæу... Кæд æй дæ сæрмæ бахæсдзынæ, уæд мæнмæ рацу æмæ цæр... Фидын дæ ницы хъæуы, фæлæ дын æндæр исты баххуыс кæнын дæр мæ къух нæ амоны... Æркæс, фен...»

Ракæс-бакæсмæ та кæй æвдæлд, сразы дæн æмæ бацыдтæн уыцы хæлары уатмæ цæрынмæ. Уазал уыд уыцы уаты, раст зæгъгæйæ, пец сæвæрæн дæр дзы нæ уыди, стæй дзы куы уыдаид, уæддæр мæнæн нæдæр пец уыд, нæдæр суг. Сынтæг æмæ мын иу гобаны зæронд дæр мæ фысым радта. Афтæмæй цæрынтæ байдыдтон... Сæумæцъæхæй изæрмæ артгæнæны уыдтæн, мæ куысты уæлхъус. Дыккаг бон – сæрибар. Æцæг-иу бирæ хæттыты мæ фысимы бæсты дæр акуыстон æмæ мæ уæд хæдзармæ цæуынмæ æвдæлгæ дæр нæ кодта. Афтæмæй куыстон æмæ зымæг цадæггай цыди, уæдæ цы уыдаид...

Мæ рад куынæ уыд арт кæнын, уæд-иу дзæбæх фæфынæй кодтон мæ цинелы бын, уæдмæ хъæццул дæр самал кодтон кæмдæр æмæ мын хъарм уыди цинел æмæ хъæццулгонды бын. Стæй-иу сыстадтæн, мæхи бадзæбæхтæ кодтон æмæ-иу æфсонæн истытæ ахордтон, стæй цыдтæн уынгмæ кæнæ чингуытæ кæсæн хæдзармæ. Изæры-иу кæнæ театры спектакльтæм кастæн, кæнæ та мæхи хуызæн мæгуыр салдæттимæ искуы сæннуазæн бынаты бадтæн. Уæхæдæг æй зонут, уæд ма хъæууон сæн аслам уыди, стæй йæ сæкæрæй дæр нæма арæзтой... Бадтыстæм-иу дыууæйæ кæнæ æртæйæ, цъырдтам аслам сæн æмæ æхсыдтам мæймæбулчъыты сыфтæ æмæ къæдзилтæ... Куыиу бацырд стæм, уæд сындæггай зарыдыстæм нæ салдæтты зарджытæ, фылдæр салдаты уарзондзинадыл, митæйдзаг акъоппы куыд мысыд салдат йæ усы кæнæ йæ уарзон чызджы, уый тыххæй... Зарыдыстæм æмæ нæ мæгуыр цард хъуыды дæр нæ кодтам. Лæппуйæн ахæм зын цæрдтытæ – арсы хъуыны мæлдзыг. Уæдæ...

Æмæ, чи зоны, афтæмæй арвыстаин мæ зымæг, иу дæр не 'рцыдаид æмæ иннæ дæр. Æмæ мын ныр дзуринаг аргъау дæр нæ уаид, фæлæ мыл иуахæмы цыдæр фыдбылыз иу рæсугъд чызджы рамбæлын кодта... Æниу, чи зоны, афтæ рæсугъд дæр

нæ уыди, фæлæ мæнмæ уæд зæды базыры хуызæн фæкасти æмæ йæ цы ‘мбæхсон?..

Уæды уонг дæр иу цалдæр хатты амбæлттæн мæ цахъхъæн чызджытимæ. Кæддæр скъолайы мемæ чи ахуыр кодта, уыдонæй ныр цалдæр чызджы институт фæуд кодтой. Ме скъолайы æмбæлттæ мæм хорз цæстæй кастысты æмæ сæ фæндыд æз, ныр усгур лæппу, сæ зонгæ чызджытæй искæимæ куы базонгæ уыдаин... Чи зоны, цы фæндтæ сæм уыди, фæлæ ницы фæрæстмæ сæ хины фæндтæй... Цæуылнæ? Æмæ йын æз цы зонын?..

Афтæ мæм кæсы, цыма æвзæр лæппу нæ уыдтæн... Мæллæг, рæхснæг, бæрзонд, саулагъз. Æцæг мæм рæсугъддзинадæй ницы уыд, фæлæ лæппуйы рæсугъддзинад хъæугæ дæр тынг ницæмæн кæны. Мæнæн ахæм æмбæлттæ дæр уыд æмæ сыл ту дæр нæ бакодтаис, фæлæ чызджыты рæсугъдтæ семæ цъыбар-цъыбурæй не ‘фсæстысты. Уæдæ... Æз та иунæгæй ралли-балли кодтон уынгты, мæ куысты рад-иу куынæ уыд, уæд. Зонгæ мæ иу цалдæр чызгимæ бакодтой, фæлæ дзы, æвæццæгæн, зæрдæйыл ничи сæмбæлд. Нæ мæ фæндыди уыдонимæ иунæгæй нæдæр дзурын, нæдæр уынгты зилын.

Æцæг, уыдонæй дæр ахæм никæй фæхатыдтон, мæныл искуы æнæнхъæлæджы фембæлынмæ чи батæхуды кодтаид. Нæ дзы разынд ахæм æмæ, цы йæ æмбæхсон, хъыг мын уыди, хардзау кæсын мæм райдыдта æрæджиау. Ау, афтæ фыдуынд дæр куынæ дæн, стæй мæнæ гоби æмæ мадзура дæр. Уæдæ кафын дæр зыдтон, æмгæрттимæ æдзæлгъæды ныхас скъобор кæнынмæ дæр арæхстæн, фæлæ марадз, кæд исчи бабæллыд мæныл фембæлынмæ. Мæнæ Къоста куыд загъы: «Никуы мæм бабæллыд бирæгъ хæстæгмæ!..» Æз дæр афтæ. Æмæ мæм хардзау каст, фæлæ тынг ницы тыхстæн: мæн дæр нæ фæндыди сæ агурын, æниу мыл сæ исчи куы рамбæлдаид, уæд мын æхсызгон уыдаид æмæ разил-базил кодтаин семæ уынгты, фæлæ сæ агуырдтаин, уый мæ зæрдæ нæ тардта. Хъыг-иу мæм куы ‘ркаст, иунæгæй-иу куы сфæлмæцыдтæн, уæд агуырдтон мæ салдат æмбæлтты. Кæд-иу уыдонæй дæр никæуыл фæхæст дæн, уæд та бадтæн мæ къæсы æмæ мæхицæн цыдæртæ хъулæттæ кодтон, стихгæндтæ цыдæртæ...

Фæлæ дын иухатт иу хъызт райсом рацыдтæн уынгты зилынмæ. Сæрибар уыдтæн уыцы бон æмæ цы кодтаин уæдæ?..

Горæты астæу цæугæдоны былмæ ныйивгъуыдтон æмæ мæнæ диссаг: иу чызг, фæстæдæр Саурæсугъд кæй рахуыдтон, уый цæугæдонæй дыууæ бедрайы дзаг дон систа æмæ сæ тыххæйфыдæй рахæссы. Æз æй нæ зыдтон, фæлæ йæ институты чызджытимæ ауыдтон иу цалдæр хатты. Иу дзырдæй, цæсгомæй йæ зыдтон æмæ нал фæлæууыдтæн. Бацыдтæн æм комкоммæ æмæ йын загътон: «Нанайы хъæбул, бар мын ратт æмæ дын дæ бедратæ уæ хæдзары къæсæрыл балæууын кæнон!»

Фыццаг афсæндтæ кодта, чи дæ тыхсын кæны, зæгъгæ, фæлæ бедраты хæцæнтæм барджыны 'вналд куы бакодтон, уæд сæ суагъта æмæ йын сæ суанг сæ кæртмæ фæхæццæ кодтон. Фæндагыл цыдæртæ дзырдтам, фæлæ мæн ныхæстæ не 'ндæвтой, æз мæ цæсты тигъæй кастæн чызгæн йæ цæсгоммæ æмæ мæ зæрдæ цыдæр æнахуыр риуыгъдтытæ систа. Фæндыди мæ, афтæ куы лæууиккам уынджы астæу æмæ йын куы кæсин йæ цæстытæм, бедратæ мæ къухты, афтæмæй...

Чызг царди дыккаг уæладзыджы æмæ йын йæ бедратæ асины къæпхæныл æрæвæрдтон, мæхæдæг æм чысыл сабийау нымдзаст дæн, цы ма йын загътаин, уымæн ницы зыдтон, ме 'взаг мæ комы ныххауд, æрмæст ма хатыдтон, мæ цæсгомыл цыдæр æдылы мидбылхудт кæй хъазы. Мæ мид-зæрдæйы æмбæрстон, уый хорз нæу, искæй чызгмæ афтæ мадзурайæ æдылы каст кæнын, фæлæ мæхи басæттын мæ бон нæ уыд æмæ джихæй лæууыдтæн. Чызг, æвæццæгæн, фефсæрмы, æвиппайды фестъæлфыд æмæ хæдзармæ атагъд кодта. Æрмæст ма мын афтæ бакодта: «Бузныг дæ лæггадæй, мидæмæ рацу дын нæ зæгъын, бахатыр кæн, нырма раджы у æмæ къуымтæ æфснайд не сты...»

Мæхимидæг хъæр кодтон: «æнæхайыры къуымтæ фонт, кæд мæн уыдон не 'ндавынц! Бакæн мæ æмæ ма дæм ноджы кæсон!.. Нæ мæ фæнды нæхимæ цæуын, кæдæм цæуон, уый дæр мын нæй, стæй мæ ницæмæн дæр хъæугæ кæны... Ды æрмæст мæ разы лæуу æмæ дæм кæсон, æндæр мæ ницы хъæуы – нæдæр дæ къуымтæ, нæдæр дуне!..» Уый мæхинымæры дзырдтон, æргом ницы суæндыдтæн, «хорз дæ хай» бакодтон æмæ фæстæмæ сæргуыбырæй рараст дæн...

Бон-изæрмæ фæзылдтæн уынгты. Институты рæзты дæр цалдæр хатты раселф кодтон, кæд ма йæ, зæгъын, искуы ауынин, фæлæ йыл мæ цæст иикуы æрхæцыд. Зылдтæн уынгты, æндæр мæ никæй уынын фæндыди, мæ салдат æмгартæм дæр нал

ацыдтæн. Нæ мæ фæндыд нæдæр нуазын, нæдæр искæимæ дзурын, æрмæст мæхинымæр зарыдтæн æмæ худтæн дунемæ, цыма мыл цыдæр æвæджиауы хорз æрцыди æмæ йыл не 'ууæндыдтæн нырма, никæмæн æй хъæр кодтон, уыйау. Зылдтæн уынгты, зилахар кодтон, мæ зонгæтæй-иу искæй куы суыдтон, уæд-иу мæхи дæрдтыл зилæг скодтон, цæмæй мыл мачи амбæлдаид æмæ мæ ма райхъал кодтаид, мæ диссаджы фынæй ма фæиппæрд уыдаин...

Куы 'рталынг, уæд зилын райдыдтон сæ хæдзармæ æввæхсты, æрмæст мæ куыд ничи фæхатыдтаид, афтæ. Хатгæ та мæ чи кодта, фæлæ мæм уæд афтæ касти, цыма дуне иууылдæр мæнмæ æргуыбыр æмæ мын мæ рæсугъд фын адавыныл архайы... Раст дзурынц адæм: мæгуыр фынтæй хъал!..

Рафæндыди мæ, не скъолайы чызджытæй институты чи ахуыр кодта, уыдон бафæрсын Саурæсугъдæй, фæлæ мæм афтæ фæкасти, цыма уый уаид иууыл стырдæр гадзрахат: нæй мæ рæсугъд фынæн искæмæн дзурæн, нæй уыцы фынмæ искæй уадзæн. Уый мæн у, æндæр никæй, æмæ йæ хъуамæ мæн æмæ Саурæсугъдæй дарддæр мачи зона!..

Бацыдтæн мæ къæсмæ æмæ феппæрстон мæ цинел, мæ цырыхъхъытæ, афтæмæй уатыл мæхи æруагътон. Куыд афынæй дæн, уымæн ницы базыдтон, фæлæ фыны федтон Саурæсугъды... Æрдæгæхсæвæй ахызт, афтæ фехъал дæн. Мæ уæлæ æмбæрзт ницы уыд æмæ, æвæццæгæн, суазал дæн. Куы фæиппæрд дæн мæ фынæй, уæд мæ зæрдыл æрлæууыд: абон арт кæнын мæ рад у...

Раджы уыд нырма, фæлæ загътон, хуыссæг мæ уæддæр нал æрцахсдзæн æмæ ма ам цы бадон, ацæуон мæ куыстмæ. Мæ цинелы мæхи æрбатыхтон, мæ рон сау лæппуйы æлвæст æрбакодтон æмæ уынгмæ рахызтæн.

Уыди уазал ирд æхсæв. Стъалытæ бæрзонд арвыл тыбартыбур кодтой, цыма уыдон дæр мæ циныл цин кодтой, æмæ мæ зæрдæ барухс. Рацыдтæн, æмæ мæ мæ къæхтæ Саурæсугъды хæдзары размæ куыд бахастой, уымæн ницы базыдтон...

Мæнæ гъе сæ хæдзар, уалæ уыцы дыууæ фæрссаджы фæстæ цæры Саурæсугъд. Ныр, æвæццæгæн, йæхицæн фынæй здухы, мæ мæт æй ис, цы!.. Æмæ йæ цæмæн уа мæ мæт та? Чи йын дæн, цæмæн æй бахъуыдтæн?.. Æй, джиди, ныр уый дæр мæн куы уынид йæ фыны!.. Кæцæй!..

Уадз æмæ мæ ма уынæд. Æз æй уынын æмæ уый дæр фаг у. Æз ын кæсдзынæн йæ цæстытæм, куы йыл æмбæлон, уæд æмæ мæн æндæр ницы хъæуы. Сабыр æхсæв... Талынг æхсæв... Стъалытæ арвыл калынц тæмæнтæ... Мæ зæрдыл æрлæууыд салдаттаг зарæг «Талынг æхсæв» æмæ мæ миднымæр зарын райдыдтон: «Темная ночь...» Нæ, иронау зарын хъæуы, загътон мæхинымæр æмæ зарæджы дзырдтæ æндæрхуызон нывæндын райдыдтон, цыма уыцы зарæг æз æмæ Саурæсугъдыл уыди, раст уыйау...

Заргæ рафардæг дæн мæ куыстмæ, Саурæсугъдæн «хæрз фынтæ фен!» куы загътон, уæд. «Хæрз фынтæ» – ома мæн фен дæ фыны, афтæ нымадтон хъуыддаг, фæлæ йыл уæд мæхицæн дæр нæ басастаин...

Арт кæнынмæ бавнæлдтон стыр зæрдиагæй. Диссаджы хорз мæм фæкасти уыцы хуымæтæджы чъизи куыст. Раст цыма хосгæрдæны зиуы уыдтæн æмæ мæм Саурæсугъд искуыцæй касти, уыйау тындзыдтон æмæ зарыдтæн мæ куысты уæлхъус. Арт куы сцырын, гуылф-гуылф куы райдыдтой арты ‘взæгтæ уыцы стыр пецы, цыма сын уынгæг уыди, уыйау, уæд æз дæр æрбадтæн, мæ цæсгомы хид асæрфтон мæ хисæрфæнæй. Фæкомкоммæ дæн хисæрфæнмæ æмæ йæ раст пъолсæрфæн бызгъуырау сау æмæ æнцъылдтытæй куы ауыдтон, уæд хорзау нал фæдæн: ахæм къухмæрзæн мæм куы фена Саурæсугъд, уæд мæ цуры æрлæууын йæ сæрмæ хæсгæ дæр нал бакæндзæн, дзургæ дæр мæм нал скæндзæн... Тæккæ изæры йæ дзæбæх ныхсын хъæудзæн... Стæй мæ дарæсмæ дæр æркæсын хъæудзæн... Худинаг у, чысыл лæппу нал дæн, мыййаг... Йæхи ныхсынæн цы лæг нæу, уый дон куы фæласа, уæд хуыздæр...

Уый масты сæр уыд, фæлæ ахæм мæстытæ бирæ нæ лæууынц лæппуйы зæрдæйы. Айрох сты мæнæй дæр æмæ та зарын райдыдтон:

*Талынг æхсæв... Арвæй стъалытæ джихæй кæсынц,*
*Уæлæ мигъвæлмы хæхтæ хуыссынц,*
*Зæххыл басабыр алцы...*
*Талынг æхсæв... Ныр кæй уыныс дæ фыны, чызгай?..*
*У салдатмæ йæ амонд тæргай, –*
*Æз æнусмæ дæн балцы...*

Æнтъыснæг зарæг уыд, фæлæ йæ æз афтæ зарыдтæн, цыма чындзæхсæвы зарæг кодтон. Цин æмæ дзы зæрдæйы фæлмæн

ærхæндæг сиу сты, афтæ мæм каст, цыма уый мæн тыххæй æмæ ноджы иуцасдæр та Саурæсугъды тыххæй ныффыстæуыд... Æмæ зарыдтæн æмæ арт кодтон. Къуырф белы дзаг уæззау æвзалы мæм бумбулийы хуызæн рог касти ацы хатг. Кæуылты мыл ацыд бон, уый зонгæ дæр нæ бакодтон. Театры спектакль куы райдыдта, уæд ма иу хатт баарт кодтон, стæй рацыдтæн æмæ, театры цары бын цы балкъон уыд, уырдæм суадтæн, мæ цæст ахастон адæмыл, – чи зоны, зæгъын, искуы ам ис Саурæсугъд дæр, уæд ын йæ цæсты рухс кæд æрцахсин мæ цæсгомæй. Фæлæ уым никуы зынд...

Спектаклы кæронмæ ма ауын-ауын кодтон мæ пец, стæй йæ ныууагътон. Райсоммæ ныууазал уыдзæн пец, æмæ та дзы арт кæндзæн мæ фысым. Сом æз сæрибар дæн æмæ исты хуызы хъуамæ фенон Саурæсугъды. Мæхи рарæвдз кодтон, ныхсадтон мæ къухмæрзæн дæр, мæ хæдоны æфцæгготыл салдатау ног урс хæцъил бахуыдтон, æцæг, мæ майдантæ мæ риуыл бакæнын нæ бауæндыдтæн – диссагæй дзы ницы ис æмæ сæ цы 'вдисон. Рацыдтæн институтырдæм, не скъолайæ дзы цы чызджытæ ахуыр кодта, уыдон абæрæг кæныны 'фсон...

Цы йæ дардыл дзурын, фембæлдтæн та Саурæсугъдыл, базонгæ дæн йемæ. Фæцахуыр стæм кæрæдзиуыл æмæ мыл цыма уый дæр æрæууæндыд, мæ фенд-иу ын цыма хъыг нæ уыд, афтæ мæм касти. Æниу цы бæрæг ис.

Ницыфенæг уыдтæн æмæ мæ хъуыдыйы никуы 'рцыд: чындздзон чызг у, стæй горæтаг, æмæ йын уарзон лæппу, чи зоны, ис, мæнмæ, мыййаг, куынæ каст æнхъæлмæ... Æнæрхъуыды лæппу!.. Æз æрмæст мæхиуыл уыдтæн, – куы йæ уынин æрвылсахат дæр, йæ цæстытæм ын куы кæсин, уый мæ фæнды, уым æвзæрæй цы ис, искæмæ хъыг цæмæн хъуамæ фæкæса?..

Фæлæ иу хатт уынджы фæцæйцыдыстæм, цыдæр чингуытыл тæрхоны бацыдыстæм, цыма нæ тынг æндæвтой, уыйау. Æз æй нæ фæхатыдтон, афтæмæй нæ фæсте чидæр æрбаййæфта æмæ æнæдзургæйæ, барджынæй йæ цонг Саурæсугъды дæларм фæкодта... Чызг фестъæлфыд, стæй бахудæгау кодта: «А-а, ды дæ, сæфтдзаг, кæм та фесæфтæ, ныр æрдæг мæй куы никуыуал разындтæ?..» Лæппу цыдæр иударон æфсæнттыл схæцыд æмæ сын ныхас бацайдагъ. Мæн ферох кодтой, цыма семæ æппындæр ничи уыд, уыйау ныхас кæнынц æнцад-æнцойæ. Чызджы хъæлæсы уагæй бæрæг уыди, – лæппуйы фенд ын æхсызгон уыд...

Æз дæр цыдтæн се ‘мрæнхъ, мæ къухтæ мæ цинелы дзыппыты нытътъыстон, афтæмæй, æмæ сæм хъуыстон æнæсымæй. Мæ цæсты тигъ хастон лæппуйыл, бæрджытæ йæ кодтон. Мæ цахъхъæн уыдаид, стæвдтæ арæзт, фæлæ йæ цæсгом хæлар амад, йæ ныхас барджын, фæлæ æнæхæрам. Исдугмæ ахъуыды кодтон, кæд йе ‘рвадæлты лæппу у, уæд та?.. Уый зæрдæфæлæуууынæн хорз уыд, фæлæ йыл уæд цы ныххæцыди сындзы къуыбырау?.. Цæуылнæ араст вæййы йæ фæндагыл?.. Нæ, æрвадæлты лæппу нæ уыдзæн, æгæр адджын ныхæстæ кæнынц... Мæ зæрдæ йæхи къултыл хоста. Фыццаг афæнд кодтон тæргайхуызæй ацæуын сæ цурæй, Саурæсугъдæй нырæй фæстæмæ мæхи хизын, йæ тæфтыл дæр мауал ацæуын. Стæй та загътон: уæд цæмæн? Афтæ куыд зæгъой, фæтарсти æмæ фæлыгъд? Æмæ салдат куы дæн, хъæбатырдзинады тыххæй майдан куы райстон, уæд нып цæмæй тæрсон?.. Уарзы йæ? Æмæ йæ æз къаддæр уарзын?.. Чызг кæд зæгъа, нæ мæ фæнды дæуыл æмбæлын, дæуимæ ныхас кæнын, уæд бар йæхи, фæлæ йæ искæй тасмæ уынджы хъæбæрыл фæуадзон?.. Нæ, уый дзы нæй æмæ нæ уыдзæн!..

Цалынмæ æз уыдæттæ нымадтон мæхинымæр, уæдмæ чызг фæхатыдта, афтæ мæ кæй фæуагъта, уый хорз кæй нæу, æмæ нæ базонгæ кодта. Йе ‘рвад дæр æй не схуыдта æмæ йæ хæстæг дæр, æрмæст ын загъта йæ ном. Бамбæрстон, ацы лæппу дæр ын мæнæй уæлдай кæй ничи у, мæнау уымæн дæр йæ зæрдæмæ кæй цæуы. Исдуг мæм хорз нæ фæкаст мæ уавæр, цыма искæй хъыджы цæуын барвæндæй, афтæ цыди хабар, фæлæ дзы мæ аххос кæй ницы уыд, уый фæдыл загътон, цалынмæ чызг сæ хæдзармæ нæ ацæуа, уæдмæ йæ æз иунæгæй нæ ныууадздзынæн!.. Нæ мæ фæнды, æмæ æнæ мæн ацы фæрныг лæппуимæ ныхас кæна!..

Бирæ фæзылдыстæм уынгты. Чызг йæхæдæг нæ дæлæртты бацыд æмæ ныхæстæ кодтам, цыма рагон хæлæрттæ уыдыстæм, уыйау. Стæй ацыди сæ хæдзармæ. Мах дæр ма иучысыл цæуылдæрты адзырдтам, стæй ахицæн стæм, кæрæдзи фæрсгæ дæр ницæмæй бакодтам, афтæмæй.

Æз хæдзармæ нæ ацыдтæн, кæд æхсæвæрафонæй ахызт, уæддæр. Нæ мæ фæндыд, искæй федтаин, искæимæ дзырдтаин, уый, æмæ тарстæн, мæ фысым мæм куы фæдзура, ныр уый дæр æрбацыдаид йæ куыстæй æмæ та мын кæрдзын хæрын кæндзæн, ныхæстыл мæ дардзæн, мыййаг...

Зылдтæн уынгты æмæ мæхицæн сагъæс кодтон мæ уавæрыл... Хорзæй дзы ницы уыд. Кæйдæр уарзон чызгыл фембæлдтæн æмæ йын цыдæр æдылы ныхæстæ кодтон, цалынмæ, кæй уарзы, уый нæ уæлхъус нæ балæууыд, уæдмæ... Æдылы сæныкк кæйдæр мады фæдыл куыд цæуа, уыйау... Куырм æмæ æдылы лæппу!..

Афæнд-иу кодтон, абонæй фæстæмæ йæ тæфтыл дæр никуы уал ацæудзынæн!.. Хæйрæджы хай фод!.. Фæлæ зæрдæ нæ коммæ каст, æмæ та-иу уæд хъуыды дæр фæфæлмæн, иннæрдæм та-иу ныдздзоргъа кодта, къæбæда байрагау... Фæлæуу-ма, фæлæуу, цæуыл тæргай кæныс?.. Дæ уарзон у, мыййаг? Искуы дын загъта: уарзын дæ, салдат, æнæ дæу. мæ бон цæрын нæу, кæнæ ды, кæнæ æппындæр ничи!.. Ахæмæй дзы куы ницы уыд, уæд цæуыл хъыс-хъыс кæныс, æххормаг къæбысау?..

Раст ныхас уыд, æмæ цы хъуамæ загътаин? Æниу мæм афтæ каст, цыма фæсайды дæн, мæнгардæй мыл разылдæуыди... Зыдтон æй, ахæмæй дзы ницы ис, фæлæ уæддæр мæ зæрдæ уынгæг кодта, тыхсти, цыма мыл стыр фыдбылыз æрцыд, уыйау... Æрæджиау иу цыдæр талынг уынгмæ бахæццæ дæн горæтгæрон æмæ мæ зæрдæйы маст зарæгæй фемæхст...

*Талынг æхсæв...*
*Арвыл мигътæй куынæ зыны мæй,*
*Ды æвæлмон куы кæныс фынæй,*
*У мæ цард ницы-мацы...*
*Талынг æхсæв...*
*Ма тæрс, бон дыл кæндзæнис фæрнæй,*
*Ма тæрс, ирвæзт уыдзынæ мæнæй, –*
*Æз æнусмæ дæн балцы!..*

Зарыдтæн хъæрæй, богъ-богъгæнгæ, цыма мыл мард æрцыд... Хорз уыд æмæ уынгты змæлæг нæ разынд, кæд мæ исчи фехъуыста, уæддæр, æрдæгфынæйæ чи райхъал, ахæм. Æвæццæгæн, загътаид йæхицæн: кæмдæр та цавæрдæр æнæхæдзар салдат ныллæтъæрдта, иу æмæ дзы дыууæ ис ахæмтæ, æмæ бæгъ-бæгъ кæны... Стæй та ныффынæй уыдаид, хæдзардзин лæгæн куыд æмбæлы, афтæ... Æмæ раст дзырдта, æрдæг æхсæв уынгты богъ-богъ кæнын ницы лæгдзинад у. Æз дæр æй бамбæрстон æрæджиау, æмæ араст дæн нæхимæ, зæгъын, чысыл

ма аулæфдзынæн, стæй та мæ пец æмæ мæ дурæвзалыйы кæрийы уæлхъус балæудзынæн...

Мæ цин æнкъардмæ раивта. Мæ куыст кодтон мадзурайæ, никуыдæмуал цыдтæн, нал агуырдтон Саурæсугъды дæр. Уадз, фæрнæй цæрæд йæхицæн! Мæхи ирхæфстон чингуытыл, фæсаууонмæ ахуыр кæныныл схæцыдтæн æмæ мæ æвдæлгæ дæр нал кодта, раст зæгъгæйæ. Æниу мæхицæн бар нæ лæвæрдтон, æндæра рæстæг ссардтаин, лæг хин у æмæ йын йæхицæй æнцондæр сайæн та а дунейыл ничи ис.

Афтæмæй мыл ацыд иу дыууæ къуыририйы, стæй та йыл хæрхæмбæлд фæдæн иу райсом, æмæ мын æхсызгон куыннæ уыд, фæлæ дзы диссаг уый уыдис, æмæ мæнæн дæр кæд загъта раст уыцы ныхæстæ: кæм фесæфтæ кæ, хорз салдат, ныр æнæхъæн мæй куы никуыуал разындтæ, æви фæтарстæ, мыййаг та дын дон куы хæссын кæнон?..

Мæ зæрдæ, æхсырæфсæст родау, ныхъхъылдымтæ кодта: «Мæнмæ дæр раст уыцы цæстæй кæсы, мæ фенд дæр ын афтæ æхцон у!» Цытæ мын дзырдта, уымæ хъусгæ дæр нал кодтон. Ногæй та йæм джихæй кастæн, æдылы мидбылхудт мæ цæсгомыл хъазыд, æмæ митæмбæрзт зæхх цъæх адардта, уалдзæджы тарфау. Ног та зылдтæн йемæ уынгты, æрхæццæ та дæн ме 'нусон балцæй. Уæдæ!.. Куыд æдылы у адæймаджы зæрдæ йе 'взонджы бонты! Куыд ницы йæ хъæуы масты хай фæуынæн дæр æмæ цины фæхуыдуг уæвынæн дæр!..

Чи зоны, бынтондæр ферох уыдаид мæ маст, фæлæ нæ иуахæмы иумæ цæугæ федта не скъолайы чызджытæй иу студенткæ æмæ мын уый фæстæ стыр зæрдиагæй, хæрзгæнæгау, нымайын райдыдта... Уæгъды ма рацу-бацу кæн уыцы чызгимæ. Уымæн йæ уарзон рагæй бæрæг у. Стæй цæрæг мад æмæ фыды иунæг лæппу. Хæсты нæ уыд, фæлæ хорз лæппу у...

Чи æмæ цы хуызæн лæппу у, уый мын ранывв кодта æмæ йæ базыдон, уыцы лæппуйæ дзырдта. Æмæ мын кæд хъыг уыдисты йæ ныхæстæ, уæддæр дзургæ раст кодта: Чи дæн æз, цы ныфсæй цыдтæн Саурæсугъдимæ уынгты?.. Йæ хицæуттæ йæ куы бафарстаиккой, чи дын у, цавæр лæппу у, уæд сын цы хъуамæ загътаид?.. Æрыгон салдат, ис ын иу дæрдджын цинел, иу фæлыст кирзæ цырыхъхъытæ æмæ кусгæ та кæны театры, артгæнæгæй!.. Уый стыр бæллиццаг сиахсаг у! – загътаиккой йын йæ хицæуттæ æмæ хъуыддаг ууыл ахицæн уыдаид. Чи уыдтæн æз? Ничи, кæйдæр

дзæгъæлзад, Къостайы загъдау... Æз уыдтæн хуымæтæджы хъæуон лæппу – куыстмондаг æмæ ахуырмондаг, искуы мæ исты рацæудзæн, уый дæр ницæмæй бæрæг уыд. Æниу мæ цæугæ дæр цы хъуамæ ракодтаид æмæ мæ науæд цы рацыд?.. Хуымæтæджы ахуыргæнæг, адæмы сабиты фæдыл зилын, цыдæртæ сын амонын, фыййауау сæ алыварс зилахар кæнын æмæ дзы кæд исчи ахуыры фæстæ институтмæ бахауы йæхи зондæй, йæхи уды хъаруйæ, уæд уый вæййы ме стырдæр цин... Йæ фыды дзыппы фарнæй чи бахауы, уыдон мæ не 'ндавынц, цыфæнды кæнæнт, уæддæр сæ ницы рацæудзæн, магусайæ цæлуарзаг адæмæй дарддæр...

Уæд та?.. Ницы дæр ницы æмæ æз дæр дыууæ хатты ницы. Фæлæ æз цы кодтаин? Мæ аххос дзы цы уыди?.. Сохъхъыр нæ уыдтæн, къуылых, гоби, сæнтдзæф... Иу ирон лæппу цы вæййы, æз дæр уый уыдтæн æмæ мæм афтæ касти, цыма мæнæн дæр уыди а дунейыл цæрын æмæ уарзыны бар!.. Уый ныхмæ исчи исты куы загътаид, уæд йæ хъуыры фæбадтаин, мæ къух æм систаин... Фæлæ уый ныхмæ ничи уыд, æрмæст уарзынæн бирæ цыдæртæ кæй хъæуы ацы дунейы, уый мын амыдтой, æмæ сын цы хъуамæ загътаин сæ рæстдзинады ныхмæ?.. Ницы!.. Дзагъырдзæстæй сæм кастæн, цыма мын стыр диссæгтæ дзырдтой, стыр рæстдзинæдтæ...

Бæргæ зыдтон уыцы иударон ныхæстæ æз дæр, раст кæй уыдысты, уый дæр рагæй æмбæрстон зондæй, фæлæ мæ зæрдæйы уыдис æндæр рæстдзинад, æмæ мæнмæ уый кастис иууыл стырдæр æмæ иууыл нымаинагдæр хъуыддаг... О, мæнмæ афтæ касти, цыма зæххыл иууыл стырдæр хабар у, мæн Саурæсугъды цæстытæм кæсын кæй фæнды æрвыл уысм, мæ фынты йемæ ныхасы кæй бацæуын, фынæйæ дæр дзы кæй нæ хицæн кæнын, æнæ уый мæм бон дæр талынг æхсæв кæй кæсы... Зыдтон æй, æз хуымæтæджы салдатæй дарддæр кæй ницы дæн. Зыдтон, уый бонджын лæджы иунæг лæппу дæр кæй уарзы, стæй дзæбæх лæппу... Зыдтон уый дæр, æмæ йæ куы курин, уæд йæ бинонтæ худæгæй кæй бакъæцæл уаиккой, ома, дам, кæддæр иу æдылы хæрæг бæхтимæ дугъы фæлвæрдта... Зыдтон уыдæттæ, фæлæ æз куы ницы агуырдтон мæхицæн, æз дæр лæг куы уыдтæн, уæд цæмæн хъуамæ сразы уыдаин уыцы мæнг рæстдзинадыл?.. Уыдон иууылдæр мæнг зонды рæстдзинæдтæ куы сты, уæд сын куыд басастаин?..

Ницы загътон уыцы хæрзгæнæг чызгæн. Худынырдæм аздæх-

тон хъуыддаг, фæлæ мын мæ зæрдæмæ ныккæс, уæд дзы тугуарæны къæвда федтаис, лæппу хи марынмæ цы тыхстæй æрцæуы, раст ахæм, æндæр ницы...

Иуцасдæр та мæхи фæхызтон уыцы æнæхайыры Саурæсугъдæй, фæлæ – «Дæ бонæй уай, зæрдæ, куыд хивæнд дæ, куы!..» Куы та йыл фембæлдтæн уынджы, уæд та мæ зæрдæ нал фæлæууыд æмæ та йæм бацыдтæн, зылдтæн та йемæ, йæ адъютантау, æмæ зæрдæ уыд рухс, дуне райдзаст, адæм рæсугъд æмæ хæлар!.. Нал та уыди зæххыл нæдæр цæрæг æмæ мæгуыр, нæдæр хицау æмæ æлдар лæгтæ, артгæнæг æмæ стыр хицауы куыст мæ цæсты фестадысты ногæй æмсæр, æмбар, æмаив хæрзиуæгхæссæг куыстытæ... Æз ницы домдтон дунейæ, уыдис мын æппæт дæр, æрмæст мын куы ныууагътаикккой уыцы чызджы цæстытæм кæсыны рад æнусы бонмæ, уæд алцæуыл дæр уыдтæн разы... Æмæ хъуыды кодтон: ау, уыцы чысыл хæрзиуæг цы раттинаг у дунейæн дæр æмæ адæмæн дæр, уый мын цæмæн хъуамæ байсой, кæй хъыг дарын уымæй?..

Уыдон уыдысты лæппуйы æдылы сæнттæ, фæлæ уый фæстæдæр базыдтон. Уæд хуызыдæр зонд нæ уыд мæ сæры æмæ уыцы хуыздæр зонд нæдæр исгæ акодтаид мæ зæрдæ. Нæ! Нæ айстаид, ницы хуызы!..

Æмæ, чи зоны, мæн уырныдтаид абонмæ дæр, уæды зонд хорз кæй у, уыцы зондæй рæсугъд фæцæрæн кæй ис, фæлæ мын иу хатт мæ базыртæ ацагътой Саурæсугъды былысчъил ныхæстæ...

Не скъолайы чызджытæй институты чи ахуыр кодта, уыдон мæм иу изæр фæдзырдтой: ацы аз фæуд кæнæм нæ ахуыр æмæ нæ чысыл æмдзæрæндоны хъазтизæр аразæм. кафдзыстæм, зардзыстæм, хынджылæг скъæрдзыстæм, æмæ нæм ды дæр фæзын. Не 'мбæлттæй дарддæр дзы ничи уыдзæн, не 'мцахъæн лæппутæ æмæ чызджытæ. Рацу махмæ, æнæмæнг хъуамæ дæхи хуызæн салдæттимæ искуы сæнæй ныкъкъупри уай?.. Науæд уыдон дæр ракæн демæ. Мах чындздзон чызджытæ стæм æмæ дзы, чи зоны, исчи искæй зæрдæмæ фæцæуа...

Бацыдтæн, уæдæ цы... Уыдис дзы, æфсадæй чи æрыздæхт, ахæм æвзонг фæсивæд дæр. Кафыдыстæм, хъазыдыстæм, нæхи ирхæфстам. Æз ма сын театры артистты дæр фæзмыдтон, кæддæр фæзмынмæ рæвдз уыдтæн, стæй скъолайы театры актер, цы фæзмын хъуыди æвзæр актерты, стæй хорз актерты дæр. Фæзмæг маймулийæ уæлдай нæу: цас фыдуынддæр хуызы бавдисай искæй,

уыйас фылдæр фæхудын кæндзынæ адæмы. Æмæ æз дæр мæхиуыл нæ ауæрстон, кæдмæ ма мæ хъуыдис мæ къæдз æвзаг æмæ мæ арæхст! Уæлдайдæр, Саурæсугъд уым уыдис, æмæ æз æппæт дæр уый зæрдæ барухс кæныны тыххæй кодтон. Уый йæхæдæг дæр хъазынмæ уа, кафынмæ кæнæ дзырдмæ дзырд арынмæ, диссаг уыд æмæ чызджыты цырв уыцы изæр уый уыди. Мæнмæ ме 'дылы зондæй афтæ касти, цыма уый дæр мæн тыххæй афтæ хъæлдзæг у, фæнды йæ, цæмæй адæмы зæрдæмæ фæцæуон æмæ йын афтæ мачи дзура, уыцы æнæхафт салдатимæ та цы хъеллау кæныс... Афтæ мæм касти, цыма нæ дыууæ дæр утæппæт фæсивæды раз хъуамæ равдисæм, мах раст кæй стæм æмæ нын иумæ уынгты зилыны бар кæй ис, æвзæр кæй не стæм æмæ æвзæрæй кæй ницы аразæм, хъуамæ сæ сразы кæнæм, уыцы бар нæм кæй хауы ацы дунейы хæрзтæй, ууыл.

Афтæ мæм дзырдта мæ рухс зæрдæ æмæ агуырдтон, мæхи цæмæй равдисон, уый. Саурæсугъд къæмдзæстыг куыд нæ уа йе 'мбал чызджыты раз, куыд ын дзурой сом хицæнæй, йæ бызгъуыр салдат æвзæр лæппу кæй нæу, цыдæр хорзы ад кæй кæны, кæд рæсугъд æмæ хъал нæу, уæддæр.

Иуахæмы чидæр зарын райдыдта чызджытæй фæндыримæ. Æз дæр æм мæхи баластон æмæ, æцæг, аив рауад нæ зард иумæ. Хъæууон сагъæссайы куплеттæ, рагæй сæ зыдтон, скъолайы нæ чызджытимæ бирæ фæзарыдтæн ахæм изæрты. Чызг дæр къæйных æмæ фыдбылызы дзырдарæхст разынд, уайтагъд нын нæ бындз атæхын кодта, салдат лæппутæн...

*Салдат, афицер, дæхи ма ма стау*
*Дæ бур пъагæттæй, гъей!..*
*Гъе-ей, рæвдздæр ма ракаф*
*Зылын-мылынтæ,*
*Лæппу ма кæд дæ, гъей!..*

Мах кой кæй кæны, уый бæрæг уыд, æмæ йæм æз дæр дзырдæппарæн бакодтон, уæдæ цы:

*Нанайы хъал чызг,*
*Нымайы алцы*
*Салдаты фаутæй, гъей!*
*Салдат мæгуыр у,*
*Йæ дзырд йæ хъуыры*
*Фæбады уайтагъд, гъей!..*

*Хур ыл куыд кæса,*
*Чи йын æрвæсса*
*Йæ маст, йæ циныл, гъей?..*
*Йæ ном æгад у,*
*Йæ уд фæллад у,*
*Зæронд – йæ цинел, гъей!..*

Чызг бамбæрста, салдæтты номæй уайдзæф кæй кæнын мæ хъазæн ныхæсты æмæ, мыййаг, æнкъард ныхæстæм куы асайа нæ дзырдæппарæн. Уайтагъд йæ зарын фæуагъта æмæ фæхъæр кодта: «Тымбыл кафт! Æз æмæ зараг салдатæн! А-чызг ын йæ цинел кæрцвæлдæхт фæкæндзæн!..»

Ракафыдыстæм, уæдæ цы, æмæ æцæг Хуыцауы къах æргæвдæг разынд кафынмæ. Чысыл ма бахъæуа, сæгълæуд ныккæнон хъазты астæу, мæ хид мæ къудистæгæй акалд, мæ къахы ныхтæй дæр хид мизын райдыдта...

Бирæ нын фемдзæгъд кодтой, стæй нæ ныууагътой, фæлæ уæдмæ лæппутæн ирон зарæг бацайдагъ. Байхъуыстой зарынмæ чызджытæ, фæлæ сæ иу афтæ бакодта: «Уыдон зæронд зарджытæ сты, ног зарæг ма исты акæнут, науæд бабушкæтæ æмæ дедушкæты зарджытыл цы багуыбыр стæм! Æндæр ницы зонынц нæ лæппутæ дæр?...»

Райдыдтой цыдæр ног зарджытæ кæнын, фылдæр хæсты тыххæй, фронты лирикæ уæд йæ тæккæ кады тæмæны уыди. Æз хъуыстон æмæ хъырныдтон. Нæ мæм уыд зарыны фæнд, иунæгæй зарын та бынтон дæр нæ уæндыдтæн никуы. Фæлæ мæ уыцы хæйрæг чызг нал ныууагъта. Ранымадта: «Ацы салдатыл кафынæй рæстмæ нæ фæтых дæн æмæ йæ ныр хъуамæ зарынæй дæр бафæлварон...» Цы фæлваринаг уыдтæн, нæ уарзтон иунæгæй зарын, никуы бафæлвæрдтон адæмы раз, мæхицæн-иу цы хъуыр-хъуыр кодтон мæ тыхсты сахат, æндæр. Фæлæ чызг азарыд уырыссагау «Бьется в тесной печурке огонь» æмæ йæ уæлвæд мæнмæ радта рады бар. Ныгъуылдтытæгæнгæ растадтæн æмæ мæ цæсты тигъæй ауыдтон Саурæсугъды. Йæ сасиры зылды йас цæстытæй мæм цыма фарæты рухс ныддардта, уыйау фæдæн æмæ мæ миднымæр загътон: æз зардзынæн дæуæн, æрмæст дæуæн, æмæ кæд дæ зæрдæмæ фæцæуа, уæд хорз, уæд мæ мæлæты бонмæ цæудзынæн дæ фæдыл, дæ адъютантау, кæд нæ, уæд а дунейыл мæ балц нæ фæрæстмæ æмæ дымды фод мæ цард дæр æмæ мæ зарæг дæр...

Æз райдыдтон зарын ныллæг хъæлæсæй «Талынг æхсæв». Мæ уæнгтæ рызтысты, мæ зæрдæ ниуæгау кодта æмæ хъæлæс йæхи комарынгыл хоста, афтæмæй дзырдта Саурæсугъдимæ, ацы фæсивæдимæ, дунеимæ. Ранымадтон зарæджы уырыссаг ныхæстæ, стæй ма сыл фæстагмæ бафтыдтон мæхи æрымысгæ стихтæ дæр:

*Талынг æхсæв...*
*Арвæй стъалытæ джихæй кæсынц...*
*Уæлæ мигъвæлмы хæхтæ хуыссынц,*
*Зæххыл басабыр алцы...*
*Талынг æхсæв...*
*Ма тæрс, бон дыл кæндзæни фæрнæй,*
*Гъемæ ирвæзт уыдзынæ мæнæй, –*
*Æз æнусмæ дæн балцы...*

Чызджыты зæрдæмæ фæцыди мæ зарæг кæнæ та æфсонæн афтæ кодтой, фæлæ се 'мдзæгъд зæрдиагæй уыди. Чи та дзы хъæр кодта, ноджы ма азар, салдат!.. Уалынмæ райхъуыст Саурæсугъды уайдзæф. Ныллæг хъæлæсæй дзырдта, фæлæ йæ æз фехъуыстон: «Цæй, уæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл цы хойут, уымæй Бернес бирæ хуыздæр зары...»

Цыма мын исчи мæ зæрдæйыл их доны бедра ауагъта, уыйау фæдæн. Ау, æз уымæн куы зарыдтæн, уæд æй нæ бамбæрста?.. Зарæг зæрдæйæ æмбаргæ у. Иугæр æй нæ бамбæрста, уæд йæ зæрдæ æндæр кæмдæр и, æз æй не 'ндавын!.. Куыдта, хъæрзыдта мæ зæрдæ æмæ хъуамæ æвиппайды ралыгъдаин, фæлæ мæм худинаг фæкаст. Стæй Бернесы хуызæн нæ зарын, уый дæр цас æфхæрд хъуамæ уыдаид искæй цæсты? Чи зоны, ма йæ æппæлæн ныхасмæ дæр айстой чызджытæ: ома дзы уæдæ æндæр куыд раппæла? Иугæр Бернесæй чысыл æвзæрдæр зары, уæд уый æцæг зарæггæнæг у. Бернес – номдзыд артист, уый хуызæн æй куыд хъуамæ схуыдтаид!..

Чи хъуамæ бамбæрстаид, æз уымæн кæй зарыдтæн, иунæг уымæн. Артист алкæмæн зары, адæмæн се 'ппæтæн, æз та æрмæст уымæн зарыдтæн. Мæнæн мæ зæрдæ зарыд, хъæлæс ахæм рæстæджы ницы давы, æмæ йæ уый нæ бамбæрста!.. Фæлтау æппындæр куы ницы загътаид, уæд нымадтаин – йæ цæсгом нæ бахъæцыд æмæ уымæн ницы сдзырдта йæ дзыхæй. Уæд ын æз мæхæдæг æрымысыдаин исты æфсæнттæ, мæ цæсты йæ чи сраст кодтаид, ахæмтæ. Фæлæ нырæппæт дæр ахицæн.

Мæ зарæг нæ, мæ зæрдæ нæ фæцыд йæ зæрдæмæ, æз æй не 'ндавын, æз ын ницы æмæ ничи дæн!.. Фæци!

Чысыл ма абадтæн, мæхи афтæ дардтон, цыма æппындæр ницы æрцыд, кæд мæ зæрдæ цыдæр æвидигæ мætæй лæбырди, уæддæр. Фæсивæд та кафыныл куы фесты, уæд æз мæхи расайдтон æмæ рафардæг дæн уынгмæ. Ныр уынг уыди мæ тæргайы бынат дæр, мæ рæвдауæг дæр, мæ маст уадзæн дæр. Хæдзар мæнæн нæ уыд, мæ удмæ æввахс хицон иннæ ахæм. Уæдæ кæдæм фæцыдаин?.. Мæ салдат æмбæлтты хъазты ныууагътон, стæй сын мæ зæрдæбын ныхас дæр нæ ракодтаин. Никæимæ фæндыд мæн Саурæсугъды кой кæнын. Искæй дзыхы радавинаг мын нæ уыд. Æрмæст уымæн дзырдтон æмæ зарыдтæн мæ сагъæстæ... Æмæ та зылдтæн уынгты суанг æрдæгæхсæвмæ... Ныр мыл æцæг ныккодта «Талынг æхсæв...» Ныр мæм æцæг касти афтæ, цыма æнусмæ дæн балцы. Æнæхæдзар, иунæг!..

Бацæуæндон мын уыд, æцæг. Ме 'мбал артгæнæджы фæрцы, уый хæлар лæг кæй уыд, уый руаджы. Фæлæ уым дæр уæддæр уазæг уыдтæн. Чи йын дæн, цæмæн мыл хъуамæ тыхса?.. Истæуыл мæм куы фæхъыг уа, кæнæ йæхи куы бахъæуа уыцы уынгæг къуым, уæд хъуамæ рафардæг уон уынгмæ.

Афтæ уыд мæ фадат æмæ йæ зыдтон, мæхицæн митæй мæсгуытæ цы амадтаин?.. Кæй дзы сайдтон? Хуыздæр амал мын исты куы уыдаид, уæд æз бæргæ нæ бахъыгдардтаин уыцы Хуыцауы сконд лæджы, фæлæ ницы зыдтон мæ иунæг сæрæн æмæ уал быхстон, искæй къуымы ныгъуылдтытæгæнгæ фæцардтæн æнæхъæн афæдз... Стыр хорзы мын бацыд æмæ дзы абон дæр бузныг дæн. Йæ хорз та йын рох никуы фæкæндзынæн...

Дыккаг райсом та райдыдтон мæ куыст. Ныр сфæнд кодтон мæ улæфты бон иууылдæр чингуыты уæлхъус лæууын. Экзаментæм цæттæ кæнын. Стæй канд экзаментыл дæр нæ уыди хъуыддаг. Хæсты азты мæн чингуытæ кæсынмæ не 'вдæлди. Цы зыдтон, уый мæ нæ ферох, фæлæ уый бамбæрстон, цы зыдтон, уый æрмæст гæзæмæ цыдæр кæй у, бирæ цыдæртæ зонын мæ кæй хъæуы. Зæххыл мин-мин хорз чиныджы кæй ис, æз сæ кой дæр кæмæн нæ фехъуыстон, ахæмтæ. Уыдон бакæсын æмæ базонын хъæуы. Кæд ма мын уыдзæн ахæм фадат?.. Мæнæ алы дыууæ бонæй дæр иу мæ бар у, цы мæ бафæнда, уый кæндзынæн.

Æмæ йæ нозт æмæ хынджылæгыл цæмæн хардз кæнон. Куы ницы зонын, салдатæй мæ куы тонынц, уæд салдат кæмæй фыддæр у, чингуытæ цæуылнæ хъуамæ зона?.. А дунейыл мын ницы ис, мæ цъæх цинел æмæ мæ удæй дарддæр, фæлæ исты та цæуылнæ хъуамæ зонон, уый дæр мын искæй аххос у? Уый дæр фыдæлтæй баззайгæ хæзна у, мыййаг?.. Уый аргæ хæзна куы у, уæд æй исчи мæнæй хуыздæр цæмæн хъуамæ зона, фылдæр дзы цæмæн ссара? Æви æз кæсын æмæ æмбарынхъом нæ дæн, æви сæфтдзаг дæн, къуымых æмæ къуырма?..»

Нæ дæн, æмæ мæхи барæй цы фауон, цæмæн? Зивæджы фæдыл, цæмæй мын ноздзуан кæнынæн æмæ дзæгъæлы джеттыра кæнынæн æфсон фæуа, æви?.. Нæ, уый мæ нæ фæнды. Æз мæ мæгуыры бон хорз зонын, фæлæ удæй мæгуыр цæмæн хъуамæ уон. Мæ бон цас у базонын, уый бæрц хъуамæ зонон, сахуыр уон. Мæ зивæджы тыххæй мыл удæй мæгуыры бон куыннæ 'ркæна...

Афтæ нымадтон мæ хъæстытæ æмæ сфæнд кодтон, уыцы бонæй фæстæмæ артгæнæны дæр чингуытæ кæсын, рæстæг мын куы фæвæййы, уæд. Рæстæг та мын дзы уыдис. Арт-иу куы стынг, уæд æм хъус дарын йеддæммæ ницы хъуыд. Æз дæр-иу йæ фарсмæ бадтæн, арахъуадзæг ус цуайнаджы фарсмæ куыд фæбады, афтæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæ асгар-асгар кодтон, асхъаудтон та-иу æй, куы-иу æрныллæг, уæд та-иу æй бацырд кодтон. Æхсæнмæ-æхсæнты та мæ цæст чиныгыл хастон. Мæ цинелы риуыл мидæгæй иу дзыпгонд бахуыдтон æмæ дзы иу фыссæн чиныггонд хастон. Исты-иу куы 'рбалæууыд мæ зæрдыл, уæд-иу æй уым фæнысан кодтон: куы стихы гæбаз, ме 'мбæлттæн худыны хос чи фæуыдаид, ахæм фауæн кæнæ хъæлдзæг ныхæстæ, науæд та, цы чингуытæ кастæн, уыдонæй фыстон, мæ зæрдæмæ-иу дзы чи фæцыд, ахæм цыргъ ныхæстæ, йе та рæсугъд хъуыдытæ, æз фыццаг хатт кæй хъуыстон, ахæмтæ. Чи зоны, сæ исчи рагæй зыдта æмæ йæм диссаг нæ фæкастаиккой, фæлæ сыл æз фыццаг хатт æмбæлттæн æмæ искæй зæрдæмæ фæцыдаиккой æви нæ, уый мæ æппындæр не 'ндæвта...

Уыцы бонæй фæстæмæ ме 'мгæрттæй дæр никæй тæфтыл ацыдтæн, мæхи хæдзары бадæг скодтон. Мартъийы мæй уыд, хъарм рæстæг ахаста æмæ мæ чысыл къуымы бон уазал нæ уыд. Бадтæн æмæ мæхицæн чингуытæ кастæн, цыдæртæ хъулæттæ

кодтон. Фидар сфæнд кодтон, сæрды сессийы фыццаг курсы экзаментæ æмæ дыккаг курсы уæттæй дæр иу цалдæр предметы хъуамæ раттон. Институты проректор йæхæдæг дæр хæсты инвалид уыд æмæ нын бар радта, цас уæ бон у, уыйбæрц уæ экзаментæ дæттут, цæмæй тагъддæр фæуат уæ ахуыр, сывæллæттæ нал стут æмæ цæрæнбонты скъоладзаутæ нæ уыдзыстут...

Иу мæй мыл афтæмæй ацыд. Апрелы райдиан æрхæццæ, фæлæ мæ иу удгоймаг дæр нæ бацагуырдта: цы фæдæн, цы мыл æрцыд?.. Мæ хæрзгæнæг чызджытæ дæр кæмдæр сæхи кой кодтой, æз сæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыдтæн. Салдæттæй дæр мæ ничи бацагуырдта. Æмбæлгæ дæр дзы никæуыл кодтон. Бон æддæмæ нæ цыдтæн, мæ дзулы карточкæтæ дæр фысымы усмæ радтон æмæ-иу мын уый райста, цы дзулы кæрдих мæм æмбæлд, уый. Æхсæв та-иу фæрсаг уынгты зылдтæн, рухс кæм нæ уыд, ахæмты, куыд никæуыл æмбæлдаин, куыд ничи мæ базыдтаид талынджы...

Апрелы райдианы хъарм бонтæ скодта, горæты миты къуыбар рагæй нал уыд, зæхх сулæфыд, алчи йæ цæхæрадоны куыстытыл сси. Æз та сæрибар лæг уыдтæн æмæ загътон мæ фысымæн: дæ хæдзары митæ кæн, пецы арт мæ быгъдуан фод. Уымæн ма хъæуы дæр уыди сæндоны гæппæл æмæ йæ къухтæм æмхасæнтæ кодта, арт кæнын та бирæ нал хъуыд. Апрелы æмбисыл хъуамæ ахицæн уыдаид артгæнæн заман. Æцæг нын нæ мызд æнæхъæн мæйæн фыстой æмæ хъуамæ арт кодтаиккам, цалынмæ ма нæм æвзалы уыд, уæдмæ. Фæлæ дзы æвзалы дæр уый бæрц нал уыд, стæй ахæм хъарм рæстæджытæ скодта, æмæ ма-иу райсом цы баарт кодтон, æндæр мæ ницыуал домдтой театры хицæуттæ. Бирæ куыст нæ уыд æмæ йæ иууылдæр мæхимæ райстон. Ноджы мын театры директор фидар ныфс бавæрдта, апрелы кæрон дæ сценæйы кусæгæй райсдзынæн, куы бахъæуай, уæд-иу массовкæйы дæр уыдзынæ. Æмæ дæ мызд цæудзæн. Цы ма мæ хъуыди æндæр æмæ æз дæр мæхи æвдыстон, æнæзивæг æмæ арæхстджын кусæг кæй дæн, уый сæ цæмæй бауырныдтаид... Артгæнæнæй æддæмæ дæр нал цыдтæн. Хур бон-иу æцæг рацыдтæн дуармæ æмæ-иу сбадтæн ныккæндмæ ныххизæн асины сæр æмæ уым мæхицæн чингуытæ кастæн.

Иуахæмы мæ хъустыл ауади хæфсы уасын, иунæг хæфсы уасын бон-сихорафон. Диссаг мæм фæкаст, афтæ раджы хæфс

куыд райхъал, стæй цæуыл уасы? Æви тæрсгæ кæны, æхсæвы ирдгæйы та куы ныссæла, куы та бафынæй уа, уымæй?..

Мæ чиныг бандоныл æрæвæрдтон æмæ, хæфсы уаст кæцæй цыд, уырдæм араст дæн. Иу чысыл цад, митдоны малы цур бадти лæппын хæфс æмæ стæм хатт тæригъæддаджы уаст кодта, æниу, чи зоны, мæнмæ афтæ фæкасти, æндæра фырцинæй уасыд, мæнæ та уалдзæг æрцыди, зæгъгæ...

Суры йæ кæй федтон, уый мын хъыг уыди. Кæддæр мын мæ мад амыдта: хæфс фыццаг хатт суры цы аз фенай, уыцы æз нæ хъуццытæ æхсыр цъус кæндзысты. Кæд æй доны малы фенай, уæд та æхсырджын аз уыдзæн... Ныр хъуыды кодтон: уый цух ма сты мæ мад æмæ мæ фыд, иунæг хъуг ма сын баззад æмæ ма уый дæр æхсыр куынæ кæна, уæд сыл æцæг мæгуыры бон куы 'ркодта... Æниу æз цы давын ам? Æз мæнæ горæты цæрæг дæн, мæнæн мæ хъуццытæ асфальтыл хизынц æмæ æхсыр куынæ 'ркæной, уæддæр сын ницы у... Мæхицæн ахæм ныфсытæ авæрдтон, фæлæ уæддæр хæфсы систон æмæ йæ фæстæмæ малы арфмæ баппæрстон: уым зар, цас дæ фæнды, уыйас, сурмæ дæ ницы хъуыддаг ис, уым дæ куыд ничи фена, афтæ бакæн, науæд дæу тыххæй адæм æнæхсыр куы баззайой, уæд æлгъыстаг кæныс, гауыр цыдæр!..

Хæфс фæхъус исдугмæ, стæй та ныууасыд. Уæддæр та сурмæ рахызт æмæ йæ рацахстон, зæгъын, кæд дæ доны малы нал фæнды цæрын, кæд иунæгæй схъыг дæ, уæд цом æмæ мемæ цæр дæлæ артгæнæны. Уым ис уымæл къуым æмæ уым бад, куы схъыг уай, уæд та дæ рауадздзынæн æмæ доны дæхи нынна̀й, гормон, æндæр дын цы саразон...

Афтæмæй цæрын райдыдтам хæфс æмæ æз, хæфс æмæ салдат. Æниу, æз æнæхæдзар салдат кæй уыдтæн, уымæн хæфс цы зыдта, фæлæ уæддæр æцæг афтæ уыд – театры артгæнæны иу уымæл къуымы цардысты æмæ ныхæстæ кодтой иунæг хæфс, йе 'мбæлттæй раздæр чи райхъал, уый æмæ иунæг салдат, йе 'мгæрттæй чи фæхицæн, Саурæсугъдмæ тæргай чи уыд, йæ зæрдæмæ кæй нæ фæцыди, уый охыл, ахæм салдат. Цардысты æмæ ныхæстæ кодтой, сæ иунæджы хабæрттæ дзырдтой кæрæдзийæн... Дзургæ, æцæг, дыууæйы бæсты дæр салдат кодта, фæлæ цыма дыууæ лæджы уыдысты, уыйау салдаты хъæстытæ æмæ иунæг хæфсы сагъæстæ кæрæдзи ивтой.

Ныр цы уынгæджы фæдæ, цæмæн растадтæ де 'мбал хæфсы-

ты разæй?.. Нæ йæ зоныс, гормон, иунæгæй ацы дунейы куыд зын у, уый?.. Дæ зæрдыл не ‘рлæууыд?.. Æмæ йæ уæдæ бавзар, мæ лымæн лæг. Кæд ма дæ искуы дыккаг хатт ферох уа!.. Нал дæ ферох уыдзæн?.. Мæнæй ма, иунæгæй цæр зæххыл, мæнузæгъæг дын ма уæд, афтæмæй, иу дæхи хуызæнимæ ма аныхас кæн, афтæмæй, цыма дунейæ хъодыгонд дæ, афтæмæй, уый æнцон у?.. Бæгуыдæр нæу. Æз æй, мæ хуры чысыл, æвзарын æмæ йæ базыдтон: уый тынг зын у, Хуыцау ма зæгъæд ахæм хуызы бирæ фæцæрын... Дæуæн ма уæддæр ницы у, лæппыз, мæнæ дын Хуыцау мæ хуызы хæрзгæнæг рарвыста æмæ цæр, ныхæстæ кæн, уымæл къуымы, куы бафæллайай, уæд фынæй здух. Фæлæ дæ уый зæрдæ ма фæсайæд. Дыккаг хатт ма афтæ куы бакæнай, æнафоны куы растай дæ зымæджы хуыссæнæй, уæд цы бæрæг и, чи дыл фембæлдзæн?.. Суры куы рахау-бахау кæнай, уæд дыл кæнæ машинæйы цалх атулдзæн, кæнæ искæй цырыхъхъы бын фæуыдзынæ, æмæ дæ балгъитæг афтæ... Дæ уд ма куы аирвæза, уæддæр хæфсæн нал сбæздзынæ, фæсмонгонд фæуыдзынæ...

Афтæ у, хорз хæфс, а дунейыл иунæгæй, æнæмæнузæгъæгæй цæрæн ницыхуызы ис. Дæ иунæг сæры къоппа, чи зоны, цæра, къæбæр хæрынæн уай, фæлæ уый цард нæу, уымæй мæлæт хуыздæр у. Дæ сæр куы никæй хъæуа, дæ бон хорзы бацæуын куы никæмæн уа, дæуæн исты хæрзиуæг ракæнын куы никæй æндава, уæд уый цæй цард у?..

Уыныс, æз ныр иу мæй ам ныккæнды цæрын æмæ мæ куыдзы хъуыды дæр ничи кæны. Афтæмæй æз дæуау адæмы разæй нæ растадтæн а дунемæ. Мæ хуызæн салдæттæ зæххыл бирæ ис, фæлæ сæ æз не ‘ндавын. Цалынмæ æфсады уыдыстæм, хæцæны рахау-бахау кодтам дæлсыджыт-уæлсыджыт, уæдмæ æфсымæртау цардыстæм, мæлæты раз дæр æфсымæртæ уыдыстæм. Нæ кæрæдзи сæрыл мæрдтæм цыдыстæм, фæлæ ныр алчи йæхи сæры кой кæны, йе ‘мсалдæттæм æй нал æвдæлы... Уый хорз нæу, мæ лымæн... Уый æвзæр у, тынг æвзæр... Фæлæ цы кæнон, цы мæ бон у? Æз сæ кæм раивдзынæн?.. Стæй мæхæдæг дæр ахæм дæн. Кæсыс, æз дæр кæмæндæр мæхи буц кæнын, уый хорз у?.. Кæйдæр фæрныг чызджы тыххæй ме ‘мгæртты дæр рохуаты ныууагътон... Уый æдылы ми у, хорз хæфс... Æмæ йæ æрмæст дæ хабармæ гæсгæ æрымысыдтæн, бузныг!.. Мæнæ ды нæ уыдтæ, уæд ма афонмæ дæр мæхи раст æнхъæлин.

Æцæг, ды тæрсгæ ма кæн. Ныр де 'мбал хæфсытæ дæр тагъд растдзысты æмæ уæд иумæ ленчытæ кæндзыстут, кæм цы хуыздæр малты, уарыны цадты, цæхæрадæтты уымæл бынæтты... Æмæ-иу хæларæй цæрут, зарут уæхицæн. Иу дæхи хуызæн хъоппæгцæст чызг хæфс ссар æмæ уыимæ зарджытæ кæн...

Дæуæн циу, мæ хур, – сымахмæ цæрæг хæфсытæ æмæ цыбыркъух хæфсытæ нæй. Уæ дон дæр иумæйаг æмæ уæ бон дæр. Хæфсау хæфс куы уай, уæд дæ æндæр ничи ницæмæй бафаудзæн, нæдæр салдат уыдзынæ, нæдæр инæлар. Æмæ цæр, зар, ленчытæ кæн доны малы, дæлдæр фæбад дын ничи зæгъдзæн. Махмæ афтæ нæу, æфсымæр. Махмæ фæндæй цæрын хъæуы, алкæмæ дæр æндæр æмæ æндæр фæндтæ и, æмæ сæ алчидæр, куыд арæхсы æмæ йын куыд æнцондæр у, афтæ кæны. Искæмæн æвзæр у æви хорз, искæй бахъыгдардзынæ æви нæ, дæ фæнд кæнгæйæ, уый ницы давы... Æз ууыл разы нæ дæн. Мæн искæй хардзæй ницы хъæуы. Фæлæ мæн чи фæрсы, стæй мæ фæндон цы мары дунейы царды?.. Адæм нымайынц: сæрæн чи у, уый цæры цыфæнды зын фадаты дæр, иннæ æгуыдзæг у, æмæ йæ царвы къæртайы куы ныббарай, уæддæр сыдæй амæлдзæн... Афтæ гъе, хорз хæфс... Æз ома æнæсæрæн дæн?.. Уæд цы уæлдай?.. Æви мæнæ ацы артгæнæн царвы къæрта у? Дæхæдæг æй уыныс, ам, ацы уымæл ныккæнды царвæй ницы ис. Æвзалыйы рыг æмæ дзы фæнычы тæфæй дарддæр ницы ратондзынæ. Уый бæллиццаг кæмæ кæсы, уый йæм æрбацæуæд мæ бæсты æмæ йын æз стæй йæ сæрæн фендзынæн. Науæд хъарм къухы ныхæстæ æнцон кæнæн сты, фæлæ сæ рæстдзинадæй иу мур дæр нæ вæййы...

Афтæ у, æфсымæр...

Цæй, хорз, ды уал уæртæ дæ малмæ уайгæ кæн, æз та истытæ акæсон. Мæн, дæуæй хъауджыдæр, экзаментæ дæттын хъæуы, хорз хæфс. Дæуæн æнцондæр цæрæн у. Дзынгатæ ахс, ленчытæ кæн æмæ æнхъæлмæ кæс, кæд райхъал уыдзысты де 'фсымæртæ æмæ дæ хотæ... Зын дын у иунæгæй уыдон æрцыдмæ, фæлæ уый абонæй соммæ хъуыддаг у. Стæй дæ хъул сах абаддзæн. Æз та, æфсымæр, хъуамæ чингуытæ кæсон, истытæ базонон, экзаментæ раттон æмæ стæй дзæбæхдæр куыстыл фæхæст уон, æндæра ацы артгæнæны æвзалыйы кæри раууилбауулæй цард не скъобор кæндзыстæм æз æмæ ды... Ничидæр мемæ зарынмыл сразы уыдзæн, ам вæййын, уый куы базона, уæд.

Афтæ у, хорз хæфс, фæлæ цæугæ, æз дæр акусон. Фендзыстæм, кæд, чидæртæ куыд æнхъæлынц, афтæ æнæсæрæн нæ разынин. Бонтæ нырма мыстытæ нæ бахордтой. Багъæцæнт, кæд æз дæр искуы къæдзæхы сæрæй разарин мæ фыййауы зарджытæ. Фендзыстæм, кæддæра чи хуыздæр зарид...

Цæугæ дæ малмæ, нал мæ æвдæлы, пецмæ дæр бакæсын хъæуы...

Афтæ æрвыстон мæ бонтæ, Саурæсугъд мæ цыма рох дæр фæци, афтæ мæм касти, фæлæ уымæй мæхи сайдтон, æндæр ницы. Иуахæмы райсомæй арт куы скодтон, пец дзæбæх куы стæвд, æхсидгæ доны тæф хæтæлтæ зынг куы фестын кодта, уæд æддæмæ рацыдтæн. Бæстыл хур атылди, дунейыл цин æмæ райдзаст бафтыд, сырддонцъиутæ загъд-замана кодтой, тыннывæндæгау систой зæххæй къæлиутæм, къæлиутæй зæхмæ. Мæ зæрдæ барухс мæнæн дæр. Загътон, ныр пецы арт кæнын нал бахъæудзæн абон. Мæнæ хъарм доны бедра рауадздзынæн кранæй, мæ къахтухæнтæ ныхсдзынæн æмæ куы ссур уой, уæд далæ парчы иу бæласы бынмæ адымдзынæн æмæ уым мæ зæрдæйы дзæбæхæн фæцахуыр кæндзынæн. Стæй изæры бæрæг уыдзæни, кæм мын æрвитгæ у мæ рæстæг хуры ныгуылдæй фæсахсæвæртæм.

Артгæнæны раз сыджыт хъарм уыд æмæ бæгъæввадæй рацыдтæн. Чысылæй фæстæмæ бирæ уарзтон бæгъæввадæй цæуын хъарм сыджытыл, уæлдайдæр гутоны фæстæ, ног конд хуымы хуычъытæ уидзгæйæ, кæнæ сæрды уæлыгæсæй сæрвæты. Бадтæн бæгъæввадæй ныккæндмæ ныххизæны, асины сæр, æмæ чиныг кастæн. Кæцæйдæр та мæм æргæпп-гæпп кодта мæ иунæг хæфс дæр æмæ мын йæ уазал мукъуйæ фæцагай-фæцагай кодта мæ къахы кæстæр æнгуылдз. Æвæццæгæн мæ мæстæй мардта, ома ды дæр ныр мæ хуызæн бæгъæввад лæг дæ, цом æмæ нæхи нынннайæм цады, кæнæ та йæ мемæ ныхас кæнын фæндыди æмæ йæм æз та мæ хъус нæ дардтон, нæ мæ 'вдæлди мæ чиныгæй...

Кæсыныл фæдæн, æмæ мæ уæлхъус чидæр кæй æрбалæууыд, æдзынæг мæм кæй кæсы, уый дæр нæ фæхатыдтон. Фæлæ иу рæстæджы чиныгæй мæ цæст фæиртæст æмæ уынын: мæ уæлхъус лæууынц Саурæсугъд æмæ иу æнæзонгæ чызг, цымыдисæй мæм кæсынц æмæ æнæсымæй худынц... Цæуыл худтысты, уымæн ницы базыдтон, фæлæ мæм æвиппайды афтæ фæкаст, цыма мæныл худынц. Бызгъуыр салдат лæппу бады

бæгъæввадæй, йæ бур хæдон æмæ хæлафы хуыз сивта, æцæг хæдоны æфцæгготыл ног урс хæцъил хуыд ис, фæлæ уый цы давы, уый, йæ хицау сæмпъæрчъи кæй нæу, æрмæст уый нысан у. Æнæуый та – гæвзыччы гакк бæрæгæй зыны салдатыл...

Хъыг мын уыд, афтæ æгуыдзæгæй мæ кæй æрбаййæфтой, уый. Мæ мæгуыр мын сæхи цæстæй кæй федтой, уый. Артгæнæгæй дарддæр кæй ницы дæн, уый кæй базыдтой, уый. Æниу æй æз æмбæхсгæ никуы кодтон, фæлæ мæ фæрсæг нæ уыд æмæ цы кодтаин, уынгты хъæргæнгæ цыдаин: æз артгæнæг дæн, æз артгæнæг дæн театры ныккæнды!..

Фефсæрмы дæн, мæ цæсгом, æвæццæгæн, ныссырх, цыма мæ исты чъизи хъуыддаг аразгæ æрбаййæфтой, уыйау фæдæн, фæлæ ма цы кодтаин?..

Фестадтæн æмæ сын хъуамæ «æгас цæут» загътаин, фæлæ Саурæсугъды цæстытæм куы фемдзаст дæн, уæд та ме 'взаг мæ комы ныххауд, дзурын мæ бон нал уыд, мæ маст æрбайрох æмæ ма йæм, тарст тæрхъусау, дзагъырдзастæй æмæ æгомыгæй кастæн. Йæ мидбылты худтмæ æз дæр худæгау бакодтон æнæсымæй æмæ ныдждждих дæн...

Чызг æй бамбæрста: хорз нæу искæй цур æм афтæ æдзынæг кæй кæсын. Исчи цæмæн хъуамæ зона, æз æм цы зæрдæ дарын, уый, æмæ йæхи фæуайдзæфгæнæг кодта:

– Хорз салдат, «æгас цæуат» нын уæддæр зæгъ, не 'рбацыд дын уыйас хъыг уыд æмæ нæ æнæдзургæйæ суринаг дæ?

– Æрбадут, уæ хорзæхæй, – бакодтон тыхстæй. – Мæнæ бандон, не 'ппæты фаг дæр у, стæй хурварс у, дзæбæх ран, уæ зæрдæмæ нæ цæуы? – хъавыдтæн хъæлдзæг, дзырдарæхст лæппуйы равджы бацæуын, фæлæ мын не 'нтысти. Æцæг, бандон уæрæх уыди. Фæйнæг дыууæ стыр дурыл æрæвæрдтон, æмæ йыл фондз лæджы дæр бацыдаид.

Чызджытæ æрбадтысты æмæ мæ уæд Саурæсугъд афарста:

– Кæм фесæфтæ, нæ дуджы стыр салдат, æнæхъæн мæй куы никуыуал зыныс? Уыцы изæр дæм исты хъыг фæкаст, æви мах дæ зæрдæмæ нæ фæцыдыстæм? – дзуры æмæ йæ мидбылты хин худт кæны, ома мах дæ зæрдæмæ нæ фæцыдыстæм, уый гæды ныхас у, фæлæ цы уыди æцæгæй, уый радзур.

Хъыг мæм фæкаст ахæм ныхасы уаг, цыма уыдонмæ ницы фау æрхæссæн ис, фаутæ иууылдæр салдæттырдыгæй сты, афтæ цыди хъуыддаг. Ноджы – кæм фесæфтæ!.. Æмæ цæмæй

фесæфтæн? Ныр дæ хуызæн хъал чызджы фæдыл чи нæ лекка кæна, уый сæфт у æви?.. Науæд дæ сины сæрыл цæмæй ныххæцай, ахæмæй цы ис дæ хæдзары дæр æмæ дæ цæрæг лæппуйы хæдзары дæр?.. Афтæмæй нæ рауайдзæн нæ ныхас, ома æз дæ коммæ кæсон иууыл, дæ дзырдыл дыууæ ма дзурон, уый мæ туджы нæй, æз уыцы салдæттæй нæ дæн. Уадз, уыцы лæппу уæд ахæм, науæд æндæр исчи, фæлæ æз нæ бæззын ахæм цумайы лæппуйæн. Фæсдзæуин дын уыдзынæн, дæ рæстаг фæндиаг бакæныныл мæхи хъардзынæн, фæлæ ды дæ сæр бæрзæндты хæссай æмæ салдатыл та худгæ кæнай, уый – нæ-æ...

– Сæфгæ та кæцæй фæкодтон, мæнæ уыныс: кусын, цæрын, джиранка æмæ æрдæг сау дзул исын, мызд дæр ма мын фидынц, афтæмæй сын суджы аргъ æз хъуамæ фидин, – æрвылбон хъарм арты фарсмæ бад, уый мæнæ ис! Раст ма зæгъ, сымах цас фидут сугæн, науæд уын мæ хуызæн артгæнæг ис? Нæй!.. Уæхæдæг архайут æрвылбон пец, сугтæ æмæ æвзалыимæ, фæнык дæр уæхæдæг калут... Æз та хин лæг дæн. Æппæт уыцы куыстытæ хæдзары дæр кæнин æмæ мын сау капекк дæр ничи дæттид, фæлæ сæ æз ам кæнын, мызд дæр ма исын æмæ мæхи дæр лæвар тавын. Куыд у, хорз нæу артгæнæджы куыст?.. Ды та – кæм фесæфтæ!.. Уый сæфты нысан у, науæд салдатæн искуы сæфæн ис, цалынмæ йæ цинел йæ уæлæ уа, йæ боны дарæс æмæ йе 'хсæвы хуыссæн, уæдмæ? Стæй ма йæ ноджы къæбæрсайæн къæдз æвзаг куы фæуа, уæд ын цæй сæфæн и?.. Дзæгъæлы мæ хоныс сæфт лæг, чызгай!.. – кæйдæр цур æм бауæндыдтæн уыцы къæбæда æвзагæй дзурын.

Саурæсугъдмæ, æвæццæгæн, диссаг фæкаст, афтæ уæндонæй кæй дзырдтон, æдзух мадзура æмæ худæндзаст салдат, уый, æмæ мæм джихæй касти, цы ма зæгъдзæн ома ноджы. Æз фæкъæмдзæстыг дæн æмæ ныхас иннæрдæм аздахыныл фæкодтон мæхи.

– Цæй, æз уын мæ сæфты хабæрттæ ракодтон иууылдæр, æниу сæ уæхи цæстæй дæр уынут, дзуринаг дзы ницы ис. Кæд ма уæ фæнды хъусын, уæд уын мæнæ мæ хæфсы хабæрттæ ракæндзынæн, – цыдæр фыдбылызæн æрбабадт ме 'взагыл æмæ мæ уый æрбайсæфта, бахъуыди мæ аргъæуттæ мысын. Саурæсугъд, цыма къæппæввонгæй лæууыд мæ ныхасмæ, уыйау мæ афарста цымыдисæй:

– Дæу у ацы хæфс? – фароны хиталæг систа æмæ хæфсыл

ærbахæцыд йæхирдæм. – Уæд ма нын æцæг йæ хабæрттæ дæр ракæн. Чи зоны, уыдон дæ хабæрттæй диссагдæр сты, кæд уый дæр дæуау хин æмæ кæлæн нæ рацыд, уæд, и? – худти йæ мидбылты æмæ та æз дæр цины аныгъуылддæн. Йе ‘рбацыд мын хъыг кæй уыди, чызджыты раз бæгъæввадæй кæй лæууын, уый мæ бынтон дæр айрох.

– Кæд уæ тынг фæнды, уæд уын ранымайдзынæн йæ диссаджы хабæрттæ, æниу сæ, чи зоны, фехъуыстат, фæлæ йын йæхи кæй никуы федтаиккат, уый æнæмæнг у. Кæсут æм, дзæбæх æм кæсут, науæд æй дыккаг хатт нал фендзыстут, æмæ хъусут.

Дзургæ бæргæ æнæкъæрццæй кодтон, фæлæ дарддæр цы дзырдтаин, уый рæстмæ нæ зыдтон æмæ чызджытæ хæфсмæ кæсыныл куы фесты, уæд æз та тыхстæн мæ миднымæр: цы сын радзурон?.. Сфæнд кодтон хæфсы стыр уарзондзинады аргъау ракæнын, æндæр ницы мæ сæрмæ æрцыд æмæ уæдæ цы кодтаин?..

– Цæй-ма, дæумæ куы кæсæм, ракæн нын йæ хабæрттæ, йæхи йын хорз æрбæрджытæ кодтам, диссаджы хæфс у, цъыфдзасты чи схъомыл, ахæм, – йæ дзырд мæм æрбаппæрста Саурæсугъд.

– Рæдийыс... Кæм схъомыл, уымæн цы бæрæг ис?.. Горæты не схъомыл, уый æцæг у, фæлæ уый йæ ницæйаджы гакк нæу. Хорз адæм алы ран дæр ис, æвзæр куыд ис, афтæ... Уый райгуырди хъæуы, – райдыдтон мысын мæ хæфсы биографи, раст цыма мæхæдæг уыдтæн хæфсы цармы тыхт, уыйау. – Схъомыл цуанон лæппуйæ, фæлæ йæ хъысмæт аив нæ разынд. – Мæ уд нырхæндæг, развæлгъау æй зыдтон, аргъауы цуанон лæппумæ, ныр хæфсы хуызы чи бацыд, уымæ æнамонд хъысмæт кæй æнхъæлмæ кæсы:

– Иу хатт цуанон йæ балцы бафтыд Æлдараты æлдары хъæдмæ. Сырдтæ дзы куыд нæ уыд, фæлæ уый сæрджын саджы бæсты кæд фембæлди æлдары рæсугъд чызгыл. Цыдæр йе ‘намонды бон уыди æмæ йæ бауарзта... Афтæ йæм фæкасти, цыма йæ чызг дæр бауарзта æмæ йын афтæ зæгъы: «Чызгай, дæ фыдмæ фидауджытæ куы барвитон, уæд сæ æнæдзуаппæй раздахдзынæ, мыййаг?» Чызг загъта: «Цæмæн сæ хъуамæ рарвитон? Мæ зæрдæмæ цæуыс, хорз лæппу, æмæ æз разыйы дзырд зæгъдзынæн, фæлæ цы зæгъдзæн мæ фыд?.. Уый схъæлдзырд æмæ æнæрвæссон у,

ды хуымætæджы цуанон лæппу кæй дæ, уый куы базона, уæд дæ кæнæ бæласы цонгыл æрцауындздзæн, кæнæ цъæх хæрæг фестын кæндзæн æмæ дыл дæ мæлæты бонмæ цæххы дуртæ хæссын кæндзæн... Уый куы фенон, уæд мæ зæрдæ аскъуыйдзæн мæнæн дæр... Фæлтау алидзæм иумæ искуыдæм...»

Лæппу не сразы! «Лидзгæ нæй. Æз арсы раз дæр мæ сæрмæ лидзын æмæ æмбæхсын никуы æрхастон æмæ ныр зæххон лæджы раз мæ сæр æркъул кæнон, тæппуд æмæ мыл къæрныхæй худа, уый мæ нæ фæнды... Æппæлдзæн: къæрных Хуыцауы хъуджы дæр давы, æндæра уый мæ чызджы йæ фыны дæр никуы федтаид...» Чызгæн йæ зæрдæ суынгæг йæхи ныхасæй – зыдта йæ, не сразы уыдзæн йæ фыд æмæ лæппуйы фæндыл, замманайы лæппуйыл исты фыдбылыз æрцæуддзæн, уынгæ дæр æй никуыуал фæкæндзæн... «Ныууадз ацы фæнд, кæд дæ искуыдæм алидзын нæ фæнды, уæд фæлтау ардæм цу æрвыл хуыцаубон райсомæй, æмæ ам кæрæдзи уындзыстæм адæмы сусæгæй... Æндæр дын ницы мæ бон у, хорз лæппу...»

Не сразы лæппу. Йæ ныфс бахаста Æлдараты æлдары чызгмæ, барвыста йæм курджытæ æмæ чызг сразы... Æлдараты карз æлдар уый куы базыдта, уæд рамæсты æмæ йæ чызгыл схъæртæ кодта, фæлæ йæм чызг дæр фæкъæйных: «Мæ фыд, кæд мæ уыцы лæппуйæн дæттыс, уæд хорз, науæд æз мой æппындæр нæ кæнын, æндæр искæмæн мæ куы раттай, уæд та мæхи амардзынæн...» – скуыдта чызг æмæ ралыгъд йæ фыды цурæй...

Бамбæрста æлдар, нæ басæтдзæн йæ чызг, æвæццæгæн ныууарзта уыцы дзæгъæлзад лæппуйы, æмæ йыл цалынмæ йæ зæрдæ сива, уæдмæ ницы рауайдзæн йæ хыл æмæ йæ загъдæй, фæлтау сархайын хъæуы хин æмæ кæлæнæй. Æмæ æрымысыд æбуалгъы фыдæвзарæн йæ чызгæн, æвирхъау æфхæрд йæ сиахсагæн...

Загъта, хорз, æрцæуæд мæм уæ усгур, уынгæ йæ уæддæр фæкæнон, чи зоны уæд та сохъхъыр кæнæ къуылых у, науæд гоби, сæрхъæн, уæд ын мæ иунæг чызджы йæ разæй скæнон?..

Сразы сты фидауджытæ. Уæздан ныхас кæны, уæдæ сын æндæр цы зæгъа, хуыздæр дзуапмæ æнхъæлмæ дæр нæ касты. Бузныг ын загътой йæ уæздандзинады тыххæй æмæ рафардæг сты буц æмæ рæвдыдæй.

Иу бон ныффардæг мæгуыр цуанон лæппу йæ фидæны каистæм, бæрзонд хохыл дзæбидырты бодзы рафæлдæхта æмæ

сын уый та лæвар ныххаста йæ хъæбатыр æмæ йæ арæхсты нысанæн...

Æлдарæн йæ зæрдæмæ фæцыди лæппу, йæ уынд дæр, йæ ныфсхаст дæр, йæ хъæбатырдзинад дæр, фæлæ уый ахæм сиахс нæ хъуыд, уый йæ мид-зæрдæйы фæнд кодта йæ чызджы паддзахы лæппуйæн раттын. Æмæ дын басидт йæ чызг æмæ цуанон лæппумæ. Бафарста сæ, æцæг уарзут кæрæдзи æви сайгæ кæнут?.. Загъта чызг, фарст уымæ хауди, лæппу кæй уарзы, уый бæрæг уыди, иугæр Æлдараты æлдары тызмæгæй нæ фæтарст, йæ сæр мæлæтмæ радта, уæд æцæг уарзы, æнæмæнг у. Фæлæ æлдары буц чызг уыцы зилгæ зæнгой дзиглойы уарза, уый æлдары нæ уырныдта. Уæддæр ын йæ чызг фидарæй загъта: ацы лæппуйы уарзын æмæ кæнæ уый, кæнæ æппындæр ничи... Тыхæй мæ куы раттай, уæд мæхи уæлæуыл нæ ныууадздзынæн...

Æлдар загъта, кæд афтæ у, уæд бафæлварæм, æцæг уарзыс, мæ иунæг чызг, ацы дзæгъæлзад лæппуйы æви дæ зæронд фыды сайгæ кæныс... Кæд æй æцæг уарзыс, уæд... абонæй фæстæмæ ацы лæппу фестæд... доны хæфс!.. Хъоппæгцæст æмæ хъамбулуæраг хæфс! Кæд æртæ азы бафæразай хæфсимæ цæрын, уæд разы дæн: цы уыд, уый та фестæд æмæ цæрут, мæ тæригъæд фæхæссут уæ дыууæ дæр, афтæмæй!..

Æлдараты æлдар кæд уыди стыр хингæнæг. Ныккаст йæ кæрдæгхуыз цæстытæй лæппуйы æнæхин цæстытæм æмæ дын лæппу æвиппайды рæхуыст галы богъ фæкодта, йæхи зæххыл ныццавта æмæ уысммæ хуымæтæджы хæфс фестад... Мæнæ гъе, йæхæдæг, уынут, цы у, уымæй æнæхъæнæй уæ разы ис...

Æлдараты æлдар йæ дзыхыдзаг ныххудти, хингæнæджы æвирхъæу худт, йæ чызг та уадзыгæй æрхауд йæ цуры æмæ йæ уд исыныл сси...

Æлдараты æлдар йæ иунæг чызджы æмæ цуанон лæппуйы, хæфсы цармы тыхтæй иу хъæдын уаты, сыджыт астæрд кæм уыди, ахæмы бакодта. Хæфсæн æддæмæ рацæуæн нæ уыди, чызджы-иу стæм хатт рауагътой боны рухс фенынмæ. Афтæмæй царди чызг хæфсы лæппынимæ, мардæрдиаг кодта, йæхи хордта, фæлæ хæфсыл сахуыр уыдаид, уый йæ бон нæ уыди. Йæ уындæй дæр тæрсгæ кодта. Æвваахс-иу æм куы бацыди, уæд-иу схызти йæ уатмæ æмæ уым бадти, йæ цæссыгæй йæхи æхсадта. Хæфс та-иу мæгуыр йæ хъоппæг цæстытæ сарæзта мæгуыр

чызгмæ æмæ йæ тæригъæдæй мард. Йæ цæссыгтæ лæсæнтæ кодтой йæ уадултыд, фæндыди йæ куы йын загътаид: ма мæ тæрс, æз, дæу йæ удæй фылдæр чи уарзы, уый дæн. Хæфсы хæрв мыл кæй ис конд, уый ницы давы... Мæ уарзæгой зæрдæ мæ риуы ис, мæ хъуыды нæ фесæфт, мæ уд дæуæн хъардзынæн мæ мæлæн бонмæ!.. Фæлæ чызг не 'мбæрста хæфсы æгомыг ныхас æмæ йæ маст не ссыди, йæ цæстысыг нæ басур...

Цуанон лæппу йæхи æнамондыл хъæцыдаид, фæлæ цы кодтаид чызгæн, уымæн ницы зыдта. Йæ миднымæр хъуыды кодта: чызг мыл куынæ сахуыр уа, афтæ мæ куы тæрса, уæд ын уæнгæл фестдзынæн æмæ адзалы бонмæ афтæмæй бæзайдзынæн – хæфсы лæппынæй, æлгъаг æмæ фидиссагæй... Уый искæй фæрныг акæндзæн йæхицæн, æз ферох уыдзынæн, сабийы æвирхъау фынау... Уый у мæ иунæг ирвæзынгæнæг, фæлæ йын куыд бамбарын кæнон, цæмæй мæ ма тæрса, æррæвдауа мæ, йæ зæрдæ мыл ма сива?.. Æртæ азы бирæ не сты, аивгъуыйдзысты æбуалгъ фыдæвзарæны бонтæ æмæ уæд цæрдзыстæм нæхицæн амондджынæй, кæрæдзи уарзгæ... Куыд ын зæгъон, фыд бон æмæ фыд лæг бирæ нæ хæссынц – ацæудзысты нæ удхор æртæ азы, фæуыдзæн йæ хингæнæг фыды фыдæлгъыст, æрмæст бафæразын хъæуы, батонын ацы фыдæвзарæн?..

Чызджытæ хъуыстой æнæсымæй, цыма сæ мæ аргъау æцæг хабарау уырныдта... Хæфс дæр, цыма мын мæ ныхасы рæстдзинад æвдисынмæ хъавыд, мæ бæгъæввад къахы æнгуылдзыл йæ уазал фæлурсбын бохъхъыр æрæвæрдта æмæ цадæггай хъуыста мæ ныхасмæ, йæ хъоппæг цæстытæй мæм ныдздзицц ис, афтæмæй.

Фемдзаст æм дæн æмæ мæм афтæ фæзынд, цыма кæугæ кæны. Уыйадыл мысын райдыдтон дарддæр:

– Ницы йæ сæрæн зыдта æнамонд цуанон, æрмæст-иу уæддæр йæхи баласта йæ уарзон адæймагмæ æмæ йын æгомыгæй йæ сагъæстæ дзырдта. Мæнæ йæ ныр куыд уынут, афтæиу йæ сæр æрæвæрдта чызджы бæгъæввад къахыл æмæ-иу ын лæгъстæ кодта:

*«Мæ удлæууæн!.. Мæ ныфсы сæр, мæ хъысмæт!..*
*Æнусон тары ме 'рвон хуры цæст!..*
*Кæй дæм сидын, æрвон зæдау, æххуысмæ,*
*Уый нæу, мыййаг, мæхи тыххæй æрмæст.*

*Мæ сæрмæ кæд, æрвон хурау, æрттивай,*
*Цæрдзынæн уæд æвидигæ ныфсæй;*
*Дæ зæрдæ мыл фыд заманы куы сивай,*
*Уæд баззадтæн мæ адзалмæ хæфсæй...*

*Дæу искæй фæрныг ахæсдзæн йæхицæн, –*
*Мæ фыдæнæн йæ базырджын бæхыл...*
*Æз – хъодыгонд, æлгъыст, дунейæ хицæн,*
*Æнусы бонмæ хитдзынæн зæххыл!..*

*Æгъатыр дуг!.. Кæй дзы сайыс кæуынæй,*
*Ды алкæмæн – æцæгæлон, фæрссаг!..*
*Нæ уыдзынæ ды сур зæххыл цæуынæн,*
*Ды фурды та нæ уыдзынæ кæсаг...*

*Æмæ ныхъхъæцин ууыл дæр... Фыдамонд*
*Мæгуыр лæгмæ кæм нæ вæййы кæсаг, –*
*Фæлæ тæрсын, дæуæн дæ алы ‘рбабон*
*Мæ тæригъæдæй сагъæссаг куы суа...*

*Мыййаг, мыййаг дын ме сæфты æвирхъау*
*Куы бафтауа дæ раст удыл фыдох...*
*Куынæ кæна, дæ мысæны сагъд цирхъау,*
*Мæ удлæууæн, дæуæй мæ цæсгом рох?..*

*Куыд цæудзынæн уæд а дунейыл балцы,*
*Куыд мыл кæндзæн мæ дудгæ бон изæр?!.*
*Цы ныфсæй ма уромдзынæн дæ ацыд,*
*Цы къæдзæхтыл фæхойдзынæн мæ сæр?!.»*

Чызг ницы ‘мбæрста хæфсы ныхæстæй, нæ хъуыды кодта, уый та куыд тыхсы хæфсы хæрвы мидæг, куыд риссы йæ цуаноны уд, сæрибарахуыр уд... Бæрзонд хæхты сæрибарæй цæуын æмæ цæрын, сырдты тыхджынтимæ йæ лæджыхъæд лæгæйлæгмæ æвзарын чи сахуыр ис, уый ныр ацы ныккæнды сыджыт астæрдыл гæпп-гæппæй куыд фæлмæцы... Адæймаг хиуарзон у æмæ искæй рисæн йæ зæрдæ хъæбæр у. Не ‘рцыд чызджы зæрдæмæ лæппуйы сагъæс. Уый æрмæст куыдта йæхи æнамондыл, уыцы фыдæвзарæн сын иумæйаг кæй у, йæ зындæр хай лæппумæ кæй æрхаудта, уый йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд. Æрмæст йæ уарзоны фыццаг хатт хæфсы хæрвы куы федта,

уæд фæтарст йæ уд æмæ бауадзыг. Куы ‘рчъицыдта, уæдæй фæстæмæ йæ иууылдæр хордта йæхи æнамонды мæт. Йæ хæфс усгурæй та тæрсгæ кодта. Фæхауд дзы йæ уд æмæ æнхъæлмæ каст æрмæст иу хъуыддагмæ: кæд схицæн уыдзæн ацы хъизæмарæй, кæд ыл ацæудзысты ацы æнамонды æртæ азы... Уæдæ, афтæ у, иу иннæйы рисæн хъæбæр у.

Цуанон лæппу быхста йе ‘намондæн, æрмæст тарсти чызгæн, – куынæ бафæраза ацы фыдæвзарæн, мыййаг йæхимæ йæ къух куы сиса, хæфсимæ иу уаты æртæ азы цæрыны бæсты, кæнæ йæ сонт уд куынæ бафæраза, йæ зондæй куы фæцуда. Æмæ лæгъстæ кодта Хуыцауæн: «Бахиз ахæм æнамондæй чызджы!..

*Хуыцау!.. Мæхицæн нал агурын ницы,*
*Æз базыдтон, кæй нæ мын ис ирвæзт, –*
*Фæлæ уый иугæр бауагътай æрчъицын,*
*Уæд ма йын амонд бауарзæд дæ цæст!..*

*Мæнмæ кæд иу мур не ‘рхауди дæ уæрсты,*
*Дзæнæтæй ме ‘хсæн арвмæ гæнах ис,*
*Уæддæр мын иунæг саккаг кæн дæ хæрзтæй, –*
*Фыдбылызæй æназым чызджы хиз!*

*Рæвдауæн ныфс ын бафтау ды йæ зæрдыл,*
*Æртæ азмæ йын уды фидар ратт,*
*Фыдæвзарæн дуг атахти йæ сæрты,*
*Уæд та йын ма зæгъ дзæгъæлы фæбадт!..*

*Мæ мæтæй ма уæд ногдзыд удыл ауæдз,*
*Йæ хай та фод нæ лæппуты хуыздæр...*
*Йæ хуылфы-иу ын ме ‘ррадзинад бауадз,*
*Куыд æй уарза мæныйас, йе – фылдæр...*

*Сæрд ын мæ цæссыг фод хъæрмуст сæлфынæг,*
*Хæрзбон хæссæг та – ме сæфты фыдох,*
*Мæ ном, мæ цæсгом, сабийы сæуфынау,*
*Йæ фæлмæн удæй уæнт æнусмæ рох!..»*

Базыдта йæ бон лæппу. Æртыккаг аз кæронмæ цæуыныл уыд, фæлæ чызг фыццагау тарсти хæфсы уындæй, куыдта æмæ дзынæзта, йе ‘намонд хъысмæт æлгъыста, йæ сагъæс фыццагау уыд æрмæст йæхи тыххæй, цыма лæппу амард æмæ йын йæ

мард фыдæнæн нæ ныгæнынц, барæй йæ дарынц чызджы цæстыты раз... Ферох дзы æппæт дæр, атад йæ уарзондзинад...

Лæппуйы ма исдугмæ уыди Хуыцауы ахъазæй ныфс, фæлæ æртыккаг азы кæронмæ уыцы ныфс дæр ахуыссыд, нæзы цырагъы рухсау, æрмæст ма дзы аззад, алайы тæфау, сайд зæрдæйы æнтъыснæг. Æмæ уыцы æнтъыснæг хуымæтæджы хъасты ныхæстау нывæзта лæппу йæ уарзоны раз, фæлæ йæм уый нæ хъуыста... Нæ фехъуыст йæ ныхас Хуыцаумæ дæр...

Иу уысммæ фæлæууыд лæппуйæн йæ уды æвидигæ маст, стæй та йыл ногæй æртæфст... Ныр базыдта йе 'намонд, йе 'мгъуыды фæстаг бон куы 'рлæууыд, уæд загъта йæхицæн: «Райсом сæумæцъæхæй фæуыдзæн мæ фыдæвзарæн... Нæ, мæнæн тæккæ уæд райдайдзæн, райсом æз райдайдзынæн ме 'нусон æнæрайы балц, баззайдзынæн æнусмæ хæфсы хæрвы, фидиссагæй, афтæмæй зилдзынæн дунейыл мæ зылын-мылын къæхтæй, цæуынæн дæр чи нæу рæстмæ æмæ ленк кæнынæн дæр... Фæлæ хорз у уæддæр æмæ фервæздзæн хингæнæджы æлгъыстæй ацы мæгуыр чызг... Бæрæг у, рагæй бæрæг у, йæ удхæссæг мæ кæй уыны, хæфсы хуызы мæ куы федта, уæдæй фæстæмæ. Фæлæ йæ цы хæрам бакæнон?.. Чи йæ зоны, уый куы фестадаид хæфс, уæд ма йæ æз дæр уарзтаин?..

Нæ, уыцы хабар фæци, ахицæн мæ хъысмæт, райсом райдайдзæн мæ иууыл стырдæр æнамонддзинад... Нырмæ ма йæ уынгæ кодтон мæ цæстæй, ныр æй никуыуал фендзынæн, æнусмæ дзы ахицæн уыдзынæн... Æмæ ма бæргæ мæ раздæры хуызы куы бацæуин, искуы ма нæ хæхтæм куы схизин æмæ уыцы уæлвонг рындзтæй куы ракæсин, фæлæ кæм ис?.. Никуыуал фендзынæн стъалыты дзыгуыртæ арвастæу, нал мыл скæсдзæни хур сæумæцъæхæй... Хæрзбон, мæ райгуырæн хох, мæ иунæджы бонтæ хæхты цъассыты, мæ цуаны фæндæггæ, мæ чысыл дуне, афтæ адджын чи фæци мæ сидзæр зæрдæйæн!..

*Хæрзбон, мæ хæхтæ!.. Къайнывидар ут!*
*Æнусмæ ут! Ныккæлæн-иу уын ма уæд!*
*Зæрин хур уыл лæмарæд арвæй буд,*
*Æхсæв уыл мæй йæ цыллæ тынтæ тауæд!*

*Æз уыл чысылæй райдыдтон цæуын,*
*Æмæ ыснадтон къахвæндæгтæ бирæ...*

*Рæвдыдта мын мæ иунæг уд уæ уынд,*
*Мæ хæтæн уыд уæ рагъ, уæ фæз – мæ сирæн...*

*Хæрзбон!.. Хæфс дæн!.. Мæнæн адзалмæ ныр*
*Уæ сæрмæ схизæн нал и никуы, никæд!..*
*Фæлæ æз хъуыстон уе 'нусон æмыр,*
*Уыдтон – ыстут зæххы армы фæринкау!*

*Хæрзбон сымах дæр, хъал сырдтæ!.. Ирвæзт*
*Ыстут мæнæй, нæ саг æмæ сæгуыттæ.*
*Ныккæнут мын æфсымæры удæст,*
*Мæ тыхстæй уæ æрвыл фæззæг кæй хъуыдтон...*

*Хæрзбон, мæ хæхтæ! Къайнывидар ут!*
*Нæ сонтуд адæм ма рафтæнт уæ цъассы.*
*Сæууон хурау уыл батайæд мæ уд,*
*Фæлмæн зæгъау уыл рауарæд мæ цæссыг!..»*

Ралæууыд æртæ азы фæстаг бон. Цуанон лæппу хæфсы хæрвы тыхтæй нынныгъуылди хæдзары иу къуымы æмæ уырдыгæй кастис йæ уарзон чызгмæ. Уый фыццагау бадт уаты æмæ йæ цæссыгтæ сæрфта йæ армытъæпæнтæй. Стæй иуахæмы йæ зæрдыл æрбалæууыд, абон йæ фыдæвзарæны фæстаг бон кæй у, йæ цæсгом фæрухс æмæ растад, йæ дзаумæттæ акодта, хæфс кæм и, уый йæ цæстæй дæр нал ацагуырдта, æрвылрайсом-иу куыд кодта афтæ, – ома, мыййаг, хæфс кæд йæ разы искуы ис, уæд ыл куы фæлæууа æнæрхъуыдыйæ. Уыциу сæррæтт ракодта дуармæ æмæ суанг талынгтæм нал æрбаздæхт йæ къæсмæ.

Хæфс дæр рахылди хæдзары астæумæ, фæракæс-бакæс кодта къуымты, фæзылди сыл, ногæй та агуырдта, бинаг хъæды бын кæд искуы æддæмæ ралæсæн разынид æмæ рахъуызид æддæмæ, дунейыл йæ цæст ахæссид, фæлæ ницы ссардта, къæсæр та ахæм бæрзонд арæзт уыд, æмæ йæ сæрты рагæпп кæнын нæ уыд хæфсы бон, барæй афтæ арæзт уыди... Исдугмæ бахъынцъым кодта хæфс, уæд та уыцы чызг дуар гомæй куы ныууагътаид, арвы цъæх уыдтаин æз дæр. Уый искуы уæддæр куы 'рцыдаид йæ хъуыдыйы... Ау, нæ йæ зоны, æз дæр удæгас адæймаг кæй дæн æмæ мæ дунейы рухсмæ кæсын кæй фæнды?.. Кæцæй?.. Иу иннæйы рисæн фидар у.

Бирæ фæсагъæс кодта хæфс йæ ахæстоны къуымы, æртæ азы йыл аивгъуыдтой æртæ бонау. Бафæрæзта æнуд сымæр

къуымы ӕртӕ азы. Йӕ сӕрибар царды йын уый исчи куы загътаид, уӕд ӕй ницы хуызы бауырныдтаид, фӕлӕ бафӕрӕзта...

Ӕнӕхъӕн ӕртӕ азы!.. Йӕ царды рӕсугъддӕр азтӕ, дард хӕтӕнты цы бонтӕ хъуамӕ ӕрвыстаид, уыдон батыдта ацы талынг къӕсы!.. Ӕмӕ цӕй тыххӕй? Кӕмӕн цы кодта?.. Науӕд ӕй цы сайд фӕкодта уыцы хингӕнӕг!.. Рацу лӕгӕй-лӕгмӕ хӕцынмӕ, фӕтых мыл у, амар мӕ, фӕлӕ ахӕм ми бакӕн хин ӕмӕ кӕлӕнӕй. Ныр ма мӕ фыццаджы хуызы куы бацӕуин, уӕддӕр ма лӕгӕн сбӕззин?.. Цы бӕрӕг и?.. Ацы уымӕл ӕмӕ ӕнуд къуымы хӕфс бафӕрӕзта, фӕлӕ дзы лӕг цы кодтаид?.. «Мӕ уд дзы куы снарӕг и, уӕд мӕ уӕнгты тых нӕ асастаид?..

*Ӕртӕ азы!.. Сӕ иу дӕр уыд ӕнус!..*
*Лӕсӕнау уыд ӕнуд рӕстӕг ӕмгуыдын...*
*Ӕмӕ мӕ уд нычъчъырццӕ и, ныххус,*
*Раст митыл артау, банымӕг мӕ хъуыды!..*

*Ӕлгъыст фӕу, мӕ ахӕстон, ӕлгъыст!*
*Нӕ дӕ кӕнын фыддӕр ӕлгъыст ӕфсӕрмӕй...*
*Дӕ бӕзджын къулы хуры рухс нӕ хызт,*
*Ыстъалы не ссыд иу ӕхсӕв мӕ сӕрмӕ!..*

*Мӕ цыбыр цард уыд арвы бын мӕнӕн,*
*Мӕ цӕугӕ бон ӕз урс хӕхты ӕрвыстон.*
*Къӕдзӕхы фарк – мӕ нывӕрзӕн, фӕлмӕн,*
*Лӕгӕт – мӕ уат, цъӕнуты хус – мӕ лыстӕн!..*

*Кӕфхъуындар дӕ! Ӕмӕ дын хӕрд фӕцис*
*Мӕ уд, мӕ ныфс, мӕ сӕрибар, мӕ хъару.*
*Нӕргӕ уадындз цы рухс зӕрдӕ уыдис,*
*Уый сахуыр и йӕ тӕригъӕдтӕ хъарын...*

*Дӕуимӕ фод мӕ ауындзӕг ӕлгъыст! –*
*Куыд ын хӕрой йӕ фыд, куыйтау, йӕхи тау.*
*Йӕхи армӕй куыд уа йӕ артдзӕст хуыст,*
*Ӕнусмӕ мӕрдтӕй цӕрдты ‘хсӕн куыд хита!..»*

Богъ-богъгъгӕнгӕ разил-базил кодта къуымты хӕфс, йӕ дзӕмбытӕй тонӕгау кодта йӕ царм, йӕ хӕфсы хӕрв, кӕд ӕй фӕхуынчъытӕ кӕнид, йӕ туг фӕцӕуид ӕмӕ фервӕзид йӕ хъизӕмарӕй, фӕлӕ уымӕй дӕр ницы цыд. Ӕрӕджиау, бон куы

аивгъуыдта, уæд чызг æрбаздæхт йæ ахæстонмæ. Æртыкъахыг бандон æрæвæрдта къæсæры раз, æрбадт æмæ дуары зыхъхъырæй касти арвы цъæхмæ, йæ сæр йæ армытъæпæнтыл æруагъта, афтæмæй.

Хæфс дæр сындæггай багæпп-гæпп кодта йæ фарсмæ æмæ скаст арвмæ. Æртæ азы дæргъы фыццаг хатт уыдта арвы цъæх, бæрзонд стъалытæ, уалæ авд хойы куыси!.. Йæ цæссыгтæ бырыдысты йæ рустыл, афтæмæй касти дунейы æхсæвы аивмæ. Йæ хъоппæг цæстытæ-иу донæй куы айдзаг сты, уæд-иу ницыуал ауыдта, стæй та-иу цæссыгтæ æрлæдæрстысты æмæ та-иу æм стъалытæ ирддæрæй разындысты...

Чызг фæбадт афтæ æнæдзургæйæ иу дзæвгар, стæй сыстад æмæ æнцад-æнцойæ ныххуыссыд йæ уаты. Ныры онг никуы фынæй кодта рæстмæ, хъуыргъуындæг-иу кодта йæхимидæг, фыдфынтæ уыдта æмæ-иу фыны кæимæдæр дзырдта, куы лæгъстиаг хъæлæсæй, куы кæугæ-дзыназгæ, куы æлгъитгæ. Ныр тæгæр фынæй аци æмæ цыдæр мидбылхудт хъазыд йæ цæсгомыл...

Хæфс бамбæрста, цæмæй афтæ раивта чызджы зæрдæйы хатт. Æхсызгон дæр ын уыд æмæ хъыг дæр: æхсызгон ын уыд, сæ иу уæддæр кæй ирвæзы ацы æнусон хъизæмарæй, хъыг ын уыд, чызг æрмæст йæхиуыл кæй тыхсти, уый хъысмæт йæ зæрдæйыл кæй не 'рлæууыд, тæригъæд ын уæддæр кæй нæ бакодта... «Уарзгæ мæ нал кæны, уый диссаг нæу, фæлæ мын хуымæтæджы адæймаджы тæригъæд та куыннæ бакодта?.. Гормон, иу къæсы дудгæбойнаг æртæ азы фæрсæй-фæрстæм уæддæр арвыстам, куыд дæ ферох дæн!..» Хъынцым кодта хæфс, фæлæ ма цы рацыдаид уымæй?..

Бон дзир-дзур кæнын куы райдыдта, лæппу йæ базыдта куыйты рæйдæй, уæд загъта: «Фенон ма фæстаг хатт мæ уарзоны цæсгом, стæй схиздзынæн æртыкъахыг бандонмæ, хорз у æмæ йæ къæсæры цур ныууагъта, æмæ куыддæр дуар фегом кæна, афтæ мæхи фехсдзынæн къæсæры сæрты æмæ дæлæ хъæугæрон цы дон ис, уым мæхи нысхойдзынæн, кæд мæ искуыдæм ласид. Уыцы хингæнæг ма мæ ам æрбайййафа æмæ цинæй мæла ме 'намондыл, кæй мæ абырста, уый фæдыл... Нæ, уый рад æм не 'рхаудзæн!..»

Дардæй дугъ рауагъта хæфс æмæ схауди чызджы уатмæ. Бабырыд базмæ æмæ ныккаст чызджы цæсгоммæ. Изæры мидбылхудт нырма хъазыд йæ фынæй цæсгомыл... Диссаджы

рæсугъд уыд чызджы фæлурс, æфхæрд цæсгом, фыдæвзарæны йыл ноджы цыдæр æнахуыр аив бафтыд æмæ йæм лæппу кæсынæй нал æфсæст. «Мæгуыр мæ бон, ацы райсомæй фæстæмæ дæу чи нал фендзæн, йе 'нусон балцы дæм йæ адзалы бонмæ йæ былы цъæрттæ чи 'хсындзæн!.. Мыййаг мæ искуы куы 'рымысай ды дæр, æнæнхъæлæджы дæ зæрдыл куы 'рыфтон æмæ дæ зæрдæ куы бауынгæг уа, дæ цæсты сыг куы фемæхса?.. Нæ, Хуыцау бахизæд уымæй, уадз мæ ном мæрдырохы хай фод! Нæ фыдбыдызтæ æз иунæгæй фæхæсдзынæн мемæ, ды амонддджынæй рацæр дæхи фæндиаг!..

*Фæстаг æхсæв!.. Куы сдара хур йæ цæст,*
*Уæд ды – сæрибар, æз – адзалмæ хаст!..*
*Æнусмæ балц – мæ иунæг хай!.. Æрмæст*
*Хæфсы хæрвæй мæ уд, мæ уæнгтæ – баст!..*

*Куы скæса хур, уæд райхæлдзæн дæ уд,*
*Мæ уд æнусмæ аныгуылдзæн уæд...*
*Дæ мидвыны, мæ удлæууæн, фæхуд,*
*Фæсабыр уа уæд, чи зоны, мæ мæт...*

*Фæстаг æхсæв!.. Фыдæвзарæн фæци...*
*Ныр ралæудзæн дæ уалдзæджы тæмæн,*
*Æмæ дæуæн куы райгуыра дæ цин,*
*Мæ иронвæндаг райдайдзæн мæнæн...*

*Хæрзбон, мæ хур. Æвæлмон рад – дæ хай,*
*Уæд аивдæр дæ абонæй дæ сом.*
*Хæрзбон, хæрзбон, мæ ныгуылд хур, чызгай,*
*Дæ зæрдыл макуы ма 'рлæууæд мæ ном!..»*

Æргæпп кодта зæхмæ чызджы уатæй хæфс æмæ сбадт æртыкъахыг бандоныл. Ныр ын ницыуал баззад, йæ зæрдæ цæуыл фæлæууыдаид, ахæмæй, æрмæст ма касти боны æрбарухсмæ, чызг дуар кæд бакæндзæн, уымæ...

Чызг сæумæцъæхæй райхъал, йе уæнгтæ айвæзта æмæ бахудт: «Фæци мæ фыдæвзарæн дуг!.. Дæлдзæх фæу, цы ахæстон дæ!.. Фæци! Æз цæуын! Сæрибар!..» Йæ уæлæ цыдæртæ æрбаппæрста æмæ дуар фегом кодта. Тæккæ уыцы уысм бандонæй къæсæры сæрты йæхи фехста хæфс. Чызг фæтарст, стæй йæ бамбæрста лæппуйыл цы 'рцыд уый æмæ ныцъцъæхахст кодта:

«Сау бон мыл!..» Йæ армытъæпæнты йæ цæсгом атыхта, цыма цыдæр худинаджы ми бакодта, уыйау, фæлæ уалынмæ йæ хъустыл æруад, хæфс чысыл цæугæдонмæ былæй йæхи куыд аппæрста, доны уылæнты цæллахъ куыд фæцыд, æмæ уæд ракасти йæ цæстæй, айхъуыста, бамбæрста, афардæг йæ цуанон усгур хæфсы хуызы йе 'нусон балцы... Фæци йæ фыдæвзарæн, фервæзт йæ усгурæй дæр, ныр сæрибар у æппæтæй дæр!.. Фестъæлфыд, лæппуйы коймæ чысыл къæм абадт йæ цæсгомыл, фæлæ йæ уайтагъд йæ уæздан æнгуылдзтæй асæрфта æмæ атындзыдта йæ фыдмæ: «Баба, сæрибар дæн, фæци мæ фыдæвзарæн!..»

Лæппу хæфсы хуызы уæдæй нырмæ хæты дунейыл, нæ фæуд кæны йе 'нусон балц, нæй йын а зæххыл æнцой æмæ зæрдæрухс. Æгæр мæгуыр, зымæг, иннæ хæфсытау, фынæй дæр нæ кæны... Мæнæ ацы æнафоны мæ къæсмæ дæр уымæн æрбахауд...

Радзырдта мын йæ хабæрттæ æмæ сæ æз та сымахæн фæдзырдтон. Хорз радзурын сæ нæ сарæхстæн, фæлæ мын бахатыр кæнут...

– Салдат æмæ артгæнæг лæппуйæн æгæр дæр фæдзырдтай, стæй дæм цы фау æрхæссон, уымæн дæр ницы зонын, – хъазæн ныхас æрбаппæрста, Саурæсугъдимæ цы чызг уыд, уый.

Саурæсугъд зæрдиагæй хъуыста мæ аргъаумæ æмæ уый та афтæ бакодта:

– Дзургæ хорз фæкодтай хæфсы аргъау, фæлæ йæ зыгъуыммæ та цæмæн скодтай?.. Уыцы аргъау æз дæр зонын, æмæ уым чызг бауарзта йæ хæфсы лæппыны æмæ Хуыцау уый куы федта, уæд лæппуйы, цы уыд, уымæй авд ахæм хуыздæр фестын кодта. Стæй уый фæстæ иумæ цардысты амондджынæй... Ды та йыл æндæр къæдзил баныхæстай...

– Мур дæр ницы, мæнæ мын мæ уазæг хæфс цы фæдзырдта, уымæй уæлдай мур дæр ницы! – нæ басастæн æз.

Хæфс уæдмæ æнцад лæууыд, цыма нæм зæрдиагæй хъуыста, фæлæ Саурæсугъды ныхас, æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, – уайтагъд митдоны малмæ йæхи айста. Æз æй фæхатыдтон æмæ афтæ бакодтон:

– Кæсыс, дæ ныхасмæ мæ уазæг фæтæргай æмæ алыгъд...

– Ницы йын у, æрбаздæхдзæн та, – бахудт Саурæсугъд æмæ ма йæ дзырдыл бафтыдта: – Фæлæ ма зæгъ, æрмæст æцæг ныхас, ды куы уыдаис уыцы лæппуйы бынаты, уæд цы бакодтаис? – æмæ мын мæ цæстытæм æдзынæг ныккаст.

Цы йын хъуамæ загътаин, мæ зæрдыл фыццаг цы ‘рбалæууыд, уымæй æндæр?

– Æз ын йæ къубал баздыхтаин, уæдæ куыд? – хъазынмæ аздæхтон дзырд.

– Кæс-ма, дæ хорзæхæй, дыккаджы Отелло! – бахудт Саурæсугъд.

– Цæй Отелло, цæй? – цыдæр дæлгом фидис мæм фæкаст йæ ныхас.

– Куыд цæй Отелло? Дæхимæ ма бакæс. Раст Отеллойы хуызæн: сау, бæрзонд, æрмæст цæстытæ цæхæртæ калынц, искæй къубал баздухынæввонг, – раргом кодта йæ хъуыды Саурæсугъд, мæ цæсгоммæ амонгæйæ.

– Æцæг зæгъыс æви? – афарстон ма адæргæй æмæ мæ цæсгомыл мæ арм æруагътон.

Мæ армы тъæпæнтыл æвзалыйы рыг бæрæгæй фæзынд. Базыдтон æй: ферох мæ, арт куы скодтон, уый фæстæ мæхи ныхсын. Мæ къахтухæн хæцъилтыл фæдæн æмæ мæ зыбыты рох æрбаци...

– Хатыр бакæнут, ныртæккæ! – фыræфсæрмæй мæ цæсгом арт суагъта, мæхи ма аппæрстон бынмæ, ныккæндмæ. Уым мын бедрайы сыгъдæг дон уыди, мæхи дзы цæхсадтон, мæ цырыхъхъытæ скодтон, мæ цинел мæ уæхсчытыл уæгъдæппæрст бакодтон, афтæмæй сæм ногæй рацыдтæн, хъазгæмхасæн Отеллойы монолог дзургæйæ:

*О, ды,*
*Мæ бæлон, кæд æцæг ысдæ хъæддаг,*
*Дæ бæттæнтæ дын райхалдзынæн уæд,*
*Æмæ-иу тæх, кæдæм дæ фæнда, уырдæм!..*
*Цы бæрæг ис!.. Мыййаг, кæд уый у аххос,*
*Æз сау кæй дæн!.. Æвзалы дурау, – сау!..*
*Къуыдиппытау кæй нæ фæдæн мæлгъæвзаг!..*

– Гъе, уый дыл хуыздæр фидауы, – бакодта Саурæсугъд. – Æз дæуæй куы уаин, уæд театрæн арт кæныны бæсты артистæй ныллæууин.

– Æмæ дын чи загъта, æз цæрæнбонты артгæнæг уыдзынæн? – фæцырд æм дæн æз дæр. – Тæккæ фидæнмæ артистæй агæпп кæндзынæн, æрмæст та куы суазал уа, уæд арты цурмæ мæхи баласдзынæн, ам мын пайдадæр у, салдат æдылы нæу, хур æй кæцырдыгæй æндавы, уыцырдæм базилы йе ‘ргом.

Цыдæр хъазæн ныхæстæ ма акодтам, стæй рацыдыстæм. Ныр мæн дæр æвдæлди æмæ семæ зылдтæн уынгты, цалынмæ нæ ацыдысты, уæдмæ. Чи зоны, уыцы æнæзонгæ чызг йемæ куынæ уыдаид, уæд суанг талынгмæ нæ ахицæн уыдаиккам. Чи зоны, ногæй кæм æмæ кæд фембæлæм, ууыл дæр бадзырдтаиккам, фæлæ уымæй æфсæрмы кодтон æмæ ницы суæндыдтæн, ницы ской кодта уый дæр. Афтæмæй ахицæн стæм æмæ йæ уæдæй фæстæмæ ныхасмæ нал федтон...

Уыдонæн сæ экзаментæ куы райдыдтой, паддзахадон экзаментæ, уæд æз дæр мæхи цæттæ кодтон сессимæ, нал мæ ‘вдæлд уынгты джеттыра кæнынмæ. Агургæ йæ кæм хъуамæ кодтаин, сæ хæдзармæ бацæуын мæ цæсгом нæ хъæцыд, æнæуи та йыл æмбæлгæ нæ кодтон. Загътон, мæнæ сæ экзаментæй куы фæсæрибар уой, уæд та йæ фендзынæн...

Æмæ ма йæ федтон иу хатт, фæлæ æндæр кæимæдæр. Иу изæрыгон та кæройнаг уынгты зылдтæн æрдæгæхсæвмæ æвваxс æмæ федтон иу уынджы мæ комкоммæ тротуарыл сындæггай зилынц чызг æмæ æфсæддон лæг, цинел æмæ пъагæттæ бæлвырд зындысты. Мæ зæрдæ фехсайдта, цыма чызг Саурæсугъды хуызæн уыд, афтæ мæм фæкаст æмæ сæм аивтæй мæ хъус дарын райдыдтон, куыд нæ мæ фæфиппайдтаиккой, афтæ. Зылдтæн дардæй сæ фæдыл. Цæуылдæр зæрдиаг ныхас кодтой æмæ стæй æрæджиау Саурæсугъды хæдзармæ баивгъуыдтой. Æфсæддон уайтагъд фездæхт æмæ йæ базыдтон, чызг уым баззад, лæг раздæхт. Æндæр рæтты йæ размæ фæдæн æмæ йыл мæ цæст æрхастон – артиллерийы майор, хæрзконд, æлвæст лæг, махæй иу фынддæс азы хистæр. Æдде бакæсгæйæ йæм ницы фау æрхæссæн уыд. Барæй дзы тамако ссудзынæн зынг ракуырдтон æмæ йын йæ цæсгом дæр дзæбæх федтон. Уæздан æмæ уындджын лæг мæм фæкаст æмæ, æвæццæгæн, ахæм дæр уыд...

Уыдонæн сæ экзаментæ куы фесты, уæд мæнæн та мæ сессийы ахуыр йæ тæккæ тæмæны уыд. Цæуынтæм ма мæ кæм æвдæлди, Саурæсугъды фæдыл зилынтæм. Театры дæр мын уыди цыдæр куыстытæ, ныр дзы сценæйы кусæгæй басгуыхтæн, уæдæ!.. Отелло!..

Иу ахæмы мæм мæ хæрзгæнæг чызджытæй иу æрбасхъæл:

– Дæ бон ныккал, дæ уарзоны дын иу инæлар фæфардæг кæны, æмæ ды та ам хъуына чингуытæ рафæлдах-бафæлдах кæн!..

Æз æй уайтагъд бамбæрстон, æцæг дзуры, уыцы майор хъуыддаджы лæг разынд, махау рацу-бацутæ æмæ радзур- бадзуртыл не схæцыд, фæлæ лæгау йæ хъуыддаг бакодта... Мæ сур хид мæ къæхты бынæй акалди, иннæрдæм аздæхтæн æмæ мæ цæсгом аивæй ныссæрфтон, куыд нæ мæ базыдтаид уыцы хæрзгæнæг, уымæ та ме уæхсчы сæрты радзырдтон:

– Гъе, æмæ сæ иунæг хæлары Уастырджи фæндараст фæкæнæд! Дæуæн цы, дæ уæлфад гал лæууы?.. Æви дæу кæй нæ фардæг кæны, уый дæм хъыг кæсы?.. Ма йæм хæлæг кæн, тагъд дæумæ дæр фæзындзæн сызгъæрин коцораджын лæппу æмæ дын æз та чындзæмбал ацæудзынæн!.. – бахудæгау кодтон æнæбары.

Чызг бамбæрста, ницы рауад йæ хæрзæггурæггагæй, æмæ мын афтæ:

– Хынджылæг ма кæн, æз æцæг зæгъын. Сомизæр сын чындзæхсæв и, хоны не ‘ппæты дæр, нæ курсы чызджыты. Цом ды дæр, немæ рацу, – уæлахизхуызæй мæм æрбадзырдта, ома дын дæ астæумагъз асастон æви нæ!..

– Кæд мæн дæр хона, æниу æз нæдæр уæ курсæй дæн, нæдæр чызг, уæд чындзæхсæвæн йæ тæккæ астæу чи уа, уый æз, – нал ын басастæн.

– Куынæ рацæуай, уæддæр сæ, цыма, ницæмæн бахъуыдтæ, – æргом мыл фаутæ æвæрынмæ фæци.

– Уый та куыд? Ницæмæн сæ хъæуын?.. Ау, æппын ницæмæн бæззын?

– Уынгты цæуынæн æгæр хорз дæр ма дæ!.. – бустæтæ кæны мæ хæрзгæнæг.

«Чи зоны йын æцæг хъыг у, Саурæсугъды æнæзонгæ лæппу кæй хæссы, уый, уæд ын æз та цы хъæбæр ныхæстæ кæнын», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ йæм мæ зæрдæ фæфæлмæндæр.

– Ома æндæр ницæмæн бæззын? Рæдийыс, ноджы ма зонын арт кæнын дурæвзалыйæ, ноджы сценæйы кусын, ома декорацитæ радав-бадав кæнын. Æмæ уый ницы у?.. Уæдæ уыцы инæлар мæнæй уæлдай Хуыцауы хъуг радавта æви?.. Сармадзанæй гæрæхтæ кæнын зоны, æмæ æз дæр цыппар азы æндæр ницы куыстон. Æви афтæ æнхъæлыс, æмæ æз æфсады хуыртæ æхсæстон? – хъазыдтæн æназым чызгæй, мæ зæрдæ та мидæгæй кæугæ кодта.

– Æз ницы ‘нхъæлын, фæлæ замманайы чызджы уæ цæсты разæй фæхæссынц æмæ сымах та хынджылæг кæнут, – ныр æцæг тæргайæ дзырдта мæ хæрзгæнæг.

– Цы йын дæ зæрды ис, скъæфгæ йæ ракæнæм æви?..

– Æз ләппу куы уаин, уæд скъæфгæ дæр акæнин, – фидарæй загъта чызг.

– Æз чызг куы уаин, уæд та мæ зæрдæйы уидæгты рæбынмæ бауарзин искæй æмæ йыл мæ зæрдæ никуы сивин! – алыг кодтон æз дæр, мæ маст нал баурæдтон.

– Æмæ уый кæуыл сивта йæ зæрдæ? – бацымыдис чызг.

– Дæхæдæг мын куы дзырдтай: йæ уарзон рагæй бæрæг у, стæй бонджын мад æмæ фыды иунæг ләппу, уæд æй нал зоныс? Æз дæр ма йæ куы зонын...

– Æцæг æй зоныс?

– Æцæг. Уый дæр ма зонын, æмæ хорз ләппу кæй у.

– Мæнæ диссæгтæ...

– Диссагæй дзы ницы ис, фæлæ кæд мæссæлæйтæ кæныс, уæд комкоммæ араст у уымæ. Мæнæн уыди мæ хорз æмгар æмæ уыдзæнис, кæд ам цæра, уæд... Мæнмæ мæрддзыгой дзæгъæлы æрбацыдтæ.

Ныр æцæг смæсты дæн. Гуымиры ныхас ма уымæн дæр кодтон, кæд ацæуид æмæ мæ ныууадзид мæ Хуыцауы цæфыл...

Нал федтон уæдæй нырмæ Саурæсугъды. Куыд цæры, кæм цæры, уымæн ницы зонын.

Ацыди Саурæсугъд. Ацыди мæ цардæй, фæлæ баззад мæ зæрдæйы...

Æмæ-иу æй уый фæстæ куы мысыдтæн, уæд-иу алы хатт дæр мæ зæрдыл æрлæууыд усгур хæфсы аргъау. Уый, æцæг, чызг йæ уарзондзинады тыхæй фестын кодта рæсугъд усгур ләппу... Мæнмæ та афтæ каст, цыма æз баззадтæн хуымæтæджы хæфсæй, æмæ мæ цалынмæ ног Саурæсугъд бауарза, уæдмæ уыдзынæн хæфс, стæй фестдзынæн сау ләппу...

Фæлæ азтæ цыдысты, æмæ никуыцæй фæзынди ног Саурæсугъд. Æмæ æз кодтон уарзæгой хæфсы рагон зарджытæ, уый æнæсымæй кæугæ-ниугæ цы зарджытæ кодта, уыдон, адæймаджы зарджытæ...

Ныр базæронд дæн æмæ нал у мæ бон нæдæр уарзæгой хæфс фестын, нæдæр ног Саурæсугъдмæ æнхъæлмæ кæсын. Азтæ мын раластой мæ хæфсы хæрв, фестадтæн фæстæмæ цу-

анон лæппу, мæ бон у æмæ сæрибарæй рацу-бацу кæнон хæхты къæмбыртыл, фæлæ мæ ныр нал хъæуы нæдæр уыцы сæрибар, нæдæр мæ зарæн хъæлæс.

Ныр ма Саурæсугъд искуы мæ зæрдыл куы ‘рлæууы, уæд уарзæгой хæфсы аргъау нал æрымысын, налдæр уыцы зарджытæ райхъуысынц мæ зæрдæйæ. Саурæсугъд ацыд бынтондæр. Мæ зæрдæйы ма дзы цы баззад, уый – æнтъыснæг равг, радзурæн æмæ разарæн кæмæн нæй, ахæм. Æмæ уый та кæддæриддæр мемæ вæййы, мæнæ мæ мад мæ бецыччы бындзыг æвзист æвæрæны йæ хъуыры ауыгъдæй куыд хаста, афтæ, – кæд, дам, ыл хæсты ницы ‘рцæуид...

– Гъе, уый та уын мæ аргъау... Æниу сымах циниктæ стут æмæ уæм цы бахъардзæни... Фæлæ мæнмæ дæр афтæ нæ хъары уæ дзырд... Алы чъизи ныхæстæ кæнут устыты тыххæй, фæлæ мæн сылгоймаг ныййардта æмæ кæд цыфæнды æвзæр у, уæддæр æй чъизи æмæ хъахбай никуы схондзынæн... Цыма уæхæдæг цы сылты кой кæнут, уыдонимæ хъахбай митæ нæ фæкæнут!.. Уæхи кой арæхдæр куы кæниккат, сылгоймæгты налаты кой къаддæр, уæд, чи зоны, дуне сыгъдæгдæр æмæ рæсугъддæр уаид...

...Ацы ныхæстæ кæны иу ацæргæ лæг йæ хæдзары, хæлцгæнæны иунæгæй. Йæ разы ис сæны æвгтæ æмæ уыдон мелхиор саджилæгæй бахойы, цæмæй йæм байхъусой йе ‘мбæлттæ. Уыдонæй ам ничи ис. Уыдонимæ бадти рестораны. Уым цæл кодтой æмæ нæлгоймæгты расыг бадты куыд вæййы арæх, афтæ уыдон дæр æнæфсарм анекдоттæ дзырдтой, сылгоймæгты койæ сæхи хастой. Ницы дзырдта æрмæст иунæг ацы лæг, кæд æмбæйттæ æмæ æмгæрттæ уыдысты, уæддæр. Уый нæ уарзы ахæм ныхæстæ, фæлæ сæм исты сдзурын нæ бауæндыди. Нæ бауæндыд йæ аргъау радзурын дæр. Тарсти, мыййаг æй зæронд романтик æмæ сентименталон салдат куы рахоной. Æцæг ын нымад уыд иу хъуыддаг: йæхæдæг сæ уæд рахуыдтаид циниктæ, фæлæ йæ дзырд ницы акарстаид, уыдон фондз уыдысты, уый – иунæг...

Ницы сдзырдта, афтæмæй рацыд ресторанæй. Сæхимæ куы схæццæ, уæд æрдæгæхсæвæй ахызт. Бинонтæ иууылдæр сæ тæккæ фынæйыл уыдысты æмæ сæ никæй райхъал кодта. Бацыд хæлцгæнæнмæ. Рухс ссыгъта æмæ æрбадт «Бæгъиаты дон»-æй баназынмæ. Иу агуывзæ дзы куы банызта, уæд йæ

хуыссæг бынтондæр алыгъд æмæ та йæ æрфæндыд баназын. Райста уазалгæнæнæй коньячы авг æмæ дзы сындæггай нуæзта. Йæ зæрдыл æрлæууыдысты рестораны æмгæрттæ, се 'нæфсарм ныхæстæ, æмæ йæм ныр хардзау æркаст, кæй ницы сæм суæндыд дзурын, уый. Æмæ райдыдта йæ аргъау кæнын суары æмæ арахъхъы æвгты раз сæхи хæлцгæнæны...

Йæ аргъау куы фæци, уæд ыл хуыссæг фæтых, йæ сæр йæ дзуарæвæрд цæнгтыл æруагъта æмæ бадгæйæ бафынæй.

*Июль, 1980, Пицундæ*

Æхца хицау цы æхсæнады у, дзыллæты фылдæр хай мæгуыргурты цардæй кæм цæрынц, æввонгхорты чысыл къорд та йæ хъал бон кæм калы, уым «реалон сæрибарæн» уæвæн нæй. (...) Абсолютон сæрибар кæй хонынц, уый у буржуазон кæнæ анархион дзæнгæда.

***Владимир Ленин***

*ТЕДЕТЫ Ефим*

# БЫНДАРЫ КАДÆГ

## МÆ ХЪИСФÆНДЫР

О мæ фæндыр, дæ хæтæнтæ
Дардыл ысты мæ цинæй, –
Сарæзтон дын зараг тæнтæ
Сираг бæхы къæдзилæй.

Арв ныннæры, æрбадихтæ,
Мигътæ судзынц пырхытæй,
Зæхмæ хауынц ыставд ихтæ
Тугамæстæй сырхытæй...

Сагъæс риумæ æрбабырсы,
Баппæрстай мæ фыд хæсы,
Сабийау дæ мæ хъæбысы
Заргæ-цæгъдгæ фæхæссын.

Сау дуг сауæй цы нæ скодта,
Сау тыхтæн æй куы фидæм.
Хæлынц уымæй нæ мæсгуытæ,
Хæлы уымæй нæ фидæн.

Цард ивайыс зæфцы фыдæй, –
Чи стæм – не стæм йæ зонæг.
Аппар, мæ хур, мæрдон фынæй,
Бахиз дæхи, ирон лæг.

Фæндыр зары... Де змæлæнты
Бакъуындæгыл æрдис кæн.
Уый зарæг у – дард замантæй
Дард фидæнмæ фæдисхъæр.

## БЫНДАРЫ КАДÆГ

Адæймаг? Чи дæ, – æххæст æй нæ бамбæрстон:
Арфæ дæ райгуырдæн, арфæ!
Равзæрдтæ зæххыл, æви дæ æрбаппæрстой
Ацы дунемæ Уæларвæй?

Мадау мæ бафтыдтай амонды фæндагыл
Зарæджы ныфсæн, бæркадæн.
Радтай мын зонды тых, базыртæ æмæ дыл
Уымæн ыскодтон мæ «Бындары кадæг»...

Æз уæд дæ дарддæры балцмæ фæразæй дæн,
Бахæрон цардæн йæ рынтæ;
Адæймаг зæххыл æнустæм нæ баззайдзæн,
Атæхдзæн дарддæр цæрынмæ.

Фæндаг æгæрон у, разæй цы рухс бон и,
Уымæ цæугæйæ, ныфсхастæй,
Афтæ мæм кæсы: фæхæссын зæххы къори,
Уаргъау, мæ фæсонтыл бастæй...

Фæлæ цы ранмæ? Нæ цæуы мæ тыхы бар,
Уый у мæ уды уæззау хæс, –
Уырдæм нæ хауы мæ зонды чысыл къуыбар.
Сагъæстæ... сагъæстæ... сагъæс...

## ЦЪИУТЫ САЙД

Дæ цард дæ зынты парахат,
Дæ фырт куы уыди цины цад,
Уæд-иу мæ, гыцци, хаттæй-хатт,
Цæмæн ысхуыдтай цъиуты сайд?

Уырны мæ, гыцци, раст дзырдтай, –
Нæ хъæуы сæрмæ азджын æрх,
Фæсайдта мæн уым, – бафтыдта
Фыццаг зарæгыл – булæмæргъ.

Мæ цин мæ зынтæй бафæллад,
Мæ уалдзыгон сырх сæуæхсид,
Ды цъиутæй дзырдтай, гъе фæлæ,
Куынæ баззадтæн мæргъты ’вджид...

Бæллын, бæллын.... Куыд баййафон
Мæ цины бон, уый сагъæс у.
Йæ сау дзыккутæй иуафон
Мæн сæрра кодта сау рæсугъд.

Дæн фатау ифтыгъд, арæзт дæн,
Мæ зæрдæ тохы не стъæлы, –
Æгæрон арвмæ уый фæстæ
Мæн асайдта зынг ыстъалы.

## МÆ УÆРДОН

Къæвда рæстæг уа, арф миты лæгæрдон,
Мæ хъысмæт у æгæр уæззау, цæуыл?
Мæхицæн тулдзæй сарæзтон лæгуæрдон
Æмæ фæдисæй тар хъæдмæ цæуын.

Цæуын... Фæцæуын сау хохы лæгæтмæ,
Мæ хæдзар уым ис, уыцы ран цæрын,
Цæмæй фæфидон арф кæмтты лæггæдтæ, –
Мæ  хъисфæндыр æрхæндæгæй цæгъдын.

Æрттивынц ам бæрзонд хæхтæ, ызгъæртау,
Æдзæрæг дуне – сау мигъты хæтæн, –
Тæдзынæгау, мæ цæссыгтæ ызгъæлдта
Мæ сау хъысмæт мæ фæндыры тæнтæм.

Æз иунæг дæн, æмбал зынæг нæма и,
Бæрзонд хæхты, хæтгæ-цæргæ, мæ къух
Нæ сахуыр и цыкуратæ нымайын, –
Нымайын арвы стъалытæ æдзух...

Уæдæ нæм ис æмсæрзарды Фæлвæра?!
Хъæддаг æрсытæй ме 'рдхордгæндтæ ис, –
Мæ хъисфæндырæй ацæгъдын фæлварын,
Сæ ныхтæй мын фæцæйтонынц йæ хъис....

Цæрын æз афтæ: тар хъæдæн йæ сагъæс
Куы райхалон, нæ урс хæхтæ мæнæн
Уæд ратдзысты дзыхъхъыннæуæг уæззау хæс,
Æмæ мæм калдзæн диссаг балц тæмæн.

Цæй, размæ уæдæ! Арвнæрдæн йæ рæхыс
Æз арæмыгътон, тул, мæ уæрдон, тул.
Мæ фæндаг хæхтыл дун-дунетæм ахызт,
Йæ иу цалх мæй у, иннæ цалх та – хур.

# ЛЕВ ТОЛСТОЙ: 190 АЗЫ



*Лев ТОЛСТОЙ*

# РАДЗЫРД, ÆМБИСÆНДТÆ, ХЪУЫДЫТÆ

## МÆГУЫР АДÆМ

Кæсагахсæджы халагъуды арты фарсмæ бады Жаннæ, кæсагахсæджы ус, æмæ рæхсы зæронд кæттаг. Æдде æхситт кæны, ниуы дымгæ, æмæ цæллахъгæнгæ уылæнтæ ныддæрæн вæййынц былгæроныл. Æдде – талынг æмæ уазал, уад абухы, фæлæ кæсагахсæджы халагъуды хъарм у, стæй удæн æхцон. Халагъуды зæхбын – сыгъдæг, хæрзмарзт, пецы арт нæма æрмынæг, тæрхæгыл æрттивы мигæнæн. Сынтæджы урс æмбæрзæны бын хуыссынц фондз сывæллоны, знæт денджызы ниуын сæ ницы хъыгдары. Хæдзары хицау райсомæй йæ бæлæгъы денджызы аленк кодта æмæ нæма ‘рбаздæхти. Æфсин уылæнты уынæргъын æмæ дымгæйы рыхын хъусы æмæ йæ зæрдæ ризы.

Зæронд хъæдын сахат фæсус хъæр ныккодта дыууæ хатты – дæс сахатыл, стæй та иуæндæсыл... Уæддæр лæг зынæг нæма и. Жаннæ хъуыдыты аныгъуылди. Лæг йæхиуыл нæ ауæрды, уазалы дæр, тымыгъы дæр кæсаг ахсы. Сылгоймаг райсомæй изæрмæ кусы. Æмæ цы? Мамæлайы къæбæрæй цæрынц. Сывæллæттæн къахыдарæс нæй: сæрдæй, зымæгæй бæгъæввадæй згъорынц; мæнæуы ссадæй конд дзул цы у, уый нæ зонынц. Хуыцау хорз æмæ сæм цъой фаг ис, ахуыйæнæн

та сын – кæсаг. «Цæй, Хуыцауæн табу, уæддæр æгайтма æнæниз сты! Хъуамæ хъаст ма кæнæм, – хъуыды кæны Жаннæ æмæ та тымыгъы уынæргъынмæ ныххъуыста. – Кæм и ныр нæ лæг? Фыдбылызæй йæ бахиз, Хуыцау!» – дзуры æфсин æмæ йæхи-уыл дзуæрттæ бафтыдта.

Хуыссын афон нæма у. Жаннæ сыстад, йæ сæр бæзджын кæлмæрзæнæй æрбатыхта, фанар ссыгъта æмæ уынгмæ рацы-ди – базона, денджыз фæсабырдæр и æви нæма, бон цымæ æрбацъæхтæ, маяк судзы æви нæ, йæ лæджы бæлæгъ никуы-цæй ма зыны? Фæлæ денджызы цъиуызмæлæг нæй. Дымгæ Жаннæйы кæлмæрзæн аскъæфта, стæй кæцæйдæр цыдæр ра-тыдта æмæ дзы сыхæгты дуар хойы. Жаннæйæн йæ зæрдыл æрбалæууыд, изæрæй сæ сыхæгты рынчын усы абæрæг кæни-наг кæй уыд, уый. «Фæкæсæг æм нæй, мæгуыр», – ахъуыды кодта Жаннæ æмæ дуар бахоста. Байхъуыста мидæмæ... Дзуап-дæттæг нæй.

«Идæдз усæн йæ хабар хорз нæу, – йæхинымæр дзуры сыл-гоймаг къæсæры цур лæугæйæ. – Кæд ын дыууæ сывæллоны йеддæмæ нæй, уæддæр сын рынчынæй цы кæна? Ехх, куыд зын у идæдзæн! Цæй, бахизон, бабæрæг æй кæнон».

Жаннæ ма цалдæр хатты бахоста дуар. Дзуапп ын ничи радта.

– Гъей, хæдзаронтæ! – бахъæр кодта Жаннæ.

«Мацы йыл æрцæуæд», – ахъуыды кодта ус æмæ дуар ба-тъæпп кодта.

Агъуысты уыд уазал æмæ уымæл. Жаннæ фанар уæлдæр си-ста. Æмæ æппæты фыццаг йæ цæст ацахста дуары бакомкоммæ сынтæг, хуыссæны æнæзмæлгæйæ уæлгоммæ хуыссыди ус. Афтæ æдзæмæй, æнæзмæлгæйæ фæхуыссынц мæрдтæ. Жаннæ йæм фанар хæстæгдæр бадардта. Уый у. Йæ сæр уыди фæстæмæ æппæрст, уазал, цъæхбын цæсгом – цæвиттон, æгас нал у. Фæлурс мард цонг, цыма йæхи цæмæдæр ивæзта – хъæмпæй æрдзедзыкка. Чысыл æддæдæр дыууæ чысыл тыппыррус æмæ къæбæлдзыгсæр сывæллоны хуыссыдысты зæронд кæлмæрзæнæй æмбæрзтæй, сæ бурдзалыг сæртæ кæрæдзимæ æрбалвæстой.

Æвæццæгæн ма мадæн йæ уд сисыны размæ бантысти гыц-цылты къæхтæ зæронд кæлмæрзæнæй бамбæрзын. Сабитæн сæ улæфт – сæрибар æмæ æнцад, кæнынц адджын фынæй.

Жаннæ авдæн æд сывæллæттæ райста, кæлмæрзæнæй сæ бæстон бамбæрзта æмæ сæ йæ хæдзармæ рахаста. Йæ зæрдæ

йæ риуы гыбар-гыбур кæны. Йæхæдæг дæр æй нæ зоны, цæмæн афтæ бакодта, уый. Уæвгæ зыдта, æнæ афтæ бакæнгæ йын кæй нæ уыд, уый.

Хæдзары сæ йæхи сывæллæтты фарсмæ æрæвæрдта æмæ сæ тагъд-тагъд амбæрзта. Ныффæлурс и, фыртыхстæй цы акæна, уый нæ зоны. Йе 'фсарм ын æнцой нæ дæтты. «Цы зæгъдзæни нæ лæг, – йæхиимæ ныхас кæны сылгоймаг. – Уый хъазын нæу: хæдзары фондз сывæллоны, уыдонмæ зилын дæр тыхтæ-фыдтæй куы фæразы, ныр ма йæ фыдæбæттыл ноджы бафтдзæн. Æрбацæуы, æнхъæлдæн... Нæ, нæма зыны!.. Цæмæн сæ рахастон?.. Нæмгæ мæ кæндзæни! Æмæ мын хъæугæ дæр кæны. О, афтæ мын хъæуы. Мæнæ 'рбахæццæ! Нæ!.. Уый ноджы хуыздæр!»

Дуары хъинц фæцыди. Цыма чидæр æрбацыди. Жаннæ фесхъиудта, бандонæй фестади.

«Нæ. Ничи та 'рбацыд! О Хуыцау, цы ми бакодтон! Цæмæн?.. Ныр ма йæм цы цæсгом равдисдзынæн?..» Жаннæ цы уыд, уымæй сагъæсты аныгъуылд æмæ æнæдзургæйæ сынтæджы цур бады.

Къæвда банцад. Æрбарухс, фæлæ дымгæ раздæрау йæ уынæрæй не 'нцайы. Денджыз дæр фыццагау æмбухы.

Уалынмæ дуар фегом, агъуыстмæ денджызон сыгъдæг уæлдæфы уылæн æрбанхъæвзта, æмæ бæрзонд саулагъз кæсагахсæг æрбахызт, йæ фæдыл ласта йæ хуылыдз пырхытæ хыз:

– Жаннæ, мæнæ дæн æз дæр!

– Уый ды дæ? – сдзырдта Жаннæ, стæй фæхъус, хæрдмæ скæсын нæ бауæндыди.

– Ахæм ма дзы æнахъинон æхсæв уа! Цыма хъаймæт æрцыди!

– Уæдæ, уæдæ! Æвирхъаудæр æхсæвæн скæнæн нæй! Исты бафтыди дæ къухы?

– Мур дæр ницы! Æппындæр ницы 'рцахстон. Æрмæст мæ хыз сау быны пырхытæ ныцци. Хорз нæу хабар... Æниу хъуамæ цы 'рцахстаин ахæм æнæхайыры тымыгъы! Хуыцауæй разы – уæддæр сæрæгасæй сæмбæлдтæн хæдзарыл... Æмæ ды та æнæ мæн цы митæ кодтай?

Лæг йæ хыз уатмæ æрбаласта æмæ пецы фарсмæ æрбадт.

– Æз? – ныффæлурс, афтæмæй сдзырдта Жаннæ. – Бадтæн, цыдæртæ рæхсадтон... Дымгæ афтæ ниудта, æмæ-иу фæудайст дæн. Дæуæн тарстæн.

– Ай-гъай, æрдз бынтондæр схæйрæдждждын, – багуым-гуым кодта лæг. – Цы нæ бон у, фæразын хъæуы!

Дыууæйæ дæр ныхъхъус сты.

– Æнамонд хабар, – загъта Жаннæ, – нæ сыхаг Симон амарди.

– Уæууа...

– Кæд амард, уый дæр бæлвырдæй нæ зонын, æвæццæгæн, знон. Бирæ хъизæмар фæкодта, мæгуыр. Æниу йæ сабитыл йæ зæрдæ куыд рысти! Нырма хæрз къаннæг сты. Иу дзы дзургæ дæр нæма кæны, иннæ та йæ фазыл бырын æрæджы райдыдта.

Жаннæ ныхъхъус. Лæг æлхынцъæрфыгæй бадти, сагъæсты аныгъуылди.

– Уый дын хабæрттæ, гъе! – сдзырдта æрæджиау æмæ йæ къæбут аныхта. – Ныр цы бачындæуа? Нæхимæ сæ æрбахæссын хъæуы, науæд куы райхъал уой, уæд цы ми кæндзысты? Хуыздæр хос нæй, рахæссын сæ хъæуы... Исты амæлттæ сын кæндзыстæм! Марадз, ауай сæм!

Фæлæ Жаннæ йæ бынатæй не 'нкъуысти.

– Цæй, цы ныхъхъус дæ? Нæ дæ фæнды?

– Мæнæ дæ цуры сты, – загъта Жаннæ æмæ хуыссæнæмбæрзæн иуварс аппæрста.

## МÆГУЫР ЛÆГ ХЪАЗТЫ КУЫД ДИХТÆ КОДТА

Мæгуыр лæгмæ дзул нæ уыд æмæ сфæнд кодта бонджынæй дзул ракурын. Фæлæ йæм афтидармæй бацæуын йæ цæсгом нæ хъæцыди. Гъемæ хъаз æрцахста, сфизонæг æй кодта, афтæмæй бацыди бонджын лæгмæ.

Бонджын хъаз райста æмæ дзуры мæгуыр лæгмæ:

– Бузныг дæ хуынæй, фæлæ нæ зонын, куыд æй адихтæ кæнæм, уый. Ис мын бинойнаг, дыууæ фырты æмæ дыууæ чызджы. Куыд байуарæм хъаз, цæмæй иуы зæрдæхудты дæр ма бацæуæм, уый тыххæй?

Мæгуыр лæг загъта:

–Æз æй адихтæ кæндзынæн.

Райста кард, хъазы сæр ачъепп ласта æмæ дзуры хæдзары хицаумæ:

– Ды бинонты сæр дæ æмæ дын мæнæ сæр.

Уый фæстæ ралыг кодта хъазы дымæг æмæ йæ æфсинмæ радта:

– Ды иудадзыг хæдзары бадыс, хæдзармæ дæ хъус дарыс, æмæ дын – дымæг.

Уый фæстæ ралыг кодта къæхтæ æмæ сæ лæппутæм дæтты:

– Сымах уæ фыды фæзмдзыстут, йæ фæндæгтыл цæудзыстут, æмæ уын мæнæ къæхтæ.

Чызджытæн та радта базыртæ. Сымах, дам, тагъд уæ хæдзарæй атæхдзыстут, æмæ уын мæнæ базыртæ. Цы ма дзы баззад, уый та мæхи фæуæд! Æмæ хъаз йæхицæн райста.

Хæдзары хицау дзæвгар фæхудти, мæгуырæн дзул æмæ æхца радта.

Ацы хабар иу хъæздыг лæджы хъустыл æрцыди, фондз хъазы сфизонæг кодта æмæ дын сæ бонджынмæ куы бахæссид.

Бонджын ын афтæ:

– Бузныг дæ хуынæй. Фæлæ мын ис ус, дыууæ фырты, дыууæ чызджы. Цæвиттон, æхсæз уды стæм, æмæ цæмæй иуы зæрдæхудты дæр ма бацæуæм, уый тыххæй дын дæ хъазтæ куыд байуарæм?

Хуындзау лæг фæхъуыды кодта, фæлæ йæ бон дзуапп раттын не сси.

Бонджын мæгуыр лæгмæ бадзырдта æмæ йын бафæдзæхста хуын адихтæ кæнын. Мæгуыр лæг хъазтæй иуы райста æмæ йæ радта лæг æмæ усмæ. Дзуры сæм:

– Ныр ацы хъазимæ æртæ баистут.

Дыккаг хъаз радта лæппутæн:

– Сымах дæр ныр æртæ стут.

Æртыккаг хъаз радта чызджытæн:

– Сымах дæр æртæ баистут.

Мæгуыр лæг дыууæ хъазы йæхицæн райста:

– Ныр мах дæр æртæ стæм. Мæнмæ гæсгæ, ам иу адæймаджы зæрдæ дæр нæ фæхуддзæни.

Хæдзары хицау та дзæвгар фæхудти, мæгуыр лæгæн та æхца æмæ дзул радта, хуыны хицауы та тæргæ ракодта.

## ÆДЫЛЫ ÆМÆ КАРД

Иу æдылымæ уыди тынг хорз кард. Æдылы дын дзы æфсæйнаг лыг кæнын куы байдаид. Фæлæ кард æфсæйнаг куыд хъуамæ алыг кодтаид? Уæд æдылы афтæ:

– Дыууæ сау капеччы аргъ дæр нæу мæ кард.

Æмæ дзы кисель лыг кæныныл схæцыд: ауадзы кард кисе-

лыл, фæлæ кисель куыд уыд, афтæмæй баззайы. Æдылы та загъта:

– Дыууæ сау капеччы аргъ дæр нæ дæ! – æмæ замманай кард ныззыввытт ласта.

## ЛЫСТÆГ ÆНДÆХТÆ

Иу лæг æлвисæг усмæ бацыд æмæ йын афтæ, лыстæг æндæхтæ, дам мын балвис. Ус ын балвыста лыстæг æндæхтæ. Лæг сæ куы федта, уæд афтæ:

– Адон нæ бæззынц. Мæн бынтон лыстæг æндæхтæ хъæуы.

Ус ын загъта:

– Кæд дæм адон лыстæг нæ кæсынц, уæд дын уартæ æндæртæ, – æмæ йын бацамыдта афтид бынатмæ.

Лæг ын афтæ, куы ницы, дам, уынын.

Æлвисæг ын дзуапп радта:

– Бынтон лыстæг кæй сты, уый тыххæй сæ нæ уыныс. Æз сæ мæхæдæг дæр нæ уынын.

Æдылы бацин кодта æмæ загъта, уæдæ, дам мын ахæмтæ балвис æмæ йын æхца бафыста.

## БАЙУÆРСТОЙ СÆ БЫНТÆ

Иу лæгæн уыди дыууæ фырты. Иуахæмы сын загъта:

– Куы амæлон, уæд-иу мын мæ бынтæ æмхуызон адихтæ кæнут. Фыд куы амард, уæд лæппутæн сæ бон нæ уыди хæдзары мулк байуарын. Гъемæ сæ сыхагмæ фæрсынмæ бацыдысты. Сыхаг сæ фæрсы:

– Куыд уын загъта уæ фыд?

Лæппутæ йын дзуапп радтой:

– Æмхуызон, дам-иу сæ адих кæнут.

Сыхаг сын афтæ:

– Гъемæ уæ дарæстæ æмхуызон аскъуыдтæ кæнут, уæ къустæ, тæбæгътæ æмбистыл асæттут, уæ фос аргæвдут æмæ сæ дыгай дихтæ акæнут.

Æфсымæртæ сыхагмæ байхъуыстой, æмæ сæм мулкæй ницыуал баззади.

# МÆРДТЫБИРÆГЪТÆ ÆМÆ ПЫЛ

Мæрдтыбирæгътæ, хъæды хæдмæлы мыггагæй цы уыд, уыдон бахордтой æмæ сыдæй мæлынмæ æрцыдысты. Уæд зæронд мæрдтыбирæгъмæ æрцыд ахæм фæнд. Пылмæ бацыд æмæ йын афтæ зæгъы:

– Паддзах нын уыди, фæлæ æгæр æнæуаг митæ кæнын байдыдта: саразæн цы хъуыддагæн нæ уыд, уыдæттæм нæ лæгдыхæй æрвыста. Ныр æндæр паддзах равзарæм, зæгъгæ, ахæм фæндмæ æрцыдыстæм. Гъемæ дæ курæм: рацу нæм æмæ нын паддзахиуæг кæн. Мах коммæгæс стæм: цы зæгъай, уый æнæ уæлдай ныхасæй кæндзыстæм, дæ ном дын буц дардзыстæм. Дæ хорзæхæй, саккаг нæм кæн.

Пыл сразы æмæ мæрдтыбирæгъы фæдыл араст. Мæрдтыбирæгъ æй цъымарамæ бакодта. Пыл дзы ныссагъд, уæдæ цы уыдаид. Уæд æм мæрдтыбирæгъ дзуры:

– Ныр дæм хъусæм. Цыдæриддæр зæгъай, уый бакæндзыстæм.

Пыл загъта:

– Бардзырд уын дæттын: ардыгæй мæ раласут.

Мæрдтыбирæгъ ныххудт æмæ афтæ:

– Мæнæ мæ къæдзилыл ныххæц æмæ дæ æз рахæр-хæр ласдзынæн.

Пыл æм дзуры:

– Æмæ мæ дæ къæдзилæй куыд раласдзынæ?

Уæд ын мæрдтыбирæгъ дзуапп радта:

– Омæ саразæн цы хъуыддагæн нæй, уый нын цæмæн кæнын кæныс? Мах нæ раздæры паддзахы дæр уый тыххæй куы фæсырдтам.

Пыл цъымарайы куы ныххæдмæл, уæд æм мæрдтыбирæгътæ бацыдысты æмæ дзы сæхи хорз бафсæстой.

# МÆРГЪТÆ ÆМÆ ХЫЗ

Цуанон цады был сæвæрдта хыз æмæ бирæ мæргътæ æрцахста. Мæргътæ стыртæ уыдысты, хыз сæ уæлæ систой æмæ атахтысты. Цуанон сæ фæдыл ныййарц. Иу лæг æй ауыдта æмæ йæм дзуры:

– Кæдæм згъорыс? Фистæгæй мæргъты куыд баййафдзынæ?

Цуанон ын дзуапп радта:

– Иу маргъ куы уаид, уæд æй нæ баййафин, фæлæ сæ ныр баййафдзынæн.

Æцæгæй дæр афтæ рауад. Куы ‘ризæр, уæд мæргътæй алкæй дæр бахъуыд æхсæвиуат кæнын. Æмæ чи хъæдырдæм ивæзта хыз, чи – цъымарамæ, чи – быдырмæ. Æмæ иууылдæр æд хыз зæхмæ æрхаудысты. Цуанон дæр бацыд æмæ се ‘ппæты дæр йæ хæдзармæ рахаста.

## ТОЛСТОЙЫ ХЪУЫДЫТÆ

* * *

Теуайæн судзины хуынчъы ахизын æнцондæр у, хъæздыгæн Хуыцауы дунемæ бахауынæй. Нæ Ирвæзынгæнæджы ацы хъуыдытæ сты æвирхъау раст.

* * *

Адæймаг цалынмæ мæлæтæй тæрса, уæдмæ йæ къухы никуы ницы бафтдзæни. Мæлæтæй чи нæ тæрсы, уымæ та алцыдæр уыдзæни.

* * *

Цæр Хуыцауы агургæйæ, æмæ уæд æнæ Хуыцауæй нæ цæрдзынæ.

* * *

Наукæ ныр ссис, æвæлмонæй чи цæры, уыдонæн дипломтæ уарæг.

* * *

Бухъ цардæй чи цæра æмæ йæхицæй бузныг чи уа, ахæм разагъды лæгтæ нæ вæййы. Курдиатæй æххæст адæймагæн йæ иунæг, æнæгуырысхойаг миниуæг у, удуæлдайæ, хи ныводæн хæсгæйæ, йæ мидæг цы тых и, уый иннæтæн цæстуарзонæй куы дætта, уæд уый. Æнæ хъизæмарæй фарны хæзнатæ нæ гуыры...

Чырысти дзуарыл тыгъдæй дзæгъæлы нæ амарди: хъизæмары амæддаг чи суа, уый алцæуыл дæр фæуæлахиз вæййы.

* * *

Адæймагæн сахары сæдæ азы дæр йæ бон фæцæрын у, фæлæ уæддæр нæ бамбардзæни, раджы кæй бамбыд, уый. Йæхимæ лæмбынæг æркæсынмæ йæ не 'вдæлы, æдзухдæр мамазила кæны.

* * *

Цалынмæ базаргæнджытæ кувæндонæй æрвыст не 'рцæуой, уæдмæ аивады кувæндонæн кувæндон схонæн нæ уыдзæни. Фидæны аивад сæ феддæдуар кæндзæни.

* * *

Бæлоны хорзракæнд хорзракæнд нæу. Стæй бæлон бирæгъæй хæрзгæнæгдæр у. Хорзы цæуынæн йæ къæпхæнтæ райдайынц, сæрызондæй архайынмæ куы бавналынц, уæд.

* * *

Цагъарæй разагъды лæг никуы рауайдзæн, уымæн æмæ разагъды лæг, зæгъгæ, уыцы ныхас цагъар йæхирдыгонау æмбары.

* * *

Йæ царды кæронмæ чи фæцæйхæццæ кæны, уыдон уидзын райдайынц, кæддæр цы байтыдтой, уымæй баззайгæ æфсиртæ.

* * *

Кæд дæм афтæ кæсы, чидæр дæ цуры аххосджын у, уæд ын ныббар æмæ йæ ферох кæн. Махæн æфхæрыны бар нæй. Æмæ бамбардзынæ, хатыр кæнын амонд кæй у, уый.

* * *

А царды æппæты хуыздæр æмæ стырдæр хъуыддаг – æвæсмонæй, æдæрсгæйæ амæлын.

* * *

Дунейыл ис æрмæстдæр иунæг æнæгуырысхойаг амонд – æндæры сæрвæлтау цæрын.

* * *

Идеал у фæндагамонæг стъалы. Æнæ уый нæй фидар къахдзæфтæ кæнæн. Æнæ фидар къахдзæфтæ кæнгæйæ та цард нæй.

* * *

Быцæу кæнгæйæ рæстдзинад рохуаты баззайы.

* * *

Кæцыфæнды адæймаг дæр цыфæнды аххосджын, фыдгæнæг, æнахуыргонд, зондцух куы уа, цыфæнды цъаммар æмæ æнæсæрфат митæ куы кæна, уæддæр йæхи æнæмæнг ныммайы растыл.

* * *

Де 'фсарм растыл цы хъуыддаг нæ ныммайы, уымæй дæхи иуварс лас.

* * *

Адæм ахуырады сæйраг хай скъолайæ нæ райсынц, фæлæ цардæй.

* * *

Уды тырнæнтæ райдианы вæййынц сыгъдæг æмæ табуйаг. Цард бабын кæны æппæт тырнæнты æнæазым æмæ аив апп.

* * *

Рæстдзинад раиртасынæн æмæ бамбарынæн æппæты сæйрагдæр цæлхдур мæнгдзинад нæу, фæлæ, рæстдзинады хуызы чи бацæуы, уыцы фæлитой ми.

* * *

Æнтыст къухы бафты æрмæст иу миниуæджы фæрцы – уый у фæразондзинад.

* * *

Æвзæр адæймæгты тых, иумæ кæй архайынц, уый мидæг ис. Хорз адæймæгты тых дæр цæмæй ахада, уый тыххæй хъуамæ иумæ архайой.

* * *

Ахæм адæм ис, тыхст æмæ уырыдæй чи цæры, фæлæ уыцы цардæй сæрыстыр чи у. Мæнæ бæхæн йæ рохтæ куы суадзай,

уырдыджы йæ куы аскъæрай æмæ ма йыл ноджы ехсæй куы æрцыдтытæ кæнай, уый хуызæн.

* * *

Цасфæнды æмæ куыдфæнды дзур, уæддæр дзы мадæлон æвзагæн æмбал нæй. Уды фæндиæгтæ зæгъын дæ куы фæнда, уæд иу францаг дзырд дæр дæ сæрмæ не 'рцæудзæн. Искæй цæстмæ дæ дæхи равдисын куы фæнда, уæд уый та æндæр хъуыддаг у.

* * *

Адæймаг йæхæдæг йæхи куыд нæ сисдзæн, афтæ хицæй раппæлын дæр йæ бон нæу. Уый нæ, фæлæ ма йæхицæй раппæлынмæ куы фæхъавы, уæд дзы адæмы цæсты кад нал вæййы.

* * *

Адæм ахуыр кæнынц, куыд дзурын хъæуы, ууыл, сæйраг наукæ та у, дзыхыл хæцын куыд æмæ кæд хъæуы, уый.

* * *

Адæмæн йæ литературæ у йæ уд æмæ йæ зонд æххæстæй, алывæрсыгæй æвдисæг. Хъуамæ дзы æмхуызонæй разыной адæмы уарзт рæстдзинадмæ, стæй адæмы цæстæнгас фидауцмæ.

* * *

Махæн нæ хорз миниуджытæ нæ галиу митæй фылдæр зиан хæссынц.

* * *

Зондæй æххæст чи уа, ахæм цардæн йæ рахæцæн у, дæхицæй разы куынæ уай, уæд уый. Æрмæстдæр ахæм цард разæнгард кæны адæймаджы хиуыл кусынмæ.

* * *

Хорз нæу, адæймаг цæй тыххæй амæла, ахæм исты йын куынæ уа, уæд.

* * *

Хахуыр тынгдæр ахадын райдайы, йæ ныхмæ куы сдзурай, уæд.

* * *

Æппæтæй ахсджиагдæр у, кадыл хъуыды кæнынæй куы ссæрибар уай, уæд уый. Адæм дæ цы зæгъдзысты, уымæ дæ хъус макуы дар.

* * *

Цавæрфæнды аивадæн дæр йæ сæйраг бæрæггæнæн у бæрц зонын.

* * *

Адæймаг бацæуы тæригъæды. Тæригъæды цæуын ын бацамоны дæлимон – афтæ, дам, куы бакæнай, уæд уый раст уыдзæни.

* * *

Æз зæронд дæн, рæзыны афон кæнæ аивгъуыдта, кæнæ фæивгъуыйы; фæлæ мæ уæддæр тухæнæй марынц монцтæ... ома кадмæ нæ бæллын, æлгъ ыл кæнын, фæлæ мæ фæнды адæмæн амонд æмæ пайда хæссын.

* * *

...мæ алыварс адæмы – хъæздгуыты, ахуыргæндты – цард мын канд æнад не ссис, уый мæм кæсын райдыдта бынтон æнæсæрфат.

* * *

Адæм æххормаг уымæн сты, æмæ мах æфсæст кæй стæм. Куыннæ хъуамæ уой адæм æххормаг, кæд æмæ æвирхъау уавæрты цæрынц: иуæй сæ хъалонтæ удхарæй марынц, иннæмæй сæм зæхх нæй. Нoджы сæ бынтондæр рохуаты ныууагътам æмæ хъæддæгты цардæй цæрынц. Æниу цы уæззау куыстытæ кæнынц, уый та! Æмæ сын уыцы æбуалгъ куыстыты бæркæдтæ ныхъуырынц столицæтæ, хъæздгуытæ цы сахарты æмæ хъæуты цæрынц, уыдон. Ахæм хъизæмайраг уавæрты цардысты æдзухдæр. Ацы аз хор не ‘рзад, æмæ царды тæн бынтондæр ныммæнгæфсон, аскъуыйынæввонг у.

* * *

Амæй размæ джиппы цы рауагътон, уыдон цыма мæ фыссæнгарзы фæлварæнтæ сты, сауфыст **opus**-тæ. Ныртæккæ цы уадзын, уыдон кæд раздæрыуонтæй хуыздæрыл нымайын, уæддæр мæм цаудгомау кæсынц.

* * *

Цардæй бирæ истæмæты ма 'нхъæлмæ кæсут, нырæй хуыздæр рæстæджытæ уыл не скæндзæни... Царды амонд нæй, амондæн дзы æрмæст йæ мæнгæфсон æрттывдтытæ вæййы, – уыдонæн аргъ кæнут, уыдон ныфсæй цæрут.

* * *

Зæхх у нæ иумæйаг мад, уый нæ дары, свæййы нын фысым, цин нын хæссы æмæ нæ уарзæгой зæрдæйæ тавы... Æмæ уыдæттæ нæ нымайгæйæ, адæм радзур-бадзуртæ кæнын байдайынц зæххæй базар кæныны тыххæй. Æмæ æцæгæй дæр нæ уæййаг æнусы зæххæй базар кæнын байдыдтой, æргътæ йыл æвæрынц. Фæлæ зæхх не Скæнæг сфæлдыста, æмæ йæ уæй кæнын æнæсæрфат, хъæддаг ми у... Хуыцау æй йæ хъæбултæн радта, цæмæй йыл цæрой, зилой йæм, цæрæнхос сын уа, æмæ йыл цалынмæ цæрой, уæдмæ йыл сæ бар цæуа. Зæхх æппæт адæмæн у иумæйаг, нæй йын хицæн адæймæгты исбон уæвæн.

* * *

Додой йæ къона, тæригъæдтæй ссыгъдæг дæн, зæгъгæ, чи зæгъа, уыцы адæймагæн.

* * *

Цæмæй дæ буар буц дарай, уый тыххæй дын хъуамæ гуырымыхъ уд уа.

* * *

Куы амæлон, уæд мæн тыххæй, «номдзыд фыссæг», зæгъгæ, нæ дзурдзысты, фæлæ зæгъдзысты: «Цавæр Толстой? Мæнæ иу усимæ дыууиссæдз азы чи фæцард, уыцы цъиуты сайд».

* * *

Схъæл адæймагыл цыма ихæй цъар сæвæрдæуы. Уыцы цъар æм мидæмæ нæ уадзы æндæр исты æнкъарæнтæ.

* * *

Тæригъæды цæуын адæймаджы миниуæг у, тæригъæды цæуын растыл нымайын та дæлимоны миниуæг у.

* * *

Аивад у адæмы иугæнæг фæрæзты ахсджиагдæр.

* * *

Адæймаджы æцæг тых схъиуд митæй нæ рабæрæг вæййы, фæлæ уæззау зондæй.

* * *

Дуне размæ цæуы, хъизæмар чи кæны, уыдоны фæрцы.

* * *

Музыкæ а дунейыл у æппæты ахсджиагдæр аивад.

* * *

Раст фæндаг ахæм у: дæ размæ чи цард, уыдоны хъуыддæгтæ биноныг базон æмæ дарддæр цу.

* * *

Ælгъитынц дæ, фауынц дæ – цин кæн; æппæлынц дæ, хорз дæ хонынц – тæрс, хъыг дын уæд.

* * *

Рæстæг цæуы, ныхас баззайы.

* * *

Мæн фæнды бафæрсын: зæхкусджыты ссæрибар кæныны процесс 19 февралы Уагæвæрдыл цæмæн æрлæууыди – зæхкусджытæн сæ цард хуыздæр фæци æви æвзæрдæр, уый куы нæма сбæрæг, хизæнуæттæй, хъæдтæй пайда кæныны бар сын куынæ и, стæй, сæ бон бакæнын цы нæу, ахæм хæстæ сыл куы сæвæрдтой, уæд?.. Алчидæр æй зоны: зæхх адæмыл æмхуызон байуарын фарны хъуыддаг у. Уæдæ, æдылытыл кæй нымадæуы, уыдонæй фæстæмæ газетты цæуылнæ исчи фыссы зæххы проблемæ раст алыг кæныныл?



*1908 аз.*

# ДЗУРЫНЦ ТОЛСТОЙЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Толстой адæмæн хуымæтæджы æхххуыс нæ кодта, уый бырста, хъуамæ хуымæтæг адæмы чи уыдаид, уыцы дунемæ – хъæздгуыты дунемæ. Толстой хицæн æнамонд адæймæгты тыххæй нæ фыста, уый дзырдта адæмы 'хсæн ахастдзинæдты системæйыл, æмæ-иу хъахбай сылгоймаджы цард абарста, йæ алыварс цы цардыуаг уыдта, уыимæ. Уый уыдис уыцы цардыуаджы ныхмæ, кæд æй йæ бон фехалын нæ уыд, уæддæр. Кæм æрхуыисса, кæм бафынæй уа, ахæм бынат агурæг рынчынау-иу куы Мæскуымæ ацыди, куы Райдзаст Æрдузмæ, куы та Райдзаст Æрдузæй Мæскуымæ... (...) Толстой Мæскуыйы агуырдта хъæууон бæстыхай... Цæвиттон, горæты агуырдта хъæу.

* * *

Ирыстоны хæхты, Цъæймæ хæстæг иу æхсæрдзæн федтон. Боныгон дон уæлиау былæй дæлæмæ хауд, æхсæв та-иу их ныццы: мæйрухсмæ æрттывта егъау, къуызыртæ æмæ хæрзвидыц ихтæдзынæгау. Лев Николаевич арæхстис йе 'нкъарæнтæ ныссæлын кæнынмæ, йæ цæст цæмæй уынагдæр уа, уый охыл, уымæ гæсгæ зыдта фæсмон кæнын дæр.

Уый-иу алы адæймагæн дæр йæ дæргъ дæр æмæ йæ уæрх дæр базыдта, уæдæ йæхи дæр афтæ зыдта. Махæй та алчи нæ тырны йæхи базонынмæ.

***Виктор Шкловский***

* * *

Йæ царды кæронмæ хæстæг Лев Толстой хъавыди йæ «Мысинæгтæ» ныффыссынмæ (райдыдта сæ 1903 азы, фæлæ йын фыст нæ фесты). Сæ ныффыссынмæ йæ сразæнгард кодта æнахуыр хъуыды: «Я думаю, что написанная мною биография... будет полезнее для людей, чем вся та художественная болтовня, которой наполнены мои 12 томов сочинений и которым люди нашего времени приписывают незаслуженное ими значение».

Ацы ныхæстæ фыст æрцыдысты, Уæрæсейæн, стæй, чи зоны, не 'ппæт цивилизацийæн дæр кад æмæ намыс чи скодта, уыцы чингуытæ ныффыссæджы къухæй.

***Любовь Калюжная***

* * *

Роман «Война и мир» куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ Лев Толстой ссис уырыссаг литературæйы æцæг домбай.

***Иван Гончаров***

* * *

Йæ роман «Воскресение»-йы Толстой йе 'хсидгæ ныхасæй карз дæрæн ныккодта, дзыллæты цагъары æфсондзы бын чи дардта, уыцы паддзахадон, динон, æхсæнадон, экономикон æгъдæуттæ.

* * *

... Л. Толстой йæ куыстыты уыйбæрц стыр фарстатæ сæвæрдта, ахæм бæрзонд аивадон бæрзæндтæм схизын бафæрæзта, æмæ йæ уацмыстæ дунеон аив литературæйы бацахстой фыццагдæр бынæттæй иу.

***Владимир Ленин***

* * *

Максим Горький йæ очерк «В. И. Ленин»-ы æрымысыди Ленины ныхæстæ Толстойы тыххæй:

«Какая глыба, а? Какой матерый человечище! Вот это, батенька, художник... И – знаете, что еще изумительно? До этого графа подлинного мужика в литературе не было.

Потом, глядя на меня прищуренными глазами, спросил:

– Кого в Европе можно поставить рядом с ним?

Сам себе ответил:

– Некого.

И, потирая руки, засмеялся, довольный».

* * *

Ацы лæг, æмбал кæмæн нæй, ахæм хъуыддаг скодта, æнусы дæргъы цытæ æрцыд, уыдон равдыста æвæджиауы раст, æмбисонды тыхджын æмæ фидауцджынæй.

***Максим Горький***

* * *

Толстой аивадæй никуы фæиппæрд. Кæцыфæнды нывгæнæгæн дæр фæиппæрд уæвæн нæй, куы йæ бафæнда, уæддæр, йæ уд кæмæн снывонд кодта, уыцы хъуыддагæй, уымæн æмæ уый у йæ царды нысан. Дины æгъдæуттæм гæсгæ, гæнæн ис, æмæ йæ фыстытæ джиппы ма рауадза, фæлæ нæ фыссын йæ бон нæу. Толстой иудадзыг дæр кодта сфæлдыстадон куыст.

***Ромен Роллан***

* * *

1902 азы Толстой уæззау рынчын фæцис. Владимир Короленко йæ бабæрæг кодта æмæ стыр дисы аныгъуылди, Лев Николаевичæн цы уды фидар уыд, ууыл: «Йæ буар мæлы, йæ зонд та пиллон арт уадзы!»

* * *

Шекспиры, Бальзакы æмæ Толстойы сфæлдисгæ фæллæйттæ сты, адæм фыдæй-фыртмæ фæлтæртæн цы æртæ æппæты стырдæр хæзнайы ныууагътой, уыдон.

***Андре Моруа***

## ДОМБАЙЫ МÆЛÆТ

### I

Зымæгон тыгъд быдыр.
Хъуынджынхъус ныллæг арв.
Йæ Райдзаст Æрдузæй
рахъуызы Лев,
сæрræттытæгæнгæ,
тар хъæдмæ лидзы.
Цуанæтты стыр æрдонг
бафты йæ фæдыл.

Сæрræттытæгæнгæ,
мæстæлгъæдæй судзгæ,
ныййарц вæййы Лев
æрвгæронмæ – хъæдмæ,
йæ фæлахс цæсгомыл
ныппыхцылтæ боцъо.

Агъуыд хъæддаг æрдонг
бафтыд йæ фæдыл.
О Хуыцау, де уазæг
йе 'фхæрд, фæллад уд!

Разæй Андрейы чызг Софя
зыбыты хуылыдзæй
(мæхи марын, зæгъгæ,
доны ныппæрста йæхи),
сиды, лæгъстæгæнгæ:
– Левочка...
Уыцы лæгъстæтæм
дур дæр бæмбæгвæлмæн фестид.

Софяйы фæстæ –
йæ фырттæ, йæ чызджытæ,
фæсдзæуинтæ, 'хсæвгæстæ,
пъæлицæ, сауджынтæ,
бархи хæтаг сылтæ,
хæтæгхуæгтæ,
анархисттæ,
чырыстæттæ,
хъазахъхъ,
алы æнæфендтæ,
алы æлгъæгтæ-æнаккæгтæ.

Устыты сонт хъæртæ,
лæгты хъæрахст-хъæр...

Зындон...

**II**

Кæрон...
Æфсæнвæндаг мæнæ.
Мысалгъау –
Астаповы станцæ.

Фæлмæнзæрдæ станцæгæс
тъахтинмæ Левы фæкæны.

Ӕдас ран и ныр.
Станцæ – хæрз къаннæг,
йæ сæрмæ
йæ цырæгътæ ссыгъта Истори...

Йæ цæстытæ бахгæдта Лев:
дуне йæ нал хъæуы.

Ӕрмæст
æнæчетар сауджын Пимен
(ард бахордта,
хъуамæ, дам, Левы уд
бахæццæ кæнон дзæнæтмæ)
æргуыбыр йæ цуры,
бæзхъæлæсæй дзуры,
цыма йын йæ хурхуадындзты ‘хситтимæ,
йæ уæззау улæфтимæ
ерысы бацыд.
Фæрсы йæ, къахæгау:
– Куыд уыдзынæ ныр?
– Лидзгæ! –
дзуры Лев. –
Лидзгæ, мæ хуртæ,
лидзгæ!
– Кæдæм, чырыстон уд, кæдæм? –
фæрсы та йæ сауджын.

Лев ныхъхъус и,
æнусон хуыдалынгмæ айста йæхи,
æнусон æдзæмы йæ рыст буар нынныгæдта.
Йæ ныхæсты апп ын нæ бамбæрста ничи,
цыма Сыгъдæг Фыст нæ кастысты никуы:
«Иу адæм сыстдзæнис иннæйы ныхмæ[1],
иу бæстæ иннæмæн расиддзæн хæст,
иутæ æрхаудзысты карды дзæхстытæй,
иннæты атæрдзысты уацары

---

[1] «Иу адæм сыстдзæнис иннæйы ныхмæ...» – Лукайы Евангелийы 21 сæрæй иу скъуыддзаг цыбыртæгондæй (10–22).

алы адæмтæм,
уымæн æмæ уый уыдзæни мастисæн рæстæг;
амы фыстытæ
æрцæудзысты царды».

Ныр афон у
хæдзарæй лидзынæн,
æгæндæг хъæдты хæтынæн,
денджызты хъеллауæн,
мæйдары зилдухтæн,
рыджы бæгъдулæг кæнынæн.

Лидзæджы æмæ сурæджы рæстæг.

Стыр Сырды рæстæг.

***Збигнев Херберт***

***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмацтæ*



*Райдзаст Æрдуз. Л. Н. Толстойы ингæн.*

*ГОДЖЫЦИАН-ЧЕЛДЫТЫ Надя*

# ФОНДЗ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

## КЪОСТАЙЫ ФÆНДЫР

Чи дæ фæкодта «Æнæ хай»
«Иры цæссыгæй, хъыгæй»,
Уымæй ныр уаз лæг ыскодтой,
Дары нæм хотых цыргъæй.

Ир дын хæддзуты зард зары,
Терк дын фæласы дæ дзырд,
Додойыл рохуат æндзары
'Хсины лæг – растæй сæрхызт.

Нары – фынгæвæрд дæ кадæн.
Фынгтæ нæ уромы зæхх:
Иунæг хатт афæдз хæрзадæн
Конд ис ирон дзырдыл цæхх.

Абон сыдз-мыдзы æрц-тохæй
Сиры, «нæ цуды» нæ бæх.
Фынгыл нæ фидæнæн, оххай,
Уадзы кæйдæр «фæндыр» рæгъ.

Хъусæм æм, хъусæм лæмбынæг
Зæрдæтæ судзынц зынгау.
Иу нæм нæ зыны бæгуылæг,
Катайаг чи уа дæуау.

Рагъыл нæ фыййæуттæ – «барджын»,
Ницы сæм фæци дæуæй!
Уадзынц зæрдæйы дон – адджын –
Искæй «фæндыры» зæлтæй...

*2014.05.04*

## УРС ЗЫМÆДЖЫ НЫВТÆ

Урс гæлæбутæ ызгъæлынц тъыфылæй,
Къæхты бын урс хъыс-хъыс, уазал хъызы,
Урс хъыррыст-хъыррыст та цæлхыты бынæй
Уæлдæф æдзæм урс быдырæй хæссы.

Ирд æхсæв дардыл æнхъæвзы, ныуурс и,
Мæйы фæлурс æрдæг арвыл ныссих.
Дард цæхæр «Арвы цæст» сæлы Цыппурсы,
Урсвæд фæтæн «Æрфæн» зæхмæ ныдждджих.

Урс хъæдрæбыны та – рог мит уæрагмæ.
Къохæй фæхъуысы дæргъвæтин хъыллист.
Урс тæрхъус зымæджы хъал у йæ цармæй.
Зазтыл хæрзцагъд къуымбил – урс миты фист.

Хох дæр йæ урс кæрцы слæууыд æдзæмæй.
Бандзыг и цæргæс, ысхæцыд ыл тас.
Урс тымыгъ раирвæзт хохы кæрддзæмæй,
Комы ысхъиугæ фæмидæг æваст.

*2014.21.01*

## РАГУАЛДЗÆДЖЫ БОНИВÆНТÆ

Абон хуры цæст ныццæхæр.
Мæры райхъал и цъæх тау.
Хохыл митын худ фæуæлдæр,
Арвмæ иу мисхал нæй фау.

Кæс, ныр æврæгъты ныгъуылы,
Дымгæ тоны мигъты фист.
Зноны бон цыдæр ныхъуыры,
Комæй хъуысы уады ‘хситт.

Ирд уыд дысон хæрв уæларвыл,
Мæйы цæст фæйнæрдæм каст.
Ныр къæвдайы сæх-сæх дардыл
Хъуысы, удылтæдзгæ раст.

Тау та зæххы арф нындзыг и,
Быдыр – донласт, мит ныццæнд.
Рагуалдзæгыл та цы ‘рцыди? –
Марадз, базон ын йæ фæнд...

*2014.22.03*

* * *

Нæ Сæрзæды хæцъилы бын –
Кæйдæр сыкъаджын галтæ.
Нæхиуæттæ – нæ цæсты рын,
Нæ фæсдуар сты сæ бартæ.

Нæхæдæг дæр хуымон галтæ,
Кæйдæр хуымгæндæй – хъалтæ.
Æбæркады ыстыр гонтæ –
Нæ фæстагæттæн уартæ!

Нæ бон зонгæ куы кæниккам,
Нæ фарны къух цы домы.
Фæлæ нæ искæй кæритæм
Зыгъуыммæ зонд ыссоны.

## ЧИ СТЫ?

Цæуынц хæрдмæ сæры кæхцытыл иутæ,
Нæ «хъусты» цардæн амайынц мæсыг.
Нæ риутыл арвмæ ацаразынц хидтæ,
Пыл фестын кæнынц сау гыццыл мæлдзыг.

Æлхæнынц удтæ, «ныфс дæттынц» æгæрон.
Æнæ мах «хур вæййы æдзухдæр тар».
Сæ рухс базыр куы райхæлы, æвæлмон –
Дæхи сæ хиз, дæ уд куы уа сæ бар...

Зæххон хæрзтæй мæ ахæм хорз куы уаид,
Куыд нæ уа царды искæй бар мæ бар.
Фыдлæгтыл арт нæ Фæлдисæг куы ‘ндзарид,
Сæ сау митæй сæ сæр куы кæнид сар.

Лæг ахæм ран æбæрæг тых куы ссарид –
Зæрин ыссад мæ рæстудыл ныууарид!

*2014.29.03*

# МЕЛЕСЫ ЦÆССЫГТÆ

Хæст. Авд дæлдзæхы фæуæд йæ кой дæр! Йæ цæхæрæй чи раирвæзт, уыдонæн сæ буары хъæдгæмттæ раджы байгас сты, фæлæ сæ зæрдæты хъæдгæмттæ абон дæр судзгæ-уыраугæ кæнынц, куынцдымæны бын цæхæр куыд судза, афтæ. Дурджын фæндæгтыл афтид багалæг схъиудтытæгæнгæ куыд рацæйтула, уый хуызæн арвы нæрын сæ сæрты куы ‘рбацæуы, уæд æй æвиппайды хæсты нæрын фенхъæлынц.

Бирæ ныййарджытæ баззадысты афтидæй сæ номхæссæн, сæ сомыгæнæн хъæбултæй. Уыдон суанг сæ амæлæты бонмæ нæ систой сæ саутæ, сæхимидæг хъуырггъæндæг, уыхеры фæкодтой, мастæй бахордтой сæхи æмæ ма мæрдтæм бахæццæ сты сæ мæгуыр стджытæ.

Бирæ хъыцъыдæттæ бадардтой ногирæгтæ Абайты Хъасболат æмæ Мелесæн сæ зынгхуыст хъæбултæ Яша æмæ Петя. Хæст куы банцад, уæдæй дзæвгар азтæ рацыд, фæлæ уæддæр Мелесæн, мæгуырæг, йæ уды рæбын цыдæр ныфсы æртдзых сыгъдис, æнхъæлмæ кæсынæй йæ цæстытæ ныуурс сты, æхсæв ыл бон нæ кодта, бон – æхсæв. Уæттæ-иу бакодта бинонтæн, æмæ-иу иууылдæр куы схуыссыдысты, уæддæр ма-иу йæ цонг æлвыста.

Йе ‘лхуый ӕгӕр кӕй сгуыбынджын ӕмӕ суӕззау ӕмӕ йӕ тӕбын ӕндах кӕй нал урӕдта, уый дӕр-иу нал фиппайдта. Ӕрмӕстдӕр-иу ӕлхуый зӕххыл куы сӕмбӕлд, уӕд-иу уый дӕр фестъӕлфыд, йӕ хъуыдытӕ-иу сырддонцъиуты тарст балау фӕпырх сты. Дымгӕ-иу хӕдзары тыргътӕ куы ныххоста ӕмӕ-иу дуары хъыррыст куы фӕцыд, уӕд-иу ӕндзыгӕй баззад, ӕвӕццӕгӕн мӕ хъӕбултӕй чидӕр ӕрбахизы, зӕгъгӕ. О, мады зӕрдӕ, цӕй уыгъуыр дӕ, цӕ! Цӕй тыхджын стут хъӕбулы мӕт ӕмӕ мады уарзт! Абон дӕр ма цӕстытыл уайы, Мелес-иу йӕхи куыд фӕхибар кодта бинонтӕй, Яша ӕмӕ-иу Петяйы къамтӕ куыд райста, куыд-иу баныгъуылд хӕдзары къуымы ӕмӕ-иу йӕ хъӕбултыл сусӕг хъарджытӕ куыд кодта, йӕхи йӕ цӕссыгтӕй ӕхсгӕйӕ. Куыннӕ-иу мӕ бафиппайдтаид, афтӕ-иу ӕм сусӕгӕй хъуыстон ӕмӕ-иу мӕ зӕрдӕйы тугтӕ ныттагъдысты. Ирон ӕмбисонд куыд акӕны, акалд ӕмӕ, дам, амардӕн хос нӕй, кӕуынӕй никуыма ничи раздӕхт. Ӕз дӕр йӕ мароймӕ хынцъыйы йас дӕр кӕй нал вӕййын, зӕнӕджы зӕнӕг, дам, зӕнджымагъз у, ӕмӕ нӕ донзоныг кӕй кӕны йӕ кӕуынӕй, зӕрдӕсаст, уый йын иухатт куы загътон, уӕд нын нӕ зӕрдӕтӕ никуал мӕгуыр кодта. Уӕд мӕ фӕсонӕрхӕджы дӕр нӕ уыди, маройӕ йӕ зӕрдӕйы тыппыртӕ кӕй уагъта ӕмӕ-иу ын уымӕй ӕнцондӕр кӕй уыдис, уый. Сусӕг мастӕй куыд хӕлы зӕрдӕ, афтӕ ницӕмӕй. Уый абон дӕр хӕссын мӕ зӕрдӕмӕ, уымӕн ӕмӕ мады зӕрдӕ уӕддӕр йӕ кӕнон нӕ ныууагътаид. Уый бӕрӕг уыдис Мелесӕн йе ‘рхӕндӕгдзинадӕй...

Абайты Хъӕсболат ӕмӕ Мелесы хистӕр фырт Яша ахуыр кодта Ногиры астӕуккаг скъолайы. Скъоладзауты ‘хсӕн бӕрӕг дардта йӕ хӕрзӕгъдау, йӕ ирон ӕфсарм ӕмӕ хорз ахуырӕй. Рӕхснӕг, саджы фисынтыл амад лӕппуйы цардбӕллонӕн кӕрон нӕ уыди. Хъӕлдзӕг, ӕвзыгъд лӕппу-иу йӕ велосипедыл Ногирӕй суанг Тырсыгоммӕ Къобы бамидӕг суар нуазынмӕ, стӕй-иу уыцы бон фӕстӕмӕ ӕрыздӕхт.

Скъола каст фӕуыны фӕстӕ бацыди педагогон институтмӕ ӕмӕ уым дӕр кӕрӕй-кӕронмӕ сахуыр кодта. 1939 азы йе ‘мхъӕуккаг Кокайты Илусаимӕ сахуыр кодтой ӕфсӕддон училищейы ӕмӕ систы афицертӕ. Бахаудта Керчы хӕстмӕ. Ӕртӕ мӕйы дӕргъы, ӕрхъулайы фӕуӕвгӕйӕ, хъӕбатыр тох фӕкодта знагимӕ. Уым уӕззау цӕф фӕци. Хӕсты кӕрон бахауд Берлины госпитальмӕ ӕмӕ дзы бирӕ фӕхуыссыд, йӕ фӕрсчытӕ

ист уыдысты, афтæмæй. Йæ дохтыр уыд немыцаг чызг Эльфридæ. Куыд æм кастис, афтæмæй Ирыстонмæ сæ къам дæр сæрвыстой. Уыцы къам фесæфт, фæлæ ма мæ цæстытыл уайы, тохвæллад, хæствæллад, низæфхæрд Яша сынтæгыл уæлгоммæ куыд хуыссы, уыцы саг-сæгуыты хуызæн лæппуйæ ма царм æмæ стджытæ куыд баззад, фыдистау куыд систы йæ мæллæг цæнгтæ. Йæ разы та бады йæ дохтыр, зæдæнгæс Эльфридæ. Чи-зоны, сæ амонд иу уыд, фæлæ амæндтæ уарæгæн цы зæгъон!..

Яша 1946 азы 7 ноябры госпиталы уæззау рынчынæй амард. Йæ амæлæты размæ йыл æнæнхъæлæджы сæмбæлдысты йе 'мхъæуккæгтæ – майор Къæбысты Сардо æмæ йæ бинойнаг Верæ. Уыдоны дæр сæ хæстон фæндæгтæ ахастой Германы зæхмæ. Ныфсæвæрæн ныхасæй дарддæр ын уыдоны бон дæр ницы бацис. Яша куы амард, уæд æй Сардо бавæрдта немыцаг горæт Магдебурджы. Бирæ рæсугъд фæндтæ уыд лæппумæ. Йæ фыстæджыты ма ныфсытæ бæргæ æвæрдта йæ ныййарджытæн, рæхджы уæм зындзынæн, зæгъгæ, фæлæ...

Яшайы хæд кæстæр æфсымæр Петяйæн нырма йæ фындзы бын нæма фæмил, нырма йе 'мгæрттимæ нæма бафсæст Терчы уыртыл хъæл æмæ лæдзæгæй, къори æмæ селайæ, Терчы уылæнтимæ хъазынæй, нырма дзæгæрæг-дидинæгау æххæст хæлгæ дæр нæма ракодта æмæ нæма банкъардта царды хурæн йæ тавс, йæхи хурæй йын нæ бафсæстысты йæ мад æмæ йæ фыд, афтæ йæ фарæстæм къласæй акодтой лæгæвзарæн хæстмæ, фидар мæкъуыстæгджын æмæ хъамбулуæраг фæсивæдимæ. Æмæ сæ фæстæдæр никæмæй фæлæууыд. Йæ фыссæн сис раивта хæцæнгарзæй, афтæмæй кæрæй-кæронмæ хъуамæ ахуыры фæндагыл ацыдаид. Ахуырмæ та æрдхæрæн уыди. Алы аз дæр йæ хорз ахуыры тыххæй иста кады гæххæттытæ. Мæнæ куыд дзырдта уый тыххæй йæ мад Мелес: «Æхсæв ын æрхуыст нæ уыди, йæ хуыссæг-иу хæйрæджыты хай фæци. Дзырдтон-иу ын, ацу схуысс, Петя, бакуырм уыдзынæ цырагъы рухсмæ чингуытæ кæсынæй. Æз, дам, æхсæв ахуырæй фылдæр ницы уарзын, зæгъгæ-иу бакодта. Уый та-иу фысгæ кодта æмæ хибар ран агуырдта, бинонтæ-иу куы атæгæрæг сты, уæд. Уарзта хибарæй абадын, куыд ничи йæ хъыгдардтаид, афтæ. Йæ хистæр æфсымæр Яша та дзы æдзух хъазын агуырдта. Фæлæ уымæ алы хатт хъазыны зæрдæ нæ уыд, йæ зæрдæйы цыдæр æмбæхстæй дардта, йæхимидæг цæуылдæр тыхстис, хъизæмар кодта».

Фæстæдæр куыд бамбæрстон, афтæмæй уый уыди поэтикон мидхъуырдухæн. Мелес куыд дзырдта, афтæмæй йæм бирæ къухфыстытæ уыд. Хæст, дам, куы ‘рбахæстæг, уæд ын сæ цæхæрадоны иу бæрæг ран къуымы баныгæдтон, цæмæй ма фесæфтаиккой. Хæст куы банцад, уæд, дам ын сæ уырдыгæй фæстæмæ скъахтон. Иурæстæджы нæм фысджытæй чидæртæ æрбацыдысты, ай дæр бæззы, ай дæр хорз у, зæгъгæ, сæ февзæрстой æмæ сæ ахастой. Уæдæй фæстæмæ сæ кой, сæ хъæр дæр нал райхъуысти. Налдæр – ехсы цъыкк, налдæр – бæхы хуыррытт. Æнæбары цыдæртæ ма дзы аирвæзт Мелес, йæ фыдыхо Докка æмæ Хъесаты Валодяйы фæрцы. Рухс дзæнæты бадæнт Мелес дæр æмæ уыдон дæр, поэт Хъодзаты Æхсарыл та хæрзаудæн кæнæнт. Уый Петяйы бахаста йæ чиныг «Хорзæй баззай, Ир», зæгъгæ, уырдæм. Поэт Джыккайты Шамилы загъдау: «Куы цæрæм, уæд – чысыл æмæ дзæбæх, куы хауæм, уæд – ыстъалыйау бæрзондæй». Дидинæджы цардау цыбыр, фæлæ рæсугъд уыд æрыгон поэт Абайты Петяйы цард. Æрмæст ын йе сфæлдыстады стъалыйау бæрзондæй æрхауын нæ бантыст; нæ йын уыд удисынæн дæр рæстæг. Хæст йæхиуæттæ домдта. Æрмæст-иу ын тохæй тохы ‘хсæн цы сабыр уысмытæ уыд, уым йæ уæраджы сæрыл фыста гæххæтты гæбазыл йæ зæрдæйы сагъæстæ.

Петя хорз арæхсти ныв кæнынмæ дæр. Хъуыды ма кæнын, æфсæддон фæрсылдаргæ хызыны æвæрд уыдысты йæ хæстон фыстæджытæ. Уыдон рафæлдах-бафæлдахгæнгæйæ дзы рахаудта Ворошиловы ныв, бæхыл куыд бады, афтæмæй. Саргъы бæх куыд вæййы, афтæ алцæмæй ифтонг: идон, мæргъгæ, дымитонг, æгъдæнцæйттæ, саргъы баз æмæ гауызимæ. Бæхæн йæ алы нуар дæр бæрæг дары, у йæ барæг, йæ хицауы халдих. Цæрмыстыгъд æй бакодта, бæрæг уыди, Петя нывгæнæджы курдиатæй хайджын кæй уыд, нывгæнæджы сусæгтæ хорз кæй зыдта, уый. Лæппуйæн скъола каст фæуын нæ бантысти. 1942 азы ацыд тохы цæхæрмæ. Хæстон скъола каст фæуыны фæстæ тох кодта фашистон æрдонгты ныхмæ, уыдис хистæр сержант.

Мæнæ куыд фыссы Петя йæ фыстæджытæй иуы: «1942 азы дыккæгæм августы ист æрцыдтæн Сырх Æфсады рæнхъытæм. Ракодтой нæ Æрхонкæйæ Беслæны станцæмæ. Ам поезды сбадтыстæм æмæ æрхæццæ стæм Мæздæгмæ. Æхсæвы 11 сахатыл рараст стæм дарддæр фæндагыл. Фæсте аззадысты Мæздæг,

Малгобек, Вознесенск, Назрань. Ам поезды сбадтыстæм æмæ – Грознамæ...»

1942 азы Петя фæцæф Малгобекæй æртæ километры æддæдæр. Уый фæстæ дæр ма фæци цалдæр уæззау цæфы. Фæлæ цалынмæ хæцæнгарзыл хæцын уыдис йæ бон, уæдмæ æнауæрдонæй тох кодта гитлеронты ныхмæ.

Йæ ротæйы командир, хистæр лейтенант Котов куыд фыста, афтæмæй Петя нæ уарзта йæ лæгдзинæдты тыххæй фыссын. 1943 азы 12 январы Курскы бынмæ немыц цы бæрзæндыл æрфидар сты, уый исгæйæ, Петяйæн хæсгонд æрцыд, сæ бырст сын къуылымпы цы немыцаг дзот кодта, уый ныссабыр кæнын. Нæмгуыты ихуард ницæмæ даргæйæ, Петя бабырыди дзотмæ æмæ цалдæр гранатæй фехæлдта, цы пулемет дзы æхста, уый. Бæрзæнд ист æрцыд.

Абайты Хъасболаты фырт Петя хъæбатырæй фæмард 1943 азы декабры мæйы Гомелы горæт знагæй сæрибар кæнгæйæ. Уым ныгæд æрцыд æфсымæрон ингæны.

Ракалдысты Мелес-Хæмыцонæн йæ лæугæ хох, йæ цæугæ мæсгуытæ, уæларвæй йыл æрхауди уæззау дур æмæ йæ зæрдæйы банцад. Ныййарджытæ баззадысты, йе ‘фсымæрты уæхсчыты сæртыл-иу йæ уроктæ цы кæстæр лæппу (мæ фыд) кодта, уый æвджид. Мелес-иу йæ фондз æнгуылдзы фæпæлæхсар кодта æмæ-иу афтæ: «Мæнæ ма ацы æнгуылдзтæм æрбакæсут: хистæр, амонæн, астæуккаг, æнæном, кæстæр. Ацы æнгуылдзтау уыдысты мæ хъæбултæ. Дыууæйæ дзы хæсты бацарæфтыд сты, дыууæйы та дзы Хуыцауы азар басыгъта. Мæнæ ай та мæ цагъдуæлдай хъæбул у» (мæ фыдæй-иу загъта, æппæты кæстæр уый уыд). Афтæ-иу загъта æмæ-иу æрхæцыд йæ кæстæр æнгуылдзыл.

Дæ иу дыууæ макуы бауæд, дыууæ дæ адæмы рæгъы макуы рацæуæд, зæгъгæ, уыцы æвирхъау, карз æлгъыст не ‘рцыд Абайты хæдзарыл. Яша æмæ Петяйы сæфты фæстæ, йæ цагъдуæлдай хъæбул цы кæстæр фырты хуыдта, уый цæугæдоны зылын къæцæлау баззад æмæ сбирæ сты йæ байзæддæгтæ.

Æвæццæгæн, бирæ бинонтæ хæлын куы райдыдтой, дуне дæр уæд райдыдта хæлын, уымæн æмæ «мах»-æй «мæн»-мæ куы рахизынц, уæд райдайынц кæрæдзиуыл уæлæхох кæнын, уæд дзы райдайы алчидæр йæхи уæлбикъондæр хонын, цæсты зул æмæ топпы кæсæнæй уæд райдайынц кæрæдзимæ кæсын.

Хъарсы фидар нæ басастой Абайтæ, хуымæтæджы кусæг

адæм сты. Уарзынц бакусын дæр æмæ æмгæрттимæ, сыхæгтимæ ацæл-аминас кæнын дæр. Кæддæр æфсымæртæй иу – Габо – йæ сыхæгтимæ бады, æмæ хъæуы мидæг уарзон сыхæгты ‘хсæн куыд вæййы, афтæ сæ сыхæгты ус Хадизæт Хæныкъонмæ хъазгæмхасæнты, æдзæстхиз, барджынæй бадзырдта: «Хадизæт, иу цыхты къæртт-ма рахæсс, нæ ахуыйæн нæ нуæзты нал æййафы».

– *Æ*мæ уæхицæй цæуылнæ хæссыс, дыууæ хъуджы куы дуцут.

– Омæ-ма банымай, Хадизæт, дыууæ хъугыл аст фæдæджы, нæ сывæллæттæ дæр аст сты æмæ дзы алчидæр иу фæдæгыл æфтыд у, æмæ нæ хæндыджы бын дзаг у...

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ та мæ зæрдыл æрбалæууыдысты Мелесы ныхæстæ:

«Хуыцауæн йæ фесхуыст куыд у, йæ барæвдыд дæр – афтæ. Кæд мæ хæст фесæфта, уæддæр мæ Хуыцау нæ сафы, мæ цагъдуæлдай хъæбул фидар уидæгтæ ауагъта».

Цыкурайы фæрдгуытæ фестадысты Абайты Мелесы-Хæмыцоны цæссыгтæ æмæ бинонтæн æрхастой царды тых æмæ амонд.

*АБАЙТЫ Петя*

## ДЖЕБОГЪ

Хæстифтонгæй фæцæуын æз,
Мæ фæстæ зайы тархъæд, фæз.
Рæхджы æмбæлдзынæн ызнагыл,
Кæлдзæни туг цыхцырау раст.
*Æ*нхъæвздзæн нæмгуытæн сæ уаст,
Ысбаддзæн фæздæг мигъау арвыл.
Сæрибарыл æрцыди тох:
Мæ къухмæ райстон æз джебогъ.
Цæй, тохмæ! Сиды нæм нæ Цæдис!
Хæстифтонгæй ыстæм цæттæ.
Мæ джебогъ, тохмæ цом, кæм дæ,
Уæлахиз мах къухты уыдзæнис!

*1942 азы 1 декабрь*

## ÆМБАЛЫ МÆЛÆТЫЛ

Фæззыгон бон уæлæ цъæх мигътæ цæгатæй
Фæдисон хъæргæнæгау згъорынц, кæс-ма:
Мæ акъоппы бадын æз иунæг, æнкъардæй,
У саудалынг зæрдæ фыдуацæй нырма.
Сæрибарыл хæсты уыди уый фæразон,
Æмæ йын йæ рæсугъд цард не скодта ‘вгъау.
Фæндараст, фæндараст! Лæудзæни, мæ уарзон,
Мæ зæрдыл дæ сурæт æнустæм нывау.

*1943 азы январь*

## НЫСТУАН

Ныббарут, æмбæлттæ, нырма æз æвзонг дæн,
Мæ сонт туг нæма цæвы раст.
Нырма уал кæд рисса мæ зардæй уæ зæрдæ,
Уæддæр-иу мæ ма кæнут хъаст.

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

## КАДÆГГÆНÆГ

Æгас ма куы уыд, уæд-иу радиойæ арæх райхъуыстысты кадæггæнæг Томайты Мысырбийы цæгъдтытæ. Бæргæ-иу æм дзырдтой радиойы кусджытæ: «Æрбацу-ма нæм, æмæ дын дæ цæгъдтытæ иуууылдæр ныффыссæм». Бæргæ сын-иу загъта: «Хорз. Куыддæр мæ февдæла, афтæ уæм фæцæуын», – фæлæ ныхæстæ ныхæстæй баззадысты, фæндтæ та фæндтæй...

...Йæ цæгъдтытæ ныффыссынмæ йæм чи дзырдта, уыдоны, мыййаг, йæхицæн лæгъстæтæ нæ кæнын кодта, фæлæ мæм афтæ кæсы, æмæ-иу æм циндзинады адæм куы æрыхъуыстой, уæд æй уымæй уæлдай ницы хъуыд, йæхи ма кæмдæр равдиса, уымæ никуы тырныдта. Йæ къухтæм-иу йæ фæндыр куы райста, уæд-иу, хистæртæ кæм бадтысты, уыцы агъуыстмæ баивылдысты сылгоймæгтæ æмæ фæсивæд дæр. Адæм-иу зарджытæм хъусгæйæ кæм худгæ фæкодтой, кæм та-иу сæ цæстытæ доны разылдтой.

Мысырби райгуырд 1904 азы Куырттаты комы, Къорайы. Хæхбæсты, бæрзонд сойджын хизæнты фос дарынæй хуыздæр цы хъуамæ куыстаикккой. Фосмæ кæсын кæй хъуыд, уымæ гæсгæ лæппу скъолайы чысыл йеддæмæ нæ ацахуыр кодта.

Фæстæдæр ма йæ бæргæ фæндыд, фæлæ йын скъолайы дуар байгом кæнын нал бантыст, куыстæй-иу æй цы цыбыр курсытæм арвыстой ахуырмæ, уымæй дарддæр. Ахуыр ын цас нæ бантыст, уыйбæрц йæ ных саразта къухæй куыстмæ. Æвзонг лæппуйæ-иу йæ мадæн æлхуый кæнæ уæдæртт куы ацаразта, мад-иу куы бацин кодта, уæд-иу æй бафæндыд ноджыдæр ма истытæ ацаразын, мады зæрдæ балхæнын. Афтæ гыццылгай архайын райдыдта хъæд, фæрæт æмæ дзæбугæй. Уæзбын, стыртæарæзт лæг, цы куыстмæ-иу бавнæлдта, уый кодта зæрдæбынæй. Изæрыгæтты та-иу райста йæ хъисын фæндыр æмæ дзы кодта алыхуызон цæгъдтытæ. Кæуыл сахуыр ис цæгъдын, уый тыххæй бæлвырд никуы ницы загъта. Æниу цы

загъотаид? Никуы йын ничи бацамыдта, æнгуылдзтæ амонæнтыл куыд æвæрын хъæуы, уый. Æрмæст-иу радзырдта ахæм хабар: йæ хистæр æфсымæр-иу уыцы иугæндзон цагъд кодта хъисфæндырыл, æмæ йæ кæддæр Мысырби дæр райста æмæ дзы цæгъдын фæлвæрдта. Уæд ын иухатт цагъдæнгæс рауад, æмæ йын йæ фыдыфсымæр бахъырныдта. Чи зоны æмæ йын уый ныфсы хос фæци æмæ уæдæй фæстæмæ хъисын фæндырæй нал фæхицæн.

...Кадджытæ цæуынц фæлтæрæй-фæлтæрмæ, фæлæ дыууæ зарæггæнæджы уыцы иу уацмыс æмхуызон никуы фæзарынц, алчи дæр æй фæзары, йæ ныхæстæ йын фæдзуры йæхимæ гæсгæ. Мысырбийæн дæр уыд йæхи хъæлæс, йæхи миддуне, æуууæлтæ. Кадджыты ныхæстæ-иу аивта, аивдæр æм куыд каст, афтæ. Дзырдта сæ бæлвырд æмæ зæрдæбынæй.

...Мæ фыд хорз зыдта адæмон сфæлдыстад. Уарзта, радиойæ-иу ирон зарджытæ куы лæвæрдтой, уæд уыдонмæ хъусын... Æрмæст сæм, «куыд сæ фæцыбыр кæнынц», зæгъгæ, уыцы фау хаста.

Мысырбийы сæр адæймаджы кæцы ран бахъуыдаид, уым-иу йæхи дæр ныууагътаид, фæлæ-иу уæддæр уый куыст бакодтаид.

Искуы æнæлæг хæдзары къæсæрæй бахызт, зæгъгæ, уæд-иу йæ цæст сæ фæлгонцыл æнæ ахæсгæ нæ фæуыдаид, кæд сын исты аххуыс кæнын хъæуы, зæгъгæ. Бæрæгбоны-иу нæ сыхы мидæг, æвæццæгæн, махæй фæстæдæр ничи акодта йæ кусарт. Нæ къухы-иу нал æфтыд, цалынмæ-иу, йе 'ххуысы сæр кæй хъуыд, уыдонмæ фæкастаид, уæдмæ.

...Ахæм хабæрттæ, стæй, йæхи цардæй кæй радзырдта, уыдон сты цыбыр таурæгъты хуызæн æмæ дзы иуцалдæр æрхæсдзынæн.

## ХЪУЛОН СИХОР

Мысырби-иу гыццылæй хосдзаутæн хæринаг арæх хаста. Уæд та сын иу бон хæринаг ахæссын хъуыд, æмæ, æфсин чъиритæ кæд скæндзæн, уымæ æнхъæлмæ касти. Сихор сын йæ фыдыфсымæры ус скодта. Мысырби, гыццыл лæппу, кæсы, ус уæливыхтæ куыд кæны, уымæ. Хосдзаутæ иууылдæр хионтæ уыдысты, фæлæ-иу уæддæр йæ лæгæн хъулон хæринæгтæ æрвы-

ста. Бавдæлд æмæ та йæхи лæгæн, цыхт дзы тыххæй бацыд, ахæм уæливых бавæрдта фыцынмæ.

Гыццыл лæппу йæм кæсы, æмæ, уæливых дзаджджын кæй уыд, уымæ гæсгæ йæхинымæр хъуыды кæны: «Куы йын фехæлид». Æмæ хъуыддаг æцæгдæр афтæ рауад – уæливыхæн йæ цыхт ракалд æмæ хæссынмæ нал сбæззыд. Ус смæсты, фæлæ ма йын цы гæнæн уыдис, æмæ йæ чъири стонг лæппуйы раз æрæвæрдта.

## ЙÆ БАСЫЛЫХЪХЪ УАЛ ЫН ФЕЛВАСУТ

Йæ дзыхæн уаг чи нæ зыдта, иу ахæм лæг уазал зымæгон æхсæв иу хъæуæй иннæмæ æрбацæйцыд. Кæддæр комдзог кæуыл рацыд, ахæм лæгтæ йыл æрбамбæлдысты. Сбæгънæг æй кодтой æмæ йæ фæнадтой, сæхæдæг ын йæ мидæггаг хæлаф йе 'фцæгыл бабастой æмæ йæ афтæмæй ауагътой.

Куы фервæзтис, уæд уыциу сæппæй йæ хæдзары балæууыд. Йæ хæлаф йæ хъуырыл æфтыдæй хæдзармæ куы багæпп кодта, уæд йæ фыдæн цы бамбарын хъуыд, йæ дзыхы тыххæй йыл сæмбæлд ахæм хабар, уый, фæлæ фæхъæр кодта:

– У-у, йæ басылыхъхъ уал ын фелвасут!

## УАЗÆГУАТЫ

Иухатт, хæрз æрыгон лæппу ма уыдис, афтæмæй хионтимæ кæдæмдæр уазæгуаты ацыд. Кæстæр куыд уыдис, уымæ гæсгæ йын афæдзæхстой, уазæгуаты-иу зыд хæрд ма кæн, зæгъгæ.

Фынгыл куы 'рбадтысты, уæд уый дæр иунæг хай бахордта æмæ æнцад сбадт. Фынгмæ цæуылнæ 'вналыс, зæгъгæ, йæм фысымтæ куы 'рхатыдысты, уæд уый дæр бахудт æмæ сын, хъуыддаг куыддæриддæр уыд, афтæ радзырдта. Фысымтæ йын тынг фæхудтысты йæ æргом ныхасыл.

## МЫСЫРБИЙЫ УСКУЫРД

Бинонты хъуыддаг бакæнын афон куы 'рцыд Мысырбийæн, уæд ын бирæ рæтты амыдтой чызджытæ. Сæ фенынмæ дæр-иу

ацыдис йæ рæсугъд зыгъар бæхыл, фæлæ-иу алы хатт дæр хъуыддаг истæй тыххæй бакъуылымпы. Уæд та йын Фыйййаджыбылы бацамыдтой Ужегаты чызджы, нæ мады. Уæдæ йæ куыд фенон, зæгъгæ, ууыл хъуыды кодта æмæ йын фадат дæр фæцис. Ужегаты сыхæгтæ Æрыдонæй чындз хастой, æмæ йын кæй амыдтой, уыцы чызг дæр уым уыдзæн, зæгъгæ, йын загъдæуыд. Чындзы хъуамæ Нартыхъæуыл, Мысырби кæм цард, ууылты сцæйхастаиккой.

Лæппу йæхионтæн бамбарын кодта хабар æмæ сæ размæ фæсивæд цалдæрæй рацыдысты. Æгъдау сын скодтой æмæ афтæмæй чызджы дæр федта. Йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ дыккаг бон Фыйййаджыбылмæ чындзхастмæ ацыд.

Чызджы тыххæй йе 'фсымæримæ ныхас кæнын хъæуы, уый бамбæрста, æмæ, кæй сиахс у, уымæй куы бафарста, уæд ын афтæ куы зæгъиккой:

Хæдæгай, йæ бинойнаг Томайты хæрæфырт у.

Мысырби уый куы базыдта, уæд комкоммæ бацыд чызджы æфсымæрмæ æмæ йæм дзуры, цыма йæ рагæй зыдта, афтæ:

– Де 'зæр хорз, Бимболат!

– Кæй изæр у, уый хорзæх дæ уæд.

Æнхъæлдæн, мæ сиахс куы дæ, Бимболат, мæ сиахс.

– О, зæгъгæ, бахудт Бимболат, кæд æй уый дæр фыццаг хатт уыдта, уæддæр.

– Æмæ æз дæ сиахс куы уаин, уæд та цы кæны?

– Æмæ цы кæны? – бахудт та Бимболат дæр. Æмæ кæд уый размæ йæ хойы тыххæй бакæсын дæр никæй уагъта йæ хæдзармæ, нырма æгæр æрыгон у, зæгъгæ, уæд Мысырбийы фæндоныл уæлдай ницыуал загъта.

***Томайты Мисурхан***

## ЦÆЛЫККАТЫ ХУХА
## ÆМÆ НАРСАУЫ КАДÆГ

Раджы заманы тыхы заман
Куы уыди, зæгъы, тасы заман.
Уæртæ Куырттаты ком
Сæ саргъы бæхтæн рæгъаугæс куы агуырдтой, гъе,
Куы никæуыл æууæндыдысты.

Уæртæ Дæллагхъæуы агъуыст-ныхасмæ
Куы ‘рæмбырд сты Куырттаты зæрæдтæ,
Уæртæ Дæллагхъæуы агъуыст-ныхасмæ.
Уæдæ, зæгъы, кæй сæвзарæм, зæгъгæ,
Уæлæ Уæлæсыхы, зæгъы, уæлæ Уæлæсыхы,
Уæу, Цæлыккаты Хуха æмæ Нарсау
Дыууæ æфсымæры куы уыдысты, гъей, гъе,
Цæлыккаты Хуха æмæ Нарсауы йеддæмæ
Никæуыл бауæнддзыстæм, зæгъы, никæуыл.
Уæд, зæгъы, иу кæстæр куы ‘рбацæуы, гъе-е-й,
Уыдон, дам, Тæгиан сиæхстæ куы сты,
Тæгиан сиæхстæ, сылæмвæнд куы разыной, зæгъгæ.
Уæу, сæ ныхас ууыл куы банцадис.
Уæд, зæгъы, райсом Хуха
гыццыл лæппуйы куы афæрсы,
Знон, дам, Куырттаты зæрæдтæ
Агъуыст-ныхасы цытæ дзырдтой, зæгъгæ.
Уæу, сылæмвæнд уæ куы рахуыдтой, гъе-е-е.
Куырттаты уайдзæф уыл сæмбæлди, хæрзæгуырд,
Куырттаты уайдзæф,
Уæу, сылæмвæнд уæ рахуыдтой, зæгъгæ.
Марадз, тагъд дæлæ ныккæнды скъæтæй
Цъæх бæх ралас æмæ Хилакъы рæбынæй
Дзывгъисы нарæгмæ фæхабар кæн, зæгъы, гъе-е-й.
Гыццыл лæппу Хилакъы рæбынæй
Дзывгъисы нарæгмæ фæхабар кодта, зæгъы,
Хæрзæгуырд Хуха рæгъаугæс цæуы.
Куырттаты ком куы ныххæррæтт ластой,
Уæлæ Гачъынмæ сæ саргъы бæхты
куы ‘рæмбырд кодтой.
Цæлыккаты Хуха сæ уырдыгæй хизын куы байдыдта.
Уæ, иу къорд рæстæджы фæстæ йыл, гъе-е-е,
Æвзæргæнджытæ ныффæнд кодтой, зæгъы,
Йæ усы ‘фсымæры йæм æрбарвыстой:
– Ацу-ма, бабæрæг æй кæн.
Æрбацæуы, зæгъы, йемæ ныхæстæ куы кæны,
Куы йæ базонин, уæдæ цафон фынæй фæкæны, зæгъгæ.
Уый йыл уайтагъддæр фæгуырысхо ис
æмæ йын афтæ куы зæгъы:
– Ацу, дæ хæдзармæ ныффардæг у.

Æз Куырттаты бæрны куы дæн, Куырттаты бæрны.
Æхсæв хуысгæ куынæ кæнын, куы, зæгъы, гъе-е-й.
Ацыди, фæлæ та йæ иукъорд заманты фæстæ
Дзыхъхъынногæй куы ‘рбарвыстой:
– Ацу, бæлвырддæр ма йæ базон.
Дзыхъхъынног та куы ‘рбацæуы,
Йæ сиахсимæ ныхæстæ кæнын куы байдайы,
Уæдæ цæуыл дæхи бахордтай, зæгъгæ,
Æхсæв дæр хуысгæ куынæ кæныс, бон дæр,
Уæд куыд цæрыс, зæгъгæ, гъе-е-е...
– Уæ, хæстæджы ард дæ фæдыл æфтыд фæуа, уæу,
Мæнæн райсомæй хурæн йе ‘рбакаст, уырдыгæй
Иу сахат йеддæмæ мæнæн хуыссæг куынæ ис.
Уæ, хæстæджы ард дæ фæдыл æфтыд фæуа, гъе-е-ей...
Ацыдис æмæ та йæ æвзæргæнджытæн
Куы бамбарын кодта,
Уымæн, дам, райсомæй хурæн йе ‘рбакаст,
Уымæй иу сахат йеддæмæ йын
фынæй куынæ ис, зæгъгæ, гъе-е-е...
Иу райсом, зæгъы, раджы хуры ‘рбакастмæ
Уæлæ Хъахъхъæдуры ‘фцæгыл
куы ‘рбахызтысты æвзæргæнджытæ.
Уæлæ сау хохы фыййау райсом-раджы
Йæ сау дзуджы фарсмæ
Куы ‘рбабадти, куы, зæгъы,
Уæу, куы кæсы: æвзæргæнджытæ
Хъахъхъæдуры æфцæгыл æрбахызтысты.
Базыдта йæ, Хухамæ æрбацæуынц æвзæргæнджытæ.
Уадындз куы райсы, уадындзæй куы уасы,
Уæ, уæлæмæ, хæрзæгуырд,
Æвзæргæнджытæ æрбацæуынц, зæгъгæ, гъе.
Рохы фынæй йыл бахæцыди, куынæ райхъал ис,
Куынæ райхъал ис, уæу, куы рамардтой Хухайы;
Куырттаты рæгъау аскъæрдтой, гъе-е-е...
Сау хохы фыййау фезгъордта, зæгъы,
Уæртæ Хæкъуынайы тигъæй куы уасы уадындзæй,
Уæлæмæ, Куырттатæ, уæу,
уæ рæгъаугæсы уын амардтой,
Рæгъау аскъæрдтой, зæгъгæ, гъе-е-е...

Уыцы заманы Куырттаты ком сылвæдис куы уыдысты;
Куы ныххæррæтт ластой фæдисы,
куы ныххæррæтт ластой,
Уæлæ, зæгъы, Хъахъхъæдуры æфцæгыл
Сылвæдис уæлвæндтæй куы баззадысты, гъе-е-е...
Иу зæронд лæг, зæгъы, семæ, цæуын чи нал фæрæзта,
Ахæм, семæ куы баззадис.
Уæу, куы кæсынц дæлæ
Дзуарыхъæуы комы дымæгмæ, зæгъгæ, гъе-е-е...
Дæлæ, дам, Дзуарыхъæуы комы дымæгмæ
Мигъы къуымбил куы февзæрди.
Сылтæ зæронд лæджы куы фæрсынц,
Æмæ сын афтæ куы зæгъы,
Хухайæн йæ хистæр æфсымæр
Нарсау дысон æмбисæхсæв
Хъæдæргъæвæнмæ сугмæ куы аивгъуыдта
Дыууадæс хæрæгыл, зæгъгæ, гъе-е-е...
Фæдисы хабарæн ницы бамбæрста, зæгъы,
Уый, дам, Нарсауæн йæ бæхы комытæф куы у,
Йæ бæхы комытæф, йæ бæх, дам,
ерыс цыд куы кæны, гъе-е-е...
Йæ сæрмæ уый та, зæгъы, халæттæ кæй хонут,
Уыдон та йæ къахы стъæлфæнтæ сты,
йæ къахы стъæлфæнтæ, гъе-е-е...
Уайтагъддæр сæ иувæрсты куы суадис, куы афæрсы,
Чердæм фескъæрынц Куырттаты рæгъау, зæгъгæ.
Хъобангомырдæм сæ фæдыл куы ныццавта, гъе-е-ей.
Хъобаны сæ галиуфæрстырдæм куы сыздæхтой,
Хосхæрæн рагъыл ын йæ хистæр æфсымæр
Нарсауы цъæх бæх
Хистæйрагæн куы сæвзæрстой, уæд,
Сæ балы хистæйрагæн, гъе-е-е,
афтæмæй сæ куы ‘рæййафы:
«Æз дæр уæ ахæм ранмæ куы агуырдтон!» –
Зæгъгæ, сыл гъеуыцы ран куы ралæууы.
Баиугай сæ кодта, зæгъгæ, баиугай,
Фæлæ йæ чындзы æфсымæрæн йæ сæр
æд къабазæй куы ‘рлыг кодта, гъей.
Мидæгдонæй дæ куы фæхастон, цъæх бæх, – зæгъгæ йæ
Цъæх бæхы фæсарц куы ‘рбаста,

Мæ чындзæн аходæггаг куынæ ахæссай, зæгъгæ.
Уæу, мæ чындзæн аходæггаг куынæ ахæссай.
Чындзæн йе 'фсымæры сæр æд къабазæй
цъæх бæхы фæсарц бабæтты,
Цъæх бæх йæ дымæг йæ рагъыл куы сæвæрдта,
Уæртæ Уæлæсыхмæ куы фезгъоры, гъе-е-е,
Уæлæсыхмæ куы 'рфардæг вæййы, зæгъы,
Дуарæй куы ныууасы.
Уайсадæг чындз æм куы разгъоры,
Куы 'рбакæсы, йе 'фсымæры сæр æд къабазæй
Цъæх бæхыл ауыгъдæй, гъе-е-е.
Æрбазгъоры æмæ дзы куы ныккомдзаг ласы;
«Афтæ дын хъуыд, дæхи дæр фесæфтай, мах дæр,
Афтæ дын хъуыди!» – зæгъгæ, дзы
куы ныккомдзаг ласы, гъе.
Нарсау Куырттаты рæгъау Гачъынмæ куы раскъæрдта,
Хъæумæ куы 'рцыдис, йæ чындзмæ куы дзуры:
– Аходæггаг дын куы рарвыстон,
цы бакодтай, зæгъгæ, гъе-е-е...
– Дæ цæрæнбон дын Хуыцау бирæ скæнæд,
Зæгъгæ, йæм чындз афтæ куы дзуры, –
Æз дæр дзы хорз куы сахуыстон, зæгъы,
Дæ цæрæнбон дын Хуыцау бирæ скæнæд, гъе-е-е...

## КЪАРДЖИАТЫ ФАЗЗÆТТЫ ЗАРÆГ

Æй, талайæ, дам, тулдзуисджын цæджындз
куы у, лæппутæ,
Талайæ тулдзуисджын, зæгъы.
Æй, æхсæвыгон, дам, хъамайæ туг исын
цæй зын у, лæппутæ,
Хъамайæ туг исын цæй зын у.
Æй, горæты сæрмæ, дам, деланкæтæ куы уыдаид,
Гъæй, Къарджиаты фаззæттæ бадзурынц:
Гъæй, тæхуды, хæсты сахат нæм
берданкæтæ куы уыдаид,
Гъæй, горæты бынмæ, дам, пъæлигон куы уыдаид,
Гъæй, Макъар, зæгъы, бадзуры:
Гъæй, тæхуды, хæсты сахат мæм
ливор куы уыдаид, гъæй.

Гъæй, Лæцы кæмттæ ‘мæ, дам, Хилачъы сау хæхтæ.
Мах, дам, баззайын кæндзыстæм
Ацы давджытæй лæджы мæрдтæ ‘мæ
идæдзы сау бæхтæ, гъæй.
Гъæй, фæрвы сæр, дам, дыуузæ сау бæлоны
Хъæдуртæ уæд хæргæ.
Гъæй, æрбацæуынц, дам, дæлæ хæрды сæр
дыууæ сау уæрдоны,
Цæлхдуртæ æвæргæ.
Гъæй, стыр комы хур, дам сын Къæрæбимæ зилгæ.
Уартæ рацæуынц, куы загътой,
Къарджиаты дыууæ файнусты
сæ сау уæрдæтты размæ, гъæй,
Гъæй сæ уæрдæтты размæ
сæ сывæллæтты разæй кæрæдзимæ ниугæ,
Гъей, Къарджиаты кæрты
куы ‘рлæууыдысты дыууæ сау уæрдоны.
Сæ мад Дæда сæм куы рацæуы:
Гъæй, æгас, дам мæм фæцæуат, мæ фæллад бæлццæттæ.
Гъæй, Æхсабитæ де ‘мауæдз Сау цырт.
Къарджиаты фаззæттæ бадзурынц:
Цæй, гъеныр, дам,
нæ сабитæ де уазæг, Саукуыдз, гъе-е-е.

## КЪУБАЛТЫ КУЫДЗЫГУСЫ ЗАРÆГ

Гъæй-мардзæ, уартæ Къубалты
Гыццыл Куыдзыгус, гъæй-мардзæ, гъо-о-о.
Цигайнаг слесыр кард æмæ рон куы скодта, гъо-о-о.
Гъæй-мардзæ, кард æмæ рон куы скодта, гъо-о-о.
Уæртæ, загъта, Къубалты Куыдзыгус,
Гъæй, æгас Къубалты мыггагæн
Кад æмæ ном куы скодта, гъо-о-й.
Кад æмæ, дам, ном куы скодта, гъо-о-о.
Уартæ, загъта, мæ мад, мæ фыдыстæн, зæгъы, гъо-о-о.
Æз, дам, нæ ауадздзынæн мæ фыды æрдхорд,
Мæ фыды æрдхорд Аспиаты галтæ, гъо-о-о.
Нæ, дам, ауадздзынæн Аспиаты галтæ, гъо-о-о.
Гъе-мардзæ, зæгъы, гыццыл Куыдзыгус, гъо-о-о.

Уартæ, загъта, фæндаджы кæрдæг хизыны тыххæй.
Куыдзыгус бадзуры, ныр, дам, Джызæлы фæсивæд
Бæхтæ, дам, куы балхæдтой, уæд лидзыны тыххæй,
Гъæйтт-мардзæ, лидзыны тыххæй, гъо-о-о.

## МАЙРÆМЫХЪУАТЫ ДЗАБОЙЫ ЗАРÆГ

Æйтт-мардзæ, куы загъта,
Уартæ Цæлыччы быдыры,
Гъей, æмæ æнахуыр фæдтæ.
Уынгæг бон куы ныккодта,
Майрæмыхъуаты Дзабо, гъо-о-о,
Уæртæ Уæлладжыры, куы зæгъы,
Хъионы нарджытæ.
Гъей æмæ, æрбацæуынц, дам мæм
Ибоны барджытæ, гъо-о-о.
Хъæддзау хъæдмæ, дам, цæуы
Кæрзытæ кæнынмæ, гъей,
Кæрзытæ кæнынмæ, гъей.
Уæртæ Дзестелты, зæгъы, хорз Зауыр, гъо-о-о,
Æз, дам, нал фæцæудзынæн, загъта,
Ацы сыгъд фыййауæй,
Дæлæ Бæтæхъойыхъæумæ, гъей,
Кæрдзынтæ хæрынмæ, гъо-о-о.
Елхоты дон, зæгъы, гъей,
Тала куы ‘рласы.
Гъей æмæ Дзабойы берданкæ, гъо-о-о,
Цæлыччы тыгъд быдыры
Джауыртимæ галау куы уасы, гъей, тох.

## КОДЗЫРТЫ ДЗÆРÆХМÆТЫ ЗАРÆГ

Гъо-о-ой æмæ, цон, загъта, сырх мæнæу ысласон, гъей,
Кодзырты гыццыл Дзæрæхмæт, гъо-о-о,
Далæ Хапæйы дымгæмæ, гъæй,
Хапæйы дымгæмæ, гъей.
Тох мыл æрцыди, мæ уарзон æмгартæ, гъе-е-е,
Уæй, Куырттаты, зæгъы, йæ фыны къутутæ, гъе-е,
Уартæ Куырттаты йæ фыны къутутæ, гъо-о-о.

Æз, дам, дзы хъæлæкк ныссастон, гъо-о-о,
Цыбыр карабинæй йæ куыдзы мукъутæ, гъо-о-о.
Уартæ, зæгъы, Арыхъхъы рагъыл
Гæбилы фæндæгтæ,
Æз, дам, ноджыдæр куы ныссастон
Ацы гауыртæй иуæн йæ бирæ дæндæгтæ, гъо-о-о.
Уæртæ, дам, Уæлладжыры, загъта, Гатæйы гæнæхтæ,
Уæй, Уæлладжыры Гатæйы гæнæхтæ, гъо-о-о.
Охх, æллæх, æз, дам, тæрсгæ куынæуал кæнын, гъо-о-о,
Хъуысын мæм байдыдтой
нæхи Гацыры гæрæхтæ, гъо-о-о.
Ой, мидæг Ларсы дон, дам, йæ гуырæнтæй, гъо-о-о,
Мидæг Ларсы дон йæ гуырæнтæй, куы зæгъы,
Бабæтт, дам ма мын, æрбабæтт, Гацыр,
Мæ фарсы стыр гом дæ куырæтæй, загъта, гъо-о-о.
Гъой, æллæх, Хапæйы дымæгмæ дойныйæ куы мæлæм,
Гъæй, фæдисы мæм бæргæ цæут, фæдисы,
Фæлæ, дам мын дон дæр, зæгъы,
нæ дæттут, гъо, мæнгард заман, гъо-о-о.

## ТУТЫРЫ БОН

Уыцы бон-иу (уыдис-иу зымæджы) алчи скодта тутыры сынчытæ. Йæ хъустæ дæр-иу алчи уыцы бон хуынкъ кодта. Тутыры бæрæгбонмæ-иу цы чындз æрцыд, уый-иу бахуыдта рæсугъд хæцъилтæ. Алыхуызон æндæхтæй-иу скодта чингуытæ, æмæиу сæ сывæллæттæ сæ риутыл бахуыдтой.

Тутыры боны райсом-иу бинонты кæстæртæй исчи æххормагæй хъуамæ бинонтæн се 'ппæтæн дæр сæ иугай дзаумæтты ныссынк кодтаид.

Тутыры сынк куыд тыхджын у, уый тыххæй нын Мысырби радзырдта ахæм хабар:

– Хъæды, зæгъы, чидæр бæлас ракодта æмæ йæ алыварс уæвгæ дæр ничи уыд, афтæмæй чидæр кæмæдæр хъæр кæны: «Гъей-гъей! Тынг амондджын хъæд фæласы æмæ йæ раздах!»

– Уый афтæ раздахгæ нæу, – дзуры йæм иннæ. – Йе 'фсондз æмæ, дам, йæ тæбынгтæ Тутыры боны конд сты, æмæ уый афтæ раздахгæ нæу.

Уыцы таурæгъыл-иу Мысырби зарыд зарæг дæр.

# ИУ АМОНДДЖЫН ЛÆГ АГЪУЫСТ КУЫ КОДТА

Амондджын лæг агъуыст куы кодта,
Агъуыст куы кодта,
Уæртæ, зæгъы, Тутыргонд уæнгуытæ
Куы баифтыгъта. Фарны хъæдмæ, фарны хъæдмæ
Куы бафардæг вæййы,
Фарны хъæды амондджын хъæд
Куы ракæны, загъта, гъе-е,
Амондджын лæг Тутыргонд уæнгуытæ
Куы бабæтты, загъта, гъе-е.
Иу, дам, иннæмæ дзуры, хъæды фарн, зæгъы,
Иу иннæмæ дзуры, гъе-е,
Ма, дам æй ауадз! – амондджын хъæд фæласы, гъей.
Уый йæм, зæгъы, фæстæмæ куы дзуры:
– Тутыргонд уæнгуытæ йæ уæлæ ифтыгъд куы ис,
Тутыргонд æфсондз се 'фцæджы куы ис,
Тутыры конд тæбынгтæ се 'фсæндзты куы сты,
Уый бауромын мæ бон куынæ у, гъе-е.
Амондджын лæг амондджын хъæд куы ласта, зæгъы,
Амондджын лæг фарны хъæдæй амондджын хъæд
Куы 'рласта, зæгъы, гъе-е.
Агъуысты йæ рæбынæй, зæгъы, куы равæрдта,
Амондджын хъæд, амондджын хъæд,
Йе 'хсыр куы мызти, гъе-е.

# УАСТЫРДЖИЙЫ ЗАРÆГ

Уастырджи усгур куы ныффæнд кæны, гъей,
Усгур, зæгъ, ныффæнд кæны, гъей,
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.
Дæлæ стыр Борæты хъæазтмæ,
Нарты Борæты хъæазтмæ ныффардæг вæййы, гъей,
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.
Хъæзты кæрон, зæгъы, куы балæууы, гъей:
– Фарн уæ хъæзты уа, нарты фæсивæд.
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.

Нарты фæсивæд ыл, зæгъы, куынæ фервæссынц, гъей,
Кæронæйгомау куы ‘рлæууы, зæгъы, гъей,
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.
Хистæртæ, зæгъы, йæм куы кæсынц, гъей,
Нарты хистæртæ йæм куы кæсынц, гъей:
Ацы лæппуйæн, дам, йæ цæстæнгас, гъей,
Йæ цæстæнгас æндæр куы у, гъей.
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.
Нарты фæсивæд Уастырджимæ куы ‘рхатынц, гъей,
Уазæг, иу кафт, дам, ма скæн, зæгъгæ, гъей.
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.
Æз, дам, кафын куынæ зонын, зæгъгæ, гъей.
Уæд та, дам, бæхыл иу хъазт скæн, гъей.
Мæ бæх, дам, къуылых куы у, гъей,
Мæ бæх, дам, дзамбас у, гъей.
Æнæбарыгомау йæ бæхыл куы бацыди, гъей,
Иуырдæм цæугæ бакæны, гъей,
Иннæрдæм сæпп-сæпп ракæны, гъей.
Фæндырдзæгъдæг Азауханы размæ куы бацæуы, гъей.
Дзæбæх чызг, дам дæ куы хонынц. –
Ехс ын йæ размæ куы ‘рæппары,
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.
Азаухан æм, зæгъы, ехс куы слæвæрдта, гъей, –
Ехсимæ йæ иумæ куы фелвасы, гъей.
Мигъæй æврагъы астæу, зæгъы
куы сфардæг вæййы, гъей.
Нарты фæсивæд йæ фæдыл
джихтæгæнгæ баззайынц, гъей.
Æнæфындз Мæргъуыдзмæ йæ, зæгъы,
куы ‘рхæццæ кодта, гъей.
Гъей, гъей, рухс Уастырджи.
Уыцы ран дынджыр чындзæхсæв ныккодтой, гъей.
Гъей, табу дын æрбауа, гъей,
Рухс Уастырджи.

*ТУГЪАНТЫ Энвер*

# ТАУРÆГЪ КУЙДЗЫХТЫЛ

Хъæздыг у Нарты эпос хъæбатыртæ æмæ зæрдæскъæф сюжеттæй. Сæ æрæмбырд кæныныл чи бафыдæбон кодта, уыдон дæр цъус не сты. Фæлæ уæддæр се 'ппæтыл нæ аххæссыдысты. Фыссын сæ куы райдыдтой, уæд уыцы таурæгътæй уæдмæ бирæ байрох. Зæгъæм, Тугъанты Махарбег «Ацæмæзы зарæг» куы фыста, уæд æй бахъуыди, кадæг кæронмæ чи зыдтаид, ахæм таурæгъгæнæджы дзæвгар агурын, уымæн æмæ йæ сæ фылдæр зыдтой скъуыддзæгты хуызы.

Хæрз æрæджы мæ къухы бафтыд, 1987 азы Лейпциджы кæй рауагътой, уыцы чиныг, «Рейзен им Кауказус» («Балц Кавказыл»). Уым æз бакастæн, зындгонд немыцаг этнограф Бастиан 1865 азы Дзæуджыхъæуы фехъусæггагæй кæй ныффыста, уый – «Таурæгъ Ирбарæгыл». Мæнæ гъеуый, Бастиан Адольфы ныхæстæм гæсгæ:

Ир хурыскæсæны куы цардысты, уæд сын уыцы заман уыди сызгъæрин рæстæг, уымæн æмæ æппæт дæр уыди сæ дæлбар. Сæ хъæбатыр хицауæн йæ ном хуынди Ирбарæг, ома Иры барæг: алкæмæй рæсугъддæр, алкæмæй хъæбатырдæр æмæ алкæмæн дæр уарзон. Йæ хæдзар уыдис, арвы онг чи фæцыд, уыцы хæхты астæу, зæрватыкк дæр æм зынтæй тахт. Иу райсом раджы йæ даргъ базырджын æфсургъы бæрæггæнæг скъæтмæ куы бацыд, уæд йæ хъустыл ауад сырддонцъиуты ныхас. Уыдон кæрæдзийæн дзырдтой: уæртæ æрбацæуы нæ барæг Ир йе 'фсургъ бæрæггæнæг, фæлæ нæма зоны, Скæсæнæй йæм кæй бырсы куйдзыхты æлдар (куыдзы дзыхты кæнæ та хомхорты) æнæнымæц æфсадимæ, сæ кæрон никуыцæй зыны. Æртæ боны дæргъы хизынц Бæсты-доныл (Волгæйыл), фæлæ йе 'мбисмæ дæр нæма æрбахæццæ сты. Цæуынц æд бинонтæ æмæ фæллой, цыма сæ цæрæнуат ивынц, уыйау. Уыдон астæу ис рæсугъдты рæсугъддæр чызг Бадиджæ, куйдзыхты æлдары чызг. Хуртæ

худынц йæ цæсгомæй, йæ хæлц у æрмæстдæр æхсыр, æндæр хæрд æмæ нозтмæ æвналгæ дæр нæ кæны.

Ирбарæг уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд цæстыныкъуылдмæ фæстæмæ фездæхт йæ хæдзармæ æмæ æрсидт йæ хъæбатыр хæстонтæм ныхасмæ. Стæры сæ цæуын кæй хъæудзæн, уый тыххæй уайтагъддæр бауынаффæ кодтой. Хъæбатыр фæтæг æрæмбырд кодта йе 'фсад тыхгæнæг знаджы ныхмæ, йæхæдæг æххуысагур ацыд йæ хæлар Рустеммæ. Уый уыди Нарты сæр, æмæ, куйдзыхтимæ тохы Ирбарæгыл исты æрцыд, зæгъгæ, уæд йæ фæстæ паддзахады сæргъы хъуамæ слæууыдаид уый. Дыууæ знаджы сæмбæлдысты, æртæ доны кæм иу кæнынц, уыцы тыгъд быдыры. Æртæ боны æмæ æртæ æхсæвы хæст нæ басабыр. Ир фæуæлахиз сты, саст æлдар лидзынмæ куы фæци, уæд æй æппæт дæр ферох, суанг ферох кодта йæ чызджы дæр, æмæ йын уæлахиздзауты къухы бафтыд. Кæй ратæлæт кодтой, уыцы фæллойæн нымæц дæр нæ уыд. Уæд ахæм æгъдау уыдис, æмæ-иу уацары бахауджыты 'хсæнæй уæздætты арты басыгътой. Уымæ гæсгæ ахæм ми бакодтой, куйдзыхтæй уæздан чи уыди, уыдонæн дæр. Æппæты фæстагмæ баззади Бадиджæ æмæ æнцад æнхъæлмæ касти, хъысмæт ын цы сныв кодта, уымæ, хатыр ын бакæной, уый тыххæй иу сыбыртт дæр не скодта.

Рустем уæлахизы куывдмæ куы 'рцыд æмæ саурæсугъд Бадиджæйы куы федта, уæд ын йæ сæрмæ стыр фæллой раттынвæнд скодта. Фæлæ Ирбарæгæн дæр йæ зæрдæйы уарзондзинады арт спæртт кодта æмæ не сразы йæ раттыныл. Æниу æнусон æнæфехæлгæ æгъдауы сæрты куыд ахызтаид, уымæн нырма ницы зыдта. Бадиджæйы басудзыны æмгъуыд куы 'рцыд, уæд йæ тæрхонылæгтæм æрсидт æмæ сын радзырдта, æхсæвы цы фын федта, уый: куйдзыхтимæ хæст ногæй райдыдта. Ацы хатт хæсты амонд иннæтырдæм фæкъул. «Мæ хъæбатыр хæстон æмгæрттæ æмæ мæхæдæг дæр уацары бахаудыстæм. Æмæ, мæ зынаргъ æмгæрттæ, не 'ппæт дæр лæвæрд æрцыдыстæм арты басудзынмæ. Цалдæриддæр хатты-иу нæ хæстонты арты судзынмæ бакодтой, уал хатты-иу æлдар загъта, йæ чызджы сæрмæ сæ кæй судзы, се 'ппæты дæр кæй басудздзæн – йæ хъæбулы туг райсыны тыххæй».

Тæрхонылæгтæ сабыр хъуыстой, стæй æмдзыхæй загътой: «Бадиджæ-рæсугъды удæгасæй ныууадзын хъæуы». Ирбарæг

æй ракуырдта, æмæ куйдзыхты æлдар уый куы фехъуыста, уæд æрбарвыста фидауджытæ æмæ хæларæй баззадысты...

Немыцаг æвзагæй фыст Куитзехх-тæ, æнæдызæрдыгæй, сты ирон куйдзыхтæ, ома куыдзыдзыхтæ.

Ис афтæ хъуыдыгæнæн, æмæ-ма, Дзæуджыхъæуы уæвгæйæ, Бастиан Адольф «Таурæгъ Ирбарæг»-æй дарддæр ныффыста-ид æндæр истытæ дæр. Йæ фæллæйтты ‘хсæн, чи зоны, разына æндæр ирон фольклорон уацмыстæ дæр. Уымæ гæсгæ сæ хъæуы сахуыр кæнын. Бастиан Дзæуджыхъæуы уыди дыууæ хатты: 1865 æмæ 1891 азты. Канд Дзæуджыхъæуы нæ, фæлæ уый, æвæццæгæн, Ирыстоны хæхтæм дæр абалц кодта. Зæгъæм, Имереты тыххæй кæм фыссы, уым афтæ зæгъы: таурæгъмæ гæсгæ, сыгъдæг Никкола Уæлладжыры комы айгæрста хох æмæ афтæмæй донæн фæндаг акодта быдырмæ.

Ноджыдæр ма мæ фæдзæхст: махыл, ирæттыл, лæмбынæг сахуыр кæнын æмбæлы ивгъуыд æнусы зынгæ этнограф Бастиан Адольфы фæллæйттæ.

Антикон историк Геродот Кавказæй цæгатырдæм зыдта, куйдзыхтæ (куыдзыдзыхтæ) кæй хуыдтой, ахæм знæмы. Ам цы таурæгъ æрхастам, уым куйдзыхты тыххæй дзырдæуы, зæгъгæ, рахизынц Бæсты-доныл (Волгæйыл). Уый та нысан кæны, цæрынц уыцы донæн скæсæнырдыгæй. Чи зоны, уыцы знæмæн табуйаг уыди куыдз, фæлæ сæхæдæг, ай-гъай, куыдзмæ ницы бар дардтой. Цы бæрæг и, кæд ацы таурæгъы хуызы мах æвдисæн стæм нæ фыдæлты цардимæ баст цавæрдæр хабарæн.

*«Фидиуæг», 1989, №7*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты – нырыккон америкаг фыссæг æмæ нывгæнæг* ***Бриджет Бет Коллинзы*** *куыстытæ. Бриджет йæ рæстæджы Сиэтлы Сабыр фурды университеты райста сгуыхты диплом æмæ сси аивæдты бакалавр. Æмбисонды рæсугъд нывтæ фæлдисы дидинсыфтæ, бæласы сыфтæ, къалиутæй. Йе сфæлдыстадæн æрмæг æмбырд кæны йæ дыргъдоны, ноджы фæндаггæрæтты, паркты, алыварс хъæдты æмæ уыгæрдæнты. Йæ шедевртæ зайæгойтæй кæй аразы, уымæ гæсгæ сын бирæ цæрæнбон нæй, æмæ сын сисы сæ къамтæ.*

*Зонгæ уæ кæнæм, нывгæнæджы куыстытимæ.*

















































# АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*ХÆМЫЦАТЫ Фузæ*

## СОЧИНЕНИЙЫЛ КУЫСТ РАЙДАЙÆН КЪЛÆСТЫ

Райдайæн кълæсты мадæлон æвзаг хуыздæр базонынæн стыр ахъаз сты изложени æмæ сочинени (нывæцæн). Сочиненийыл кусгæйæ, ахуыргæнинæгтæ ахуыр кæнынц логикон æмæ грамматикон æгъдауæй хъуыдытæ кæрæдзийы фæдыл раст равæрын, хъуыдыйæдтæ аразын. Сывæллоны логикон хъуыды рæзын кæнын та амоны йæ дунеæмбарынадыл кусын.

Сочинениты ахуыргæнинаг æвдисы йæхи хъуыдытæ, йæхи цæстæнгас, йе 'нкъарæнтæ, уый дзы домы сфæлдыстадон хъару, алфамбылайы цард зонын, цæмæй йæ бон уа темæ ирдæй равдисын.

Хъуыдыты фæд-фæдыл равæрд, сæ логикон бастдзинад у сочиненийы сæйрагдæр домæн. Уыцы домæныл сывæллæтты ахуыр кæнынц цадæггай. Уый тыххæй хъуамæ ахуыргæнæг бæлвырд зона пъланыл кусыны хуызтæ.

Сочиненийыл куыстæн ис æртæ этапы:

1. Сочиненимæ бацæттæ кæнын (мидис равзарын, пълан саразын, дзырдуатыл бакусын, хъуыдыйæдтæ равæрын, рæдыдтытыл бакусын, фысгæ-фыссын орфографион рæдыдтытæ куыд не 'руадзой, афтæ).

2. Сочинени ныффыссын.

3. Рæдыдтытыл бакусын.

Ахуыргæнæг сывæллæттимæ кусы канд сочиненимæ цæттæ кæнгæйæ нæ, фæлæ фысгæ-фыссын дæр. Фысгæ-фыссын кæсы ахуыргæнинæгты куыстытæ æмæ сын дзуры, хуыздæр цавæр дзырдæй спайда кæнын хъæуы, кæнæ цавæр хъуыдыйадæй, дзырд раст куыд ныффыссын хъæуы æмæ а. д. Ахуыргæнинæгтæ куы фæцалх уой уыцы куыстытыл, уæд сæ фæстæдæр ахуыргæнæджы æххуыс уыйбæрц нал хъæудзæн.

Райдайæн кълæсты программæйы амынд цæуы, афæдзы дæргъы алы къласы дæр ахуыргæнинæгтæ цал сочиненийы хъуамæ ныффыссой, уый.

Фыццаг-дыккаг кълæсты, цалынмæ сывæллæттæ фыссын нæ

базоной, уæдмæ арæзт цæуы дзургæ фæлтæрæнтæ. Уыдонæн сæ нысан у ныхас рæзын кæнын.

Дыккаг-æртыккаг кълæсты дзургæ фæлтæрæнтæ – хи ныхæстæй радзырд – ахуыргæнæджы пъланы ахсынц сæйраг бынат.

Райдайæн кълæсты ахуыргæнинæгтæн фылдæр хатт сæ сочиненитæ вæййынц таурæгъон хъуыдыйæдтæй фыст, фæлæ æртыккаг къласы та сочинени, гæнæн ис, æмæ уа æрфыстимæ. Зæгъæм: «Цавæр чингуытæ уарзын æз кæсын», «Мæ зæрдæмæ тынгдæр цавæр куыст цæуы» æмæ а. д.

Цы ма уа уымæй цымыдисагдæр, сывæллоны йæ хъуыдытæ аив, фæлгонцджын æвзагæй фыссын сахуыр кæнын, аив дзырдты дунемæ йæ ахонын...

Скъолайы хæс у сывæллæттæн сæ мадæлон æвзагæй уыйбæрц зонындзинæдтæ раттын, цæмæй йыл сæ бон æнæкъуыхцыйæ дзурын уа. Уый та ахуыргæнæджы къухы æрмæст уæд бафтдзæн, æмæ мадæлон æвзаджы уроктæ арæзт куы цæуой теоретикон зонындзинæдты æмæ сывæллæтты хъуыды æмæ ныхас рæзын кæныны бындурыл. Мадæлон æвзаджы программæты дæр уый нымайынц бæрнон æмæ ахсджиаг хъуыддагыл. Уымæ гæсгæ ныхасы рæзтмæ алы къласы дæр стыр æргом здæхт цæуы.

Мадæлон æвзаджы руаджы сывæллæттæ райхалынц сæ хъуыдытæ дзургæ æмæ фысгæ ныхасы. Уæдæ мадæлон æвзаг зонын æххуыс у сывæллæтты иумæйаг рæзтæн. Хуымæтæджы нæ фыста зындгонд ирон критик Тыбылты Алыксандр йæ уацы, зæгъгæ, сывæллон зонды мæсыг самайдзæн æрмæстдæр йæхи æвзагыл, йæ мадæлтæ йын авдæны зарджытæ кæуыл кодтой, уыцы æвзагыл.

Ныхасы рæзтыл куысты сæйраг бынат ахсы сочиненитæ фыссын. Сочиненийыл кусынæн райдайæн кълæсты бæлвырд фæтк ис. Фыццаг къласы чысыл эмоционалон радзырдæй райдайгæйæ, сочинени уæлдæр кълæсты сабыргай рахизы стыр æмæ ахсджиаг куыстмæ. Сывæллон раджы райдайы йæ хъус чингуыты нывтæм дарын. Бирæ нывтæ лæвæрд цæуы «Абеты чиныджы» дæр. Уыдонмæ чиныджы лæвæрд цæуы дзырдтæ, хъуыдыйæдтæ, чысыл тексттæ. Уыцы нывты ахуыргæнинæгтæ хуызджын кърандæстæй сахорынц хицæн предметтæ, ныффыссынц сæм иу кæнæ дыууæ хъуыдыйады (цыбыр хъуыдыйæдтæ). Ныффыссын сæ бон цы нæ вæййы, уый та баххæст кæнынц дзыхæй

дзургæйæ. Афтæмæй сæ хъуыдыйæдтæй рауайы цыбыр радзырд.

Райдайæн кълæсты ахуыргæнинæгтæ цадæггай æмбарын байдайынц, радзырд цы у, уый. Нывмæ гæсгæ цыбыр радзырд ныффыссыны фæлтæрæнтæ æнцондæр аразæн сты кæсыны уроктимæ бæттгæйæ. Зæгъæм, «Абеты чиныджы» Къостайы æмдзæвгæ «Фыдуаг» бакæсгæйæ, сывæллæттæ сныв кæнынц фыдуаг чысыл лæппуйы æмæ йæм ныффыссынц, сæ нывты мидис æвдыст кæм цæуы, ахæм хъуыдыйæдтæ: Лæппу у фыдуаг. Коммæ нæ кæсы. Бирæ уарзы фынæй кæнын, кæуын.

Райдайæн кълæсты ныхасы рæзтыл куысты хуызтæй вазыгджындæрыл нымад цæуы фæрстытæн дзуапп дæттын. Бирæ ранымайæн ис ахæм куыстыты хуызтæ. Уыдонмæ хауы коллективон æгъдауæй хъуыдыйæдтæ саразын цавæрдæр бæлвырд темæмæ. Æрмæгæн ын райсæн ис экскурси, скъолайы бæрæгбон, цыбыр ныхасæй, æнæхъæн къласæй кæм уыдысты кæнæ кæй федтой, ахæм æрмæг. Гæнæн ис æмæ радзырд цалдæр нывмæ гæсгæ дæр уа. Фыццæгæм къласы ахуыргæнæг сывæллæттæн æвдисы дыууæ нывы æмæ сын зæгъы, цæмæй сæм лæмбынæг æркæсой. Уый фæстæ семæ аразы беседæ:

**Ахуыргæнæг:** Цы уынут нывы?

**Ахуыргæнинæгтæ:** Лæппу хъазы портийæ хæдзары. Стъолыл ис вазæ, чашкæтæ. Вазæ ахауд зæхмæ. Вазæ стъолæмбæрзæнимæ йæ фæдыл аласта чашкæтæ дæр. Лæппу тынг фæтарст.

**Ахуыргæнæг:** Цæмæй йæ базыдтай, лæппу фæтарст, уый?

**Ахуыргæнинæгтæ:** Лæппуйæн ис тынг тарст цæстытæ.

Ахæм беседæйы фæстæ ахуыргæнинæгтæ ахуыргæнæджы æххуысæй аразынц цыбыр радзырд.

Ахæм фæлтæрæн куыстытæм ма хауынц, æнæхъæн къласæй кæй бакастысты, уыцы текстмæ гæсгæ изложени ныффыссын. Æрмæст сын фæрстытæ дæтты ахуыргæнæг. Ахæм фæлтæрæн куыстытæ арæх кæнгæйæ, ахуыргæнинæгтæм фæзыны фылдæр уæгъдибар хъуыдыкæнынад.

Дыккæгæм къласы та сывæллæттæ фæархайынц радзырдтæм пълан аразын. Ахæм фæлтæрæн куыстытæ кæнгæйæ, ахуыргæнинæгтæ сæхи цæттæ кæнынц вазыгджындæр сфæлдыстадон куыстытæ уæгъдибарæй аразынмæ. Уыдонæн нæма ис схонæн радзырдтæ (сочиненитæ), уымæн æмæ сæ иуæй-иу хъуыдыйæдтæ æмткæй баст нæ цæуынц радзырды мидисимæ.

Æртыккаг æмæ цыппæрæм кълæсты ахуыргæнинæгты фысгæ

ныхас схизы ахæм бæрзæндмæ, æмæ фæстæдæр, уæлдæр кълæсты, уыдон вæййынц сæ фыссыны фæлтæрæнты бындур. Æртыккаг къласы ахуыргæнинæгтæн æнцондæрæй сæ къухы æфты хуымæтæг радзырд. Уыцы радзырдæн йæ мидис вæййы иу хуымæтæг цау. Стæй йæм цадæггай бафтауынц æрфысты элементтæ – дыууæ-æртæ хъуыдыйадæй æрдзы кæнæ адæймаджы æрфыст: «Æрцыд та нæм уалдзæг. Æрцыд йæ цъæх дарæсты. Зæхх райхъал. Фæзынд фыццаг кæрдæг. Иуæй-иу бæлæстыл фæзынд фæлмæн цъæх сыфтæр. Тагъд фæзындзысты дидинджытæ дæр: сырхытæ, урсытæ, цъæхтæ, буртæ. Хъарм бæстæй æртахтысты цъиутæ. Сæ зарджытæ хъуысынц бæлæсты къалиутæй, хъæдæй. Уалдзæг тынг цæуы сывæллæтты зæрдæмæ. Хъазæн ис портийæ, ис згъорæн, гæппытæ кæнæн».

Æфтыд ма йæм æрцæуынц диалог æмæ комкоммæ ныхас дæр. Уыдоны руаджы радзырды мидис фæвазыгджындæр вæййы.

Æртыккæгæм æмæ цыппæрæм кълæсты ахуыргæнинæгты сочиненитæ райдианы вæййынц сюжетон радзырдтæ. Уым вазыгджындæргæнгæ цæуынц радзырдты сюжеттæ. Ам ахуыргæнæджы хæс у сывæллæтты иу зындзинадæй иннæмæ сабыргай хонын, иу фыссыны куысты хуызæй иннæмæ. Ахуыргæнæг хъуамæ йæ зæрдыл дара: ахуыргæнинæгты радзырд (сочинени) фыссын хъæуы пъланмæ гæсгæ. Уыцы пълан арæзт вæййы æртæ сæйраг хайæ (разныхас, сæйраг хай, фæсныхас кæнæ та кæронбæттæн).

Сывæллæтты уæгъдибарæй сочиненитæ фыссын сахуыр кæныны мадзæлттæ: дзургæ радзырдтæ аразын, бакаст æрмæг хи ныхæстæй радзурын æмæ радзырд коллективон æгъдауæй аразын.

Фысгæ ныхасы рæзтыл куысты æппæты ахсджиагдæрыл нымад цæуынц, сывæллæттæ сæ радзырдтæн æрмæг кæцæй исынц, ахæм цаутæ. Уыдонæн райсæн ис, сывæллæттæ цы чиныг бакастысты, нывты, театры, кинойы, скъолайы сценæйыл цы федтой, уырдыгæй, сæ алфамбылай цаутæ æмæ сæхи цардæй, сæ хъазт, сæ фæллойы тыххæй.

Цæттæгæнæн фæлтæрæнты хуызтæй иу у сочинени бакаст æрмæгмæ гæсгæ. Сочинени ныффыссыны размæ ахуыргæнæг бафæрсы сывæллæтты, цы бакастысты, уымæй. Фæрстытæн дзуапп раттыны тыххæй ахуыргæнинæгты фæхъæуы, цы бакастысты, уымæй хицæн бынæттæ радзурын, уыцы бынæттæ

кæрæдзиуыл бабæттын, фæд-фæдыл сæ раст равæрын, уымæй дарддæр ма сæ арæх бахъæуы бакаст æрмæгмæ сæхи ахаст равдисын.

Æртыккæгæм æмæ цыппæрæм къæсты ахуыргæнинæгтæ лæвæрд темæтæм гæсгæ ныффыссынц цыбыр радзырдтæ. Уыцы рæстæг ахуыргæнинаг æвдисы ахæм цаутæ, геройы тыххæй йын йæ хъуыды чи бафидар кæна.

Уыцы фæлтæрæнтæ фæхæстæгдæр кæнынц сывæллæтты, сочинени схонæн кæмæн ис, ахæм куыстытæм. Уыдоны ахуыргæнинæгтæ уацмысæй райсынц иу фарст, иу кæнæ цалдæр сæргондæй рахицæн кæнынц, фарстæн дзуапп чи дæтта, ахæм бынат. Афтæмæй сывæллæтты бон вæййы стыр æрмæг райсын, анализ ын скæнын, уый фæстæ йæ хи ныхæстæй радзурын. Зæгъæм, сывæллæттæ хæдзары бакастысты Носовы радзырд «Хорздзинад». Къласы йыл сывæллæттæ ахуыргæнæджы разамындæй æрныхас кодтой. Бацамыдтой йын йæ сæйраг хъуыды, уый фæстæ ныффыстой сочинени ахæм темæйыл: «Хорздзинад аразын хъæуы». Уыцы сочиненийæн йæ бындур у радзырды мидис цыбырæй, фæлæ дзы хъуамæ уа сывæллæтты ахаст се 'мгар лæппу Юрæйы митæм, хъуамæ сын аргъ скæной.

Нывмæ гæсгæ сочиненийы мидис аразгæ у ныввы сюжетæй. Ахæм куысты рæстæг сывæллæттæ пайда кæнынц сæхи сæрмагонд дзырдуатæй. Раздæр уал сывæллæттæ сæ хъуыдытæ радзурынц. Хуыздæр уыдзæн куыст дыууæ-æртæ нывы тыххæй раныхасæй райдайын. Уыдон лæвæрд цæуынц иу темæмæ. Дыууæ-цыппар нывмæ гæсгæ беседæ та ахуыргæнинæгты цæттæ кæны радзырдмæ пълан саразынмæ.

Иу нывмæ гæсгæ сочиненимæ рахизгæйæ, райсын хъæуы ахæм ныв, йæ мидис цалдæр хайыл адихгæнæн кæмæн уа. Уый феххуыс уыдзæн ахуыргæнинæгтæн нывы мидис хуыздæр бамбарынæн. Нывы мидисыл дзургæйæ, спайда кæнын хъæуы сывæллæттæн сæхи царды фæлтæрддзинадæй. Зæгъæм, ныв «Хъæды» æвзаргæйæ, æрымысæн ис, сывæллæттæ хъæдмæ куыд ацыдысты, цы дзы федтой, радзурдзысты, цавæр у хъæд, æппæтæй хуыздæр дзы цы ис æмæ а. д. Беседæ хъуамæ уа цыбыр æмæ мидисджын.

Сывæллæттæ нывмæ фæкæсынц дыууæ-æртæ минуты. Уыцы рæстæг уыдон кæрæдзийæн дзурынц сæ хъуыдытæ нывы

тыххæй. Ахуыргæнæг сын хъусы сæ ныхасмæ æмæ йæ беседæ райдайы, сывæллæттæ тынгдæр цæмæ бацымыдис сты, уымæй. Ахуыргæнæг раст кæны ахуыргæнинæгты рæдыдтытæ сæ ныхасы, сфæлдыстадон хъуыдымæ сæ здахы. Афтæ сывæллæттæ сараздзысты радзырдтæ киноныв кæнæ бæрæгбоны тыххæй дæр. Æмхæст ныхасыл фæлтæргæйæ, сывæллæттæ бæлвырддæр базонгæ вæййынц радзырды арæзтимæ. Хорз фæлтæрæн у ацы ран радзырдтæ хи цардæй искæцы цауыл, кæнæ та искæйы цардыл, фосы, æрдзы тыххæй ныффыссын. Цы текст бакæсынц, уый сын вæййы хуызæджы бæсты, сæ радзырды мидисæн та райсынц сæ алыварс царды цаутæй исты. Уый фæстæ рахизынц сæхи тыххæй фыссынмæ: хæдзары сæ мад æмæ фыдæн куыд æххуыс кæнынц, къласы радгæс куыд вæййынц, цы аразын, цы кусын уарзынц фылдæр æмæ а. д. Цыппæрæм къласы ахуырдзаутæ азы кæронмæ ахæм куыстытæ фæфыссынц уæгъдибарæй.

Экскурситæм гæсгæ фыст радзырды вæййы æрфысты элементтæ. Уыдонмæ цæттæ кæнгæйæ, сывæллæтты ахуыр хъæуы чысыл нывтæ аразын дыууæ-æртæ хъуыдыйадæй. Зæгъæм: ног азы заз бæлас куыд арæзт уыд, боныхъæды, æрдзы тыххæй: «Быдыры федтон фыццаг цъæх кæрдæг. Уый уыд фæлурс æмæ фæлмæн». Кæнæ: «Абон æнæхъæн бон дымдта уазал дымгæ. Хæдзæртты сæртæй миттæ ныммарзта».

Ахæм куыстытыл сывæллæттæ ахуыр кæнынц æрдзмæ хъус дарыныл.

Радзырд æрфысты элементтимæ. Уымæ хауы уац скъолайы къулы газетмæ. Къласы цардæй искæцы цауыл дзургæйæ, ахуыргæнинаг дæтты предметты, архæйдтыты, архайæг цæсгæмтты æмæ цауты æрфыст, æвдисы йæхи цæстæнгас цаутæм æмæ архæйдтытæм.

Стыр нысаниуæг ис, сывæллæттæн сочиненитæ фыссынмæ цы темæтæ лæвæрд цæуы, уыдонæн. Зындгонд уырыссаг методист М. А. Рыбникова дзырдта: «И, конечно, не безразлично, какие темы мы ставим... Учитель подбирает наиболее доступные, наиболее живые и разумные в воспитательном отношении темы... Всяческого рода эксперименты, предложение ученикам писать кто что хочет, неумение направить ученика по заранее составленному для себя учителем плану – все это... нерациональная трата детских сил... Используйте то, что ребята видят

вокруг себя. Привлекайте жизненные впечатления, учите ребят видеть».

Сочинениты темæтæ амынд цæуынц райдайæн къæсты программæты. Уыдон сты: 1) радзырд бакаст чиныджы тыххæй (цы дзы фæцыд мæ зæрдæмæ); 2) хи цардæй исты цауы тыххæй радзырд (хъæды, доны был, быдыры мыл цы 'рцыд); 3) хъæзтытæ æмæ хиирхæфсæнтæ (хъæлдзæг хъазт, мæ уарзон хъазт); 4) хæдзары æмæ скъолайы мæ æрвылбоны хъуыддæгтæ (къласы радгæс куыд вæййын, мæ уат куыд бафснайын, мæ мадæн куыд æххуыс кæнын).

Сочинениты темæты кой кæнгæйæ æмæ ахуыры процессы сæ ахадындзинадыл дзургæйæ, нæй афтæ зæгъæн, темæ сæйрагдæр у, уый лыг кæны сочиненийыл ахуыр кæныны фарста. Кæй зæгъын æй хъæуы, темæ æнæмæнг хъуамæ уа цымыдисаг, цыбæл кæна сывæллæтты, уа сæхи фæлтæрддзинадмæ гæсгæ. Фæлæ: 1) темæ фехъусын кæныны фæстæ арæзт цæуы стыр куыст сочиненийы æрмæг, йæ композицион арæзт, йæ литературон фæлгæт бацæттæ кæныныл; 2) уыцы иу темæ раттæн ис дыууæ алыхуызон къæсты: уый руаджы сбæрæг вæййы, сывæллæтты литературон сфæлдыстад цас сырæзт, сæ иумæйаг рæзт цавæр у, уый; 3) темæ дæтгæйæ, ахуыргæнæг рагацау хъуамæ зона сочиненийæн йæ хуыз кæнæ йæ жанр: сюжетон радзырд, æрæджы чи æрцыд, ахæм цауыл, æви раздæр (мысинæгтæм гæсгæ); конкретон æрмæгыл цæудзæн ныхас æви иумæйагæй.

Вæййы афтæ дæр, æмæ сывæллæттæ сочинени фæфыссынц сæрибар темæйыл. В. Т. Вахтеров йæ куыстытæй иуы уый тыххæй афтæ зæгъы: «Нет... если учитель хочет согласовать работу над сочинением с естественным стремлением своих детей к развитию, он должен предоставить им известный простор и в выборе тем для своих сочинений, и в составлении плана, и в отыскивании способа и формы выражения. Пусть дети напишут о том, что они сами наблюдали, узнали по личному опыту, сами открыли и пережили, а не то, к чему принуждает их учитель...»

Ахуыргæнинæгтæн сочиненийæн лæвæрд цæуы иу кæнæ цалдæр темæйы кæрæдзиуыл бастæй. Темæтæ, гæнæн ис, æмæ уой алыхуызон. Гæнæн ис, æмæ уа радзырды кæнæ та уацы текст, гæнæн ис, æмæ уа ныв, кæнæ та сывæллæтты мысинæгтæ сæ цардæй, æрдзмæ сæ цæстæнгас æмæ æнд.

Бакаст ӕрмӕгӕй сочинени фысгӕйӕ ма ахуыргӕнинӕгтӕ хъуамӕ иу хатт бакӕсой уыцы текст, ссарой дзы, сӕ сочиненийы темӕмӕ чи хауы, уыцы бынӕттӕ, сбӕрӕг сӕ кӕной, саразой сӕм пълан, хи ныхӕстӕй йӕ радзурой, уый фӕстӕ йӕ пъланмӕ гӕсгӕ ныффыссой сӕ тетрӕдты.

Нывмӕ гӕсгӕ куыст арӕзт цӕуы чысыл ӕндӕрхуызон: 1) Ахуыргӕнинӕгтимӕ развӕлгъау беседӕ саразын; 2) Нывмӕ бакӕсын ӕмӕ йын йӕ мидис сбӕлвырд кӕнын; 3) Нывы мидисы анализ; 4) Нывӕн ном раттын.

Куыд ӕвзӕрст цӕуы сочиненимӕ ӕрмӕг сывӕллӕтты цӕстдарӕнтӕм гӕсгӕ? Гӕнӕн ис ӕмӕ уа дыууӕ хуызы: 1) Ӕнӕхъӕн къласӕн иумӕйаг темӕ (скъолайы, къласы цардӕй); 2) Индивидуалон (хи сӕрмагонд) цауы тыххӕй (бинонтӕ ӕмӕ сыхӕгтӕ, ӕрмӕстдӕр сывӕллонӕн йӕхимӕ чи хауы, йӕхи тыххӕй кӕй зоны, ахӕм цаутӕ).

Фыццаг хуызы сочиненимӕ цӕттӕ кӕнгӕйӕ, ахуыргӕнӕджы бон у сывӕллӕттӕн ӕххуыс кӕнын ӕрмӕг ӕвзаргӕйӕ. Дыккаг хуызы сочиненийы та нӕу. Фӕлӕ фыццаг хуызы дӕр, стӕй дыккаг хуызы дӕр сывӕллӕттӕм хъӕуы цӕст дарын.

Сочиненийы мидисмӕ сӕйраг домӕнтӕ сты: 1. Сочинени хъуамӕ темӕмӕ гӕсгӕ фыст уа; 2. Хъуамӕ йын иу хъуыды бӕтта йе 'ппӕт хӕйттӕ дӕр; 3. Бӕлвырд ӕмӕ ӕххӕстӕй ӕвдыст цӕуа йӕ уыцы хъуыды.

Пъланмӕ гӕсгӕ фыст сочиненитӕ хъуамӕ дзуапп дӕттой уыцы домӕнтӕн.

Ӕрмӕджы фӕд-фӕдыл равӕрд. Темӕ ӕвзӕрст у, ӕрмӕг ӕмбырд. Хъуамӕ ахуыргӕнинаг уыцы ӕрмӕг фӕд-фӕдыл равӕра. Дзырд сочинени нысан кӕны баст ныхас, ам алцыдӕр хъуамӕ уа йӕ бынаты, бӕлвырд фӕткыл.

Сочинени у литературон сфӕлдыстады хуымӕтӕджы хуыз. Уымӕ гӕсгӕ композицимӕ уыйбӕрц хъусдард нӕ цӕуы. Фӕлӕ скъолайы сочиненити дӕр домдӕуы бӕлвырд фӕтк, йӕ хӕйтты равӕрд ӕмӕ ӕнд. Пълан арӕзт цӕуы темӕйы характер, сочиненийы хуыз ӕмӕ жанрмӕ гӕсгӕ. Арӕхдӕр вӕййынц радзырды хуызы фыст. Иртасынц дзы: 1) бацӕуӕн хай; 2) сӕйраг хай; 3) кӕронбӕттӕн.

Зӕгъӕм, кӕсагахсджыты тыххӕй радзырдӕн йӕ бацӕуӕн хай уыдзӕн афтӕ: «Изӕрӕй ӕрцӕттӕ кодтой сӕ кӕсагахсӕнтӕ. Райсомӕй сӕ дыууӕ дӕр райхъал сты, талынг ма уыд, афтӕ.

Фынæй дæр ма сæм цыд. Фæлæ скъахтой уаллæттæ, сæ кæсаг-ахсæнтæ райстой æмæ ацыдысты доны былмæ».

Сæйраг хайы хъуамæ дзырд цæуа, æмбæлттæ доны был куыд æрбадтысты, кæсаг куыд ахстой, цавæр цаутæ сыл æрцыд. Кæронбæттæны хъуамæ æвдыст æрцæуа, сæ куыст куыд рауад, сæ хæдзæрттæм цавæр зæрдæйы уагимæ здæхтысты æмæ а. д.

Радзырды ма, гæнæн ис, æмæ уа (æрдзы, боныхъæды, архайджыты) æрфыст, архайджыты характеристикæ, ныхас (диалог), хъуыдытæ цауты тыххæй.

Уæдæ сочиненийыл ахуыр кæнгæйæ, ахуыргæнæг сывæллæттæн рæзын кæны сæ арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ литературон сфæлдыстадмæ.

Сочиненимæ цæттæ кæнгæйæ цы æрмæг бакæсынц ахуыргæнинæгтæ, уый сæм рæзын кæны бæлвырд æнкъарæнтæ, эмоцитæ. Фысгæ-фыссын сывæллон йæ куысты æвдисы уыцы æнкъарæнтæ, æвдисы йæ ахаст цаутæм æмæ архайджытæм.

Кæд изложени фысгæйæ ахуыргæнинагæн лæвæрд цæуы цæттæ темæ, уацмыс, йæ мидис, пълан, дзырдуат, кæд ахуыргæнинагæй домгæ у æрмæстдæр хи ныхæстæй текстæн йæ мидис раттын (ныффыссын), уæд сочинени фысгæйæ та ахуыргæнинагæн раттынц æрмæст темæ, пълан, дзырдуат. Сочиненийы хъуыдытæ фæд-фæдыл куыд равæрын хъæуы, уый та ахуыргæнинаг хъуамæ зона йæхæдæг. Раздæр ахуыргæнæджы æххуысæй, уый фæстæ та уæгъдибарæй.

# АРВИСТОН

## СТАЛИН ÆМÆ ИННÆТÆ

### Парижы дæр уыдыстæм

Америкаг делегацийы уæнг А. Гарриман схъæлхуызæй фæрсы Сталины:

– Æвæццæгæн, дæуæн иттæг æхсызгон у, уæ бæстæ цы бирæ бæллæхтæ бавзæрста, уый фæстæ ам, Берлины кæй дæ, уый?

Фæтæг ын дзуапп радта:

– Æмæ паддзах Александр Парижмæ куы бахæццæ...

### Кæй салдат у хъæбатырдæр?

Тегераны конференцийы рæстæг Рузвельт Сталины бафарста:

– Фехъуыстон, уе 'фсæдтæ, дам, Днепрыл куы ахызтысты, уæд дзы мингæйттæй архайдтой, бадтысты кæрæдзиуыл баст хъæдтыл, бирæтæ та ленк кодтой.

Сталин загъта:

–Днепрыл хызтысты мингай салдæттæ нæ, фæлæ сæдæгай минтæ. Мингæйттæн дзы саккаг кодтам Советон Цæдисы Геройы ном.

Уæд Рузвельт афтæ:

– Мах салдат та донмæ ныххизыны размæ хъуамæ бафæрса, йæ температурæ цас у, зæгъгæ.

### Тынг æй хъæуы

Ныхас цыдис кинонывы «Адмирал Нахимов»-ы тыххæй. Къамисы хицау уыди Жданов. Уый ранымадта, кинойы тыххæй премитæ кæмæн æмбæлы, уыдоны. Фæстагмæ йæ Сталин бафарста:

– Исты ныхасаг ма ис?

– Ис, – загъта Жданов.

– Цы?

– Мæнæ фыстæг, æмбал Сталин.

Жданов загъта фыстæджы авторы мыггаг – уый уыди номдзыд актер.

– Цы фыссы?

Жданов афтæ:

– Политикон хуызы, дам, раст нæ уыдзæни, мæн, преми дæттинаг кæмæн сты, уыдонимæ куынæ бавдисой, уæд. Ацы актер хъазы туркаг пашайы роль, æмæ, дам мæ куы фæхъулон кæнат, уæд аив нæ рауайдзæни.

Сталин бахудт æмæ загъта:

– Тынг æй фæнды преми райсын?

– Тынг, – дзуапп радта Жданов.

– Бынтон тынг?

– Бынтон тынг.

– Тынг зæрдиагæй куры?

– Тынг зæрдиагæй.

– Гъемæ кæд афтæ зæрдиагæй куры преми, уæд ын раттын хъæуы, – худгæйæ та загъта Сталин. Стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Æмæ мæнæ матрос Кошкайы ролы чи хъазы, уый ницы куры?

– Ницы, æмбал Сталин.

– Фæлæ хъазгæ хорз кæны йæ роль, æрмæст кургæ ницы кæны. Лæг кургæ нæ кæны преми, фæлæ йын æй мах куы раттæм, уæд цæмæй æвзæр у?

Иууылдæр сразы сты Сталины ныхасыл.

## Фæлдурæдждджынтæ

Киноныв «Чапаев»-ы, дам, Сталины зæрдæмæ цыд ахæм бынат.

Чапаев фæрсы Еланы: «Фæцæф дæ?» «Фæцæф дæн, Василий Иванович». Чапаев æм йæ ныхас баппæрста: «Æдылы дæ, æвæдза, æдылы». Елань фефсæрмы, йæхи сраст кæныныл архайы, ома нæмыг не 'взары, командир дæ æви хуымæтæджы хæстон, уый. Чапаев та йæм бадзырдта: «Нæмыг æй не 'взары, фæлæ йæ ды хъуамæ 'взарай!»

Сталин алы рæтты йæ хуызистытæ куы уыдта, уæд-иу иронихъæстæ ныхас сæппæрста:

– Фæлдурæдждджынтæ!

## Ай кæй цыртдзæвæн у?

Юри Долгорукийæн цырт куы æвæрдтой, уæд ын йæ проектмæ æрбахуыдтой Сталины. Фæтæг æм куы бакаст, уæд бафарста:

– Кæй цыртдзæвæн у ай?

Чи æрæмбырд, уыдон дисæй мардысты. Стæй сæ иу афтæ:

– Æмбал Сталин, ай у Юри Долгорукийы цыртдзæвæны макет.

Сталин та ногæй бафарста:

– Кæй цыртдзæвæн у ай?

Дзуапп та йын радтой:

– Æмбал Сталин, ай у Мæскуыйы бындурæвæрæг Юри Долгорукийы цыртдзæвæн.

Сталин ма уыцы иу фарст радта цалдæр хатты. Æмæ йын уыцы иу дзуапп лæвæрдтой.

Стæй Сталин иуцасдæр хъусæй алæууыд æмæ та бафарста:

– Зæгъут-ма, кæдæй нырмæ райдыдтой уырыссаг кънйæзтæ ефсытыл цæуын?

– Уырс (нæл бæх) ныв кæнын эстетикон æгъдауæй бынтон аив нæу, æмбал Сталин.

Уæд сын Сталин афтæ:

– Æмæ уырыссаг кънйазы ефсыл сбадын кæнын эстетикондæр у?

## Савва Морозов

Мæскуыйаг Чысыл театры фойейы номдзыд артистты фарсмæ уыди фабрикант Морозовы сурæт дæр, æмæ театрдзаутæ мæсты кодтой. Сталины хъахъхъæнджыты хицау Н. Власик бардзырд радта, æвæстиатæй раппарут уыцы сурæт, зæгъгæ. Фæлæ Владимир Владимирович Немирович-Данченко йæ коммæ нæ каст. Уæд Власик Сталинæн загъта, Немирович-Данченко, дам, театры къулыл капиталисты сурæт дары. Сталин ын афтæ:

– Владимир Владимирович хъуыддæгтæ хуыздæр æмбары. Ды Чысыл театры истори æвзæр зоныс. Цы сфæнд кодтай, уый дæ сæрæй аппар.

## Бæрцæй!

Сталин куы базыдта, авиацийы Сæйраг маршæл А. Е. Голованов бирæ рæстæг рынчын кæй у, уый, уæд æм телефонæй бадзырдта:

– Хъуамæ дын иу ныхас зæгъон. Куыд кæсын, афтæмæй дын дохтырты бон баххуыс кæнын нæу. Гъемæ, кæм кусыс, уым дæр æмæ хæдзары дæр водкæ дар. Дæхи æвзæр куы ‘мбарай, уæд-иу дзы рауадз æмæ, дæ бон цас у, уыйбæрц дзы аназ. Мæнмæ гæсгæ дын уый фехxуыс уыдзæни. Бафæлвар æй, стæй мæм-иу телефонæй æрбадзур. Дзæбæх у.

Лæгæн хос фехxуыс. Фæлæ цæмæндæр Сталинмæ телефонæй нæ дзырдта. Уæд æм фæтæг йæхæдæг дзуры:

– Дæ зæрдыл дар: водкæ дын æххуыс кæндзæни хосы хуызæн.Фæлæ дзы дæхимæ æгæр куы фæкæсай, уæд дын зиан йеддæмæ ницы уыдзæн. Уый дæ зæрдыл бадар.

## Засядько йæ нормæ зоны

Хæсты фæстæ хъуыдис æвзалыйы куыстады министр. Сталинæн йæ хъуыдæджы уыди Украинæйы шахтæтæй иуы директор Засядько А. Ф. Йемæ куы ныхас кодта Кремлы, уæд æй афарста, нуазгæ цы кæнæм, зæгъгæ:

– Сæн?

Засядько загъта:

– Шахтертæ водкæ фæнуазынц.

Сталин райдыдта водкæ уадзын. Ныстой æмхуызон. Сталин, мидбылты худгæйæ, ногæй рауадзынмæ куы хъавыд, уæд æй уазæг баурæдта:

– Засядько йæ нормæ зоны, æмбал Сталин.

Сталин Засядькойы кандидатурæ бавдыста ЦК-йы Политбюромæ. Политбюройы уæнгтæ нæ разы кодтой:

– Нуазгæ кæны!

– О, фæлæ Засядько йæ нормæ зоны.

Александр Федорович Засядькойы сæвæрдтой ССР Цæдисы æвзалыйы куыстады министрæй.

# ЦИТАТÆТÆ

* * *

✦ Æцæг поэтæн, нæдæр рагонæн, нæдæр нырыкконæн, цæрæн нæ уыд æмæ нæ уыдзæн, йæ алыварс дунеимæ йын конфликт куынæ уа, уæд.

✦ Поэзийы бон нæу дуне æвиппайды фендæрхуызон, суæздан æмæ схорз кæнын. Уыйхыгъд, чи зоны, ацы дуне сæрæгасæй поэзийы фæрцы баззади: Хорз æмæ Фыд æмдых-æмуæз скæныныл удуæлдайæ архайдта.

***Булат Окуджава,***
*В. Варжаретяны чиныг «Путник со свечой»-ы*
*(М., «Книга») разныхасæй.*

* * *

Бæстæйы экономикæ æмæ социалон сферæйæн æхца ссарæн ис? Ис! Бюджеты уагæвæрд аивын хъæуы, æмæ бюджет райсдзæн æппынкъаддæр 4 триллион сомы. Америчы Иугонд Штаттæй раздахын хъæуы 100 миллиард доллæры – уыдон уыдзысты 6 триллион сомы. Банкты хыгъдтæ ис 26 триллион сомы. Сызгъæринвалютон резервтæ сты 460 миллиард доллæры, ома 27 триллион сомы. Олигархтæ цы уæлæмхасæн æфтиæгтæ исынц, уыдонæй хъалон куы райсай, уæд уыдзысты 4 триллион сомы. Водкæ æмæ тамако уадзыны хъуыддаг паддзахад йæхимæ куы райса, уæд бæстæйы къазнамæ хаудзæн 2 триллион сомы. Ноджы ма ис иукъорд резервы. Утæппæт æхцайы суммæ у 72 триллион сомы, æмæ сæ 6 азыл куы адих кæнай, уæд нæм алы аз дæр уыдзæни 12 триллион сомы. Уыцы фæрæзтæ се 'ппæт хардз кæнын нæ бахъæудзæн, æмæ сæ хæдзардзинæй пайдагонд куы цæуа, уæд æртæ азмæ, уæлдæр амынд æхцатæ кæцæй райсæм, уырдæм æрвыст æрцæудзысты.

Ахæм хуызы кусгæйæ экономикæ æмæ социалон сферæ сæ къахыл слæудзысты.

***Н. Арефьев,***
*Паддзахадон Думæйы*
*экономикон политикæйы сæрдары 1-аг хæдивæг.*
*Советская Россия, 2018.29.05*

* * *

Цæмæй дунейы нырыккон уавæр аивæм, уый тыххæй хъуамæ байсæм Вашингтон! Ахæм хъуыддæгтæ кæнынмæ мах хорз арæхсæм!

***Андрей Сидоров,***
*Мæскуыйы Паддзахадон университеты*
*дунеон политикæйы кафедрæйы сæргълæууæг,*
*«Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым»,*
*зæгъгæ, уыцы телеравдысты.*
*Собеседник, 2018, №17*

* * *

*Кæнæд-иу цин мæ амæлæтыл гъæйттæй,*
*Кæмæн бантыса фервæзын мæлæтæй.*

***Омар Хайам***

## КУЛЬТУРÆЙЫ КУСÆГ ÆВИ ОЛИГАРХ?

Никитæ Михалков бон бакусы 1,5 милуан сомæй фылдæр. Зæххы хæйттæ йæм ис 89, сæ фæзуат 1000 квадратон метрæй 5000 квадратон метры онг, дачæ – 554,2 квадратон метры, цæрæн хæдзæрттæ – 6, сæ фæзуат 68,5–697,3 квадратон метры, 6 апартаменты, 5 машинæйæн бæстыхæйттæ, цæргæ кæм ничи кæны, ахæм 11 бæстыхайы, сæ фæзуат 73–1191 квадратон метры, ноджы вертолет RA-05797 æмæ трактор МТЗ-82. 2017 азы йе 'фтиæгтæ схæццæ сты 529 милуанмæ.

*Комсомольская правда,*
*2018, 31 май – 7 июнь*

* * *

Н. Михалков, режиссер, задекларировавший в 2017 г. доход 529 млн руб.: «Я работаю с 12 лет, мои мастер-классы стоят до 35 тыс. долл., я наследник Сурикова и Кончаловского, я снялся в 50 фильмах и сам снял 15 картин. «Оскар» стоит на полке моего кабинета».

*Единственное, что может соперничать с талантами и достатком Никиты Сергеевича, – это его выдающаяся скромность.*

*АиФ, 06.06.2018, №23*

> крупный бисер

# Миллер получает столько, что и воровать не обязательно

**Журнал Forbes опубликовал рейтинг самых дорогих менеджеров России. 25 нанятых топ-управленцев поражают мир своими доходами.**

Так, глава Газпрома Алексей Миллер считается теперь рекордсменом по денежному доходу – 25 млн $ в год. Например, у руководителя Exxon Mobil Рекса Тиллерсона он «всего» 13,9 млн $.



***Миллер получает 2 млн $ в месяц***

## Кому на Руси как живется



# ЖИРИНОВСКИЙ ДУМАЕТ ШЛЯПОЙ



*Выступая на днях в программе «Поединок» на федеральном канале, Владимир Вольфович со свойственной ему непосредственностью предложил ввести запрет на рождение более двух детей жителям Северного Кавказа: «Не хотят – ограничим, окружим колючей проволокой, закроем все, что можно, пусть сидят там!» Теперь ограничения грозят самому Жириновскому. Комитет Госдумы по делам национальностей хочет лишить его слова. «Яблоко» требует от Следственного комитета возбудить против него уголовное дело и лишить свободы. Чеченские элдэпээровцы решили лишить его отделения партии в этой республике и заявили о готовности переметнуться под флаги КПРФ. Рамзан Кадыров назвал Вольфовича «жалким» и «ничтожным», если он «не способен привлечь к себе внимание чем-то иным», а в интернете главу либерал-демократов окрестили «клоуном», причем «голым», показавшим всю свою сущность. Если и голый, то в шляпе: снимать ее, то есть извиняться перед кем-либо, Жириновский не собирается (в том «Поединке» он, к слову, победил).*

*Собеседник, 2013, № 41.*

# ХЪАХЪХЪÆДУЙРÆГТÆ

Мæ фыдæлты хъæу Даргъ-Къох, Хъахъхъæдур æрдхæрæны хъæу бæргæ уыд йæ заманы. Хъуыстгонд – йе 'гъдау, йæ уагæй, кадджын – йæ бирæ разагъды лæгтæй. Суанг ма нæ ирон театры спектакль «Пæсæйы фæндон»-ы дæр баззад Цорæты Темболаты уæзданы кой. Æмæ дзы, æвæдза, ахæм лæгтæ та цас æмæ цас уыд! Сæ иуæй иннæ дзырдарæхстдæр, кувагдæр, уæздандæр. Афтæмæй баззадысты, чи сæ æрæййæфта, уыдоны цæсты.

Хъæуы сæйраг уынг бульвар уыд, йæ фæйнæфарс гæдыбæлæсты рæнхъытæ. Бæстастæу – алæмæты аргъуан, аивдæр архитектурон арæзтад Мæздæгæй фæстæмæ Иры хъæуты никæцыран уыд. Ам аргъуыдтой ноггуырд сывæллæттыл, сæ цард чи иу кодта, уыцы къайтыл. Арæзтой дзы хъæугуывдтæ, стыр бæрæгбæттæ. Суанг ма-иу сæм Дзæуджыхъæуæй алчер дæр ныццыд. Кувæндоны алфамбылай дардыл ныззылд нывæфтыд æфсæйнаг рæсугъд быру, Рæмонатæ йæ сæ фыды фыды фыд номдзыд Уырыцы кадæн ныссагътой, йæхи та йын аргъуаны кæрты баныгæдтой...

Уыцы æвæджиауы кувæндоны бынаты нытътъæпæн иу «дæлæмæдзыд» бæстыхай скъолайæн. Раст зæгъын хъæуы, иннæ уынгты фæзынди аив хæдзæрттæ, хорз кæртытæ, адæймаджы зæрдæ сæ рухс кæны. Фæлæ хъæуы цардхъомдзинадæн æвдисæн уæддæр уыдысты аргъуаны алыварс цыппар къуымы: Хъалæгаты гуыппырсар æфсымæртæ Аксо, Сандро, Миша æмæ Гришайы урс уæладзгуытæ. Стыр Хъалæгатæ сæ хуыдтой. Сæ фарсмæ – кæддæры амырыкдзау Гусалты Чери æмæ Бæдæдойы хæдзæрттæ. Иннæрдыгæй – ноджы стырдæр уæладзгуытæ Хъалæгаты Мысырби æмæ Темырдзийæн. Уый фарсмæ цардысты урс æфсады булкъон æмæ афицер Хъалæгаты Дадо æмæ Темырболат. Сæ иу йæхи низæй амард, иннæ Сыбыры амæддаг баци. Се 'рбакомкоммæ фаллаг къуымы – стыр æфсæндуарджын кæрт Цорæтæн, сæ фарсмæ – Къуыллыты Налыхъ æмæ Муркайы уæладзгуытæ, сæ сирень бæлæстæ дæр уыдысты хъæуы аргъ. Уыдоны æрбакомкоммæ цыппæрæм къуымы – Гусалты Илайы уæладзыг æмæ Рæмонаты хæдзæрттæ, хъæусовет мыггагмæ кæй бацахста, уыдон.

## Ничевотæ

Уæд та дын иу бон уынгæй æрбайхъуысти Химаны хуызæн базаргæнæджы хъæр. Чидæртæ фæтагъд кодтой сæ хæдзæрттæй, цы æрластæуыд, цы уæй кæнынц, зæгъгæ. Иу хæдзары æфсин, мæгуыр, бирæ рæстæг сынтæгæй нæ рахызт, сæйгæ рынчын уыд. Æмæ уый дæр фехъуыста уынæр. Сыхæгты æрыгон чызг сæм уыцы рæстæг бауад, æмæ йæ рынчын ус фæрсы:

– Цы уæййаг æрласта, Дзерассæ, дæ хорзæхæй, цæмæ йæм ахæлоф кодтой адæм?

Чызг æнæмæтхуызæй хъазæгау бакодта:

– Цыдæр ничевотæ!..

Уæд рынчын цыбæлæй афтæ куы зæгъид:

– Æ, тæхуды, уыцы ничевотæй ахæр!..

## Æнхъизæнджын кæрдзын

Колхозтæ аразын куы райдыдтой, уыцы заман, райдайæнты, мæгуыр куыннæ цардысты хъæууон адæм, фæлæ хуыздæр царды охыл сæ хъарутыл нæ ауæрстой. Кусгæ та кодтой быдыры æхсæвæддæ. Æххормаг æййæфтой. Хуыскъæлæй, кæрдæгæй, æнтыдæй цынæ бавзæрстой хойраджы номыл! Быдырдзаутæниу колхозы правлени арвыста æнхъизæнджын кæрдзын. Æвæццæгæн, кæд нартхоры ссад бæркадджындæр уаид, уый тыххæй. Уæд иу бон хъæуæй тынг æрæгмæ ссыд кæрдзын бы-дырмæ. Адæм дзыхæй дæр нал дзырдтой, сæ хъару асаст фыр-æххормагæй. Уалынмæ æнхъизæнджын стыр «цалх» фынгмæ куы бахæццæ, уæд фыццагдæр Исахъ æрбалæууыд стъолы уæл-хъус. Йæ къухтæ дæлæмæ æруагъта тæфæрфæсгæнæгау, йæхæдæг ахъæр кодта иннæтæм:

– Хæстæгдæр-ма рацæут, æфсымæртæ! Нæ селайы алыварс æрбалæуут рæвдздæр æмæ «Интернационал» ныззарæм Коммунистон партийы кадæн!

Хуыцау хорз, æмæ Исахъ дардыл зындгонд уыд хъазаг лæгæй, æндæра йæ Интернационал йæхи фæцадаид уыцы дуджы.

## Уæрццбадæн

Егъау бæстыхæйттæ куыннæ уыдисты хъæубæсты цардхъомдзинадыл дзурæг. Æмæ се ‘ппæты æхсæн мæгуыр цъиуау нындзыг саусæрст гыццыл хæдзар, йæ хицау – Габысаты Исахъ, хъазаг, адæмæн уарзон лæг. Исахъ иузаман сыстад æмæ алыгъд хъæуы бынмæ, уым самадта ног хæдзар. Йæ сыхæгтæн хъыг уыд уыцы хабар.

– Бафæрсын аипп ма уæд, Исахъ, фæлæ дæ зæрдæ истæуыл фæхудти, æви цæмæн сыстадтæ дæ рагон уарзон сыхбæсты цурæй, тæргай цæмæн фæлыгъдтæ? – фæрсынц æй хъæубæстæ.

– Уæ хорзæхæй, цы мæ баййардтат? Цынæхуызон уазæг æрбафты нæ хъæумæ, ахæм нæй, æмæ сæ цæст мæ «ахстон» куы ацахсы, уæд бафæрсынц, чи у, кæй у уыцы уæрццбадæн, зæгъгæ, гъемæ æз дæр мæхи хуызæн сыхы уæлдай бæрæг нал дардзынæн мæ саусæрст хæдзарæй.

## Тъанги

Дыгургомæй Хъахъхъæдурмæ æрбацыд усгуртæ. Фысымтæ батыхстысты, дæрддаг уазджытæй худинаг у, сæ размæ сын цæхх, кæрдзын бахæссын хъæуы. Хъахъхъæдур та дардыл хъуыст уыд йæ кæрдзындæттонæй, уазæджы буц кæнынæй. Цыдæриддæр уыд, уæддæр уасæг æрбаргæвстой (кæрчытæн къуыртты бадын афон уыд), фынг арæвдз кодтой, къæбæр, арахъхъы графин, ирон къуымæл. Фысымтæй семæ æрбадт сыхаг лæппу, йæ ном Тъанги. Тæтæри хуынди, бæргæ, фæлæ, дам, хæраг рахаста æмæ йæ бинонтæ уыйадыл Тъанги фæкодтой.

Бадынц уазджытæ. Рауагътой цалдæр сидты, чи комы нуазын, чи – нæ. Æмæ цалынмæ уыдон уæздан ныхæстæ кодтой, уæдмæ Тъанги хæрыныл балæууыд. Йæ фарсмæ бадт фæци чызджы æрвад Темботт фынджы хистæрæн. Аивæй бакъуырбакъуыр кæны Тъангийы, ома, уазджытæ куы нæма æрæвнæлдтой фынгмæ, афтæмæй фыдызгъæл куы фæивгъуыдта. Фæлæ Тъанги ныггуыбыр æмæ æмпулы, куыройы фыдтæ басгуыхтысты йе ‘фсæртæ. Темботты бон куынæ баци къуырццытæй Тъангийы бауромын, уæд ын æнæ сдзургæ нал уыд хъæрæй:

– Хъус-ма, Тъанги, сæрмæ мауал бавнал, науæд уасæг æнæхъæнæй дæ хуылфæй суасдзæн!

Уазджытæ сæхи æндæр цæуылдæрты худæг скодтой. Бузныг загътой фысымтæн æмæ сæ фæсонæрхæджы дæр никуыуал æрцыд Хъахъхъæдурмæ уазæгуаты бафтын, мыййаг та Тъангийыл куы сæмбæлæм, зæгъгæ.

## Госужас

Хъахъхъæдуйраг ацæргæ уæздан лæг Бестау дын Дзæуджыхъæуы йæ хъæуккаг лæппуйыл куы амбæлид:

– Æгас цæуай, Сахълæу, гъы, куыд, цы, фæрсынтæ дæ ма бахъæуæд дæ цард, дæ уагæй.

Лæппу бацин кодта йæ хъæуккаг хистæрыл æмæ йын радзырдта, финансты техникумы кæй ахуыр кæны.

– Дæ хъуыддаг раст! Уæдæ мæ ды хъæуыс. Ды мын баххуыс кæндзынæ Госстрах ссарынæн. Зилын æмæ йæ нæ арын.

Лæппу йæ уæхсчытæ æнæбары базмæлын кодта, ома, мæ бон дын нæу баххуыс кæнын, зæгъгæ:

– Бахатыр мын кæн, Бестау, Госстрах кæм ис, уый нæ зонын, фæлæ Госужас уæртæ уынгæн йæ фаллаг тигъыл, – ацамыдта Паддзахадон æдасдзинады комитеты агъуыстмæ.

## Чашечкæтæ

Тепсарыхъойы чызг хъал уыд йæ бонджын фыдæй, йæ бæрзонд бынатæй. Буцхаст, алцæмæй æххæст, бæрзонд, хæрзконд сылгоймаг. Иу бон дуканимæ бацыд æмæ сомихаг ацæргæ дуканигæсæн афтæ:

– Уæртæ ма мын уыцы фæныкхуыз тæбын хъуымацæй 40 сантиметры авæр ибкæйæн.

Лæг чызгмæ бакаст, йæ цæст ыл æрхаста сæрæй бынмæ æмæ йын гуырысхогæнгæ афтæ:

– Мæнмæ гæсгæ дын ахæм гæппæл фаг нæ уыдзæн, нæ хо, æгæр цыбыр рауайдзæн дæ ибкæ.

Чызг фæцæхгæр:

– Цы мæ хъæуы, уый ды мæнæй хуыздæр зоныс? Æз гомæй уарзын мæ чашечкæтæ (ома, уæрджыты чъиритæ).

Лæг айтæ-уыйтæ нал фæкодта, фæлæ хъуымацы тыхтонæй рачъепп ласта 40 сантиметры гæппæл, йæ аргъ ын анымадта æмæ йæ чызджы къухы фæсагъта:

– Гъа, уæдæ, дæ сервиз æнæхъæнæй дæр байгом кæн!

## Люди цы кодтой

Иу хæдзары æрыгон чызг йæхи байста сыхæгтæм, йæ зæрдæ хаста æнхъæлцауæй æмæ уый тыххæй. Уæд уыцы хæдзары ус фæцырд чындзы æфсин æмæ хицаумæ:

– Люде плохо... Люде плохо (чындз Людæ хуынди).

Мæгуыр зæронд лæг хабары бæлвырддзинадæн ницы æмбæрста æмæ фæтарсти, сыхаджы скъуымы кодта:

– Люди цы кодтой, цы ‘рцыд адæмыл? Исты фыдбылыз сыл сæмбæлд, мыййаг?

***Рæмонаты Ленæ,***
*«Рæстдзинад», 1994, №№38, 43, 48*

# ИСАХЪЫ ХАБÆРТТÆ

* * *

Коллективизацийы азты райкомтæй æмæ уæлдæр хицауадæй хъæутæм арæх æрвыстой бæрнон лæгтæ зæхкусджыты колхозмæ бацæуыныл сразы кæнынмæ. 1929 азы Хъахъхъæдурмæ дæр фæзынд иу ахæм лæг. Уынджы æрæмбырд сты дзыллæтæ. Æрвыст лæг дзырдта:

– Колхозы машинætæй кусдзыстæм. Цард фенцондæр уыдзæни. Нæ инженертæ ахæм машинæ аразынц, мæнæу чи кæрддзæн, най йæ чи кæндзæн...

Æрвыст лæг йæ ныхас куы фæци, уæд æмбырды сæрдар адæммæ дзуры, кæй фæнды зæгъын йæ хъуыдытæ, зæгъæ. Исахъ йæ къух сдардта æмæ афтæ зæгъы:

– Æз разы дæн нæ уазæджы ныхæстыл. Ныффыссут мæ колхозмæ. Фæлæ мæм ахæм курдиат ис: уыцы машинæаразджытæм тагъддæр писмо арвитут. Кæд машинæ мæнæу ысгæ кæндзæн, уæд æй æххæст дзултæй куыд æппара цыхтыты

къæрттытимæ, афтæ йæ саразæнт. Нозт мæнæй фæуæд, æмæ йæ фæстæ заргæ цæудзыстæм. Æз разы дæн колхозмæ!

* * *

Хъахъхъæдуры дуканийæн уыди дыууæ хицауы: Хъоцлаты Була-уæзхъус æмæ Гæлæбаты Ханджери-къуылых. Нæ дуканийы балхæнынмæ ницы товартæ ис, зæгъгæ-иу адæм арæх хъаст кодтой. Иухатт сын Исахъ дуканийы дуармæ афтæ зæгъы:

– Кæй аххос у нæ дуканийы мæгуырдзинад? Мæнæ Була æмæ Ханджерийы аххос. Товартæласæг поезд дæлæ Даргъ-Къохы вагзалы æрлæууы æмæ ныууасы: «Товартæ айсут!» Була йæ хъусгæ нæ фæкæны, Ханджери та йæ æййафгæ нал бакæны. Уæдмæ поезд дæр афардæг вæййы.

* * *

Дзæуджыхъæуæй Алагирмæ цы адæмласæн поезд цыдис, уымæн-иу йæ паровоз Алагирæй фæстæмæ здæхгæйæ сыдз-мыдзы рараст. Куывды рæстæг та иузаман адæм бахъæлдзæг сты æмæ æппæлыдысты: «Нæ ирон адæм! Мах Нарты байзæддаг стæм!..»

Уæд сын Исахъ афтæ:

– Уæ хорзæхæй, цы æппæлут: ирон, нæртон? Цы стæм? Иунæг поезд нæм ис, æмæ уый дæр сыдз-мыдзы куы цæуы!

* * *

Дуканигæстæ Ханджери æмæ Булайы кой та кодтой уынджы лæгтæ: «Сæ иу къуылых, сæ иннæ уæзхъус! Кæцы хæсты фæцæфтæ сты?»

– Æз уын æй зæгъон, кæм фæцæфтæ сты, уый? – дзуры сæм Исахъ. – Мæнæ Хъахъхъæдуры фæсивæд Кæрдзынимæ куы фæхыл сты, уæд Була æмæ Ханджери дæр уым уыдысты. Хъуылæг гутоны цæлхытыл сæвæрдтой хъæугæрон обауыл. Топпыхос æмæ йæ хуырæй байдзаг кодтой. Кæрдзыны хъæумæ йæ сарæзтой, арт ыл бандзæрстой: «Уæхимæ кæсут ныр, Кæрдзын!» Топпыхос ссыгъди, ныффутт кодта. Хъуылæг фæрчытæй фæтахти. Хуыртæ, зынгтæ сыл ныппырх сты, сæрысъуыдтæ фесты. Сæ цæстæй куы ракастысты æмæ кæрæдзи куы федтой сыгъдтытæй, цæфтæй, уæд Ханджери йæ сæр ба-

тылдта æмæ афтæ: «Нæ сармадзан махæн ахæм митæ кæм бакодта, уым Кæрдзыны хъæуы гæды дæр удæгасæй нал баззадаид!» Уыцы хæсты фæсахъат сты Була æмæ Ханджери.

* * *

Хъахъхъæдуры раздæр дыууæ колхозы уыди: Марксы æмæ Штейнгардты. Алчидæр æппæлыд йæхи колхозæй. Иу рæстæг та дыууæ колхозы адæм кæмдæр куывды сæмбæлдысты.

– Уæллæй, Марксы колхоз Штейнгардты колхозы нæ амбулдзæни, – æппæлыдысты уæлæсых.

Дæлæсых дæр нæ ауæрстой сæхицæй æппæлыныл.

Исахъ Марксы колхозæй уыдис. Уæлæсых æгæр куы æппæлыдысты, уæд сабыр, уæздан ныхасæй баздæхт адæммæ:

– Уæ хорзæхæй, байхъусут-ма, æз уын æндæр æмбисонд радзурон. А зымæджы хъæдæй æрцæйцыдтæн мæ галты сæрбосыл хæцгæ. Мæ размæ хæйрæджытæ фесты æмæ мæ иуырдæм дæр цæуын нæ уадзынц. Фæрæтæй сæм æвзидын, лæдзæгæй сыл нæ ауæрдын, уæддæр нæй, коммæ нæ кæсынц. Мæ амондæн мæ кърандас æд блокнот мæ телогрейкæйы дзыппы уыд æмæ сæм æй фелвæстон, ауадзут мæ, кæннод уæ Штейнгардты колхозмæ фыссын, зæгъгæ. Уыдон æваст цыдæр æрбаисты, мæ цæст сæ нал ауыдта.

* * *

Хъахъхъæдуйраг Цорæты Бесæгъуыр паддзахы рæстæджы цыдæр афицергонд уыдис æмæ советон дуджы йæхи мæгуырхуызæй æвдыста – тарстис ахсынæй. Куыройæн хъалагъур ныллæууыди. Зæронд кæрцы цыди. Кæрцы фæсонтыл æмпъузæнтæ алыхуызон хъуымацы гæппæлтæй: сырх, сау, урс, цъæх... Уыцы кæрцы иу бон йæ куыстмæ фæцæйцыд. Исахъ сæ дуармæ лæууы æмæ йæ сыхаг Аксомæ дзуры, Бесæгъуыры кæрцы фæсонтæм кæсгæйæ:

– Дæлæ ма Бесæгъуыры картæйыл Мæскуы ссар!

* * *

Исахъ изæрырдæм сыхаг лæгтимæ ныхасы бадтис. Æвиппайды фестади, хæрзизæр загъта æмæ фæцæуы.

– Цы хабар у, Исахъ, кæдæм тагъд кæныс? – дзурынц æм лæгтæ.

– Мæ цæрæн бæстыхай чысыл у, бинонтæ бирæ, æмæ дзы рухсæй бынат куы не ’рцахсон, уæд уынджы баззайдзынæн!

* * *

Марксы колхозонтæ уалдзæджы хуым кодтой. Исахъ цы бригады куыста, уыдон сихорыл сæ фæллад уадзынмæ æрбадтысты, афтæ сæм фæзынд уæлдæр хицауадæй æрвыст интеллигентхуыз лæг – барæг. Хуымонтыл бустæ байдыдта:

– Цы бадут? Кусын хъæуы! Уæхи цы ауагътат?

Фæллад колхозонтæ йын хабар бамбарын кодтой. Уазæг уæддæр нæ лæууы:

– Зæрдиагæй нæ архайут! Сайæн куыстытæ!

Исахъ æм кæсы уæлбæхмæ. Бамбæрста: æрвыст лæг – галстукджын – зæххы куыстæн ницы зоны. Исахъ къухæй амоны гутоны цæлхытæм æмæ йæм дзуры:

– Мах аххосджын не стæм, фæлæ хицауад сты аххосджын! Кæсыс ацы цæлхытæм? Сæ иу стырдæр у, иннæ къаддæр, æмæ нæ бæхтæ тухæнæй мæлынц. Уый бæсты нын нæ гутæттæн æмхуызон цæлхытæ скæнæнт, æмæ нæ куыст рæвдздæр цæуа, нæ нормæтæ æххæст кæнæм.

Барæг иннæ гутæтты цæлхытæм дæр акаст: иутæ – стырдæртæ, иннæтæ – къаддæртæ. Фæзылдта йæ бæх:

– Хорз! Райкомы аныхас кæндзыстæм уый тыххæй!

* * *

Иу бон та похциласæнты рæстæг быдырмæ фæзынд иу ахæм интеллигент лæг. Исахъ дæр уæд быдыры дыууæ бæхæй похцийæ ласта нартхоры хуымтæ. Æрвыст лæг куы федта дæлгоммæ похцийы фæстæ нартхоры зæнгтæ къæдзтæй, фæлдæхтæй, уæд дзуры:

– Цы кусут уый? Нартхоры зæнгтæ куыд ныссастат?

Исахъ ын зæгъы:

– Махæн колхозы сæрдар афтæ загъта, дæлгоммæ похци, дам, ауадзут нартхоры хуымтыл. Мах цы зылын стæм? Сæрдаримæ дзур!

Сæрдармæ райкоммæ фæдзырдтой. Исахъ æмæ сæрдар кæрæдзи æмбæрстой.

***Æлдаттаты Виктор***

# ИСАХЪЫ ХАБӔРТТӔЙ МА ДЫУУӔ

* * *

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ Советты бæстæ цы заууаты уавæры уыд, уый хистæр фæлтæр хорз хъуыды кæнынц. Адæм мамæлайы къæбæрæй цардысты. Бирæтæ-иу фырæххормагæй барæсыдысты. Ноджы сыл паддзахад амæй-ай уæззаудæр хъалонтæ сæвæрдта. Алы бинонтæй дæр, хъуырæй ласæгау, лæгдыхæй истой царв, цыхтытæ, æхсырысæртæ, æйчытæ. Суанг ма дыргъбæлæстыл дæр æвæрдтой хъалон. Райсомæй-иу хъæуты фæзындысты районæй æрвыст лæгтæ, уполномоченныйтæ сæ хуыдтой. Хæдзæрттыл зылдысты æмæ адæмæн сæ фæстаг муртæ лæгдыхæй домдтой. Иуахæмы та уыцы бæрнылæгтæй дыууæ Хъахъхъæдуры фæзындис. Исахъ сын се 'рбацыдмæ ахæм «сюрприз» æрцæттæ кодта: сæ кæрчытæй иуы рацахста æмæ йæ йæ дыууæ къахæй бал бæласы къалиуыл æрцауыгъта. Уазджытæ кæртмæ куы 'рбахызтысты æмæ карчы куы ауыдтой, уæд фæрсынц хæдзары хицауы, цы хабар у, зæгъгæ. Исахъ сын дзуапп радта:

– Йарæби, хъалоны фаг æйчытæ æфтауын йæ бон нал уыд, йæ уд æрдуйæ нарæгдæр ссис æмæ, мæгуыр, йæхи æрцауыгъта.

* * *

Уыцы фыдазты иухатт Исахъыл йæ хъæуккаг амбæлд æмæ йæ фæрсы, куыд стут, зæгъгæ.

– Куыд стæм, куыд? Нæ сасир къулыл ауыгъд ис, нæ арынг та цары схъуына. Гъемæ кæрæдзи уындмæ бæлгæйæ сæ былыцъæрттæ хæрынц.

# АНЕКДОТТӔ

* * *

Лæг боксер уыд, ус та каратисткæ. Хылтæ арæх кодтой. Фæлæ усы мад дамбацайæ æхсынæй спорты мастер уыд æмæиу сæ уайтагъд басабыр кодта.

* * *

Ног президент Путин бахынцта зæронд президент Путины рæдыдтæ æмæ бацахста зæронд президент Путины бынат, ноджы ног президент Путин бахынцта зæронд премьер-министр Медведевы рæдыдтæ æмæ зæронд премьер-министр Медведевы бынаты сæвæрдта ног премьер-министр Медведевы.

## Хъусынгæнинаг

«Уæй кæнын дыууæ райгуырæн бæстæйы иуы аргъæй. Мæ адрис: Брюссель. Саакашвили».

* * *

Голландийы чи цæры, уыцы гуырдзиаг Саакашвили Польшæйы Сеймmæ ратдзæн Украинæйы экономикæ æмæ социалон сферæ сырæзын кæныны тыххæй программæ.

* * *

– Цыбырæй-ма радзур, ныййарджыты æмбырды цæуыл цыди ныхас?

– Цыбыр дзырдæй, хъуамæ бафидæм 600 сомы.

* * *

Поликлиникæ. Дохтыр:

– Цæй, æргом дын æй зæгъон: клептоманийæ рынчын дæ, ома давын уарзыс.

– Мæнæ диссаг! Æмæ уыцы низæн исты хос ис?

– Мæ ручкæ мын йæ бынаты куы æрæвæрай, уæд дын рецепт ныффысдзынæн.



*Фæхудæнт мыл хъалтæ; ды се 'мбал нæ дæ.*

* * *

| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Зам. гл. редактора | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Ред. отд. критики и публицистики | *Р. С. БЗАРОВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Ред. отд. поэзии | *М. Л. ДЖУСОЕВ* |
| Ред. отдела прозы | *Е. К. МЕДОЕВА* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Технический редактор | *Н. М. ПРОВОТОРОВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-20-52; зам. гл. редактора; шеф-редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, прозы, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 01.08.18. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,63. Учетно-изд. л. 8,72.
Тираж 1000 экз. Заказ № 476. Цена свободная.
Выход из печати 28 августа 2018 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Æппæлд хæрзуаджы хъомысæн ницы пайда у. Исчи исты хорз куы ракæна, уæд ын йæ кой ма ракæн. Фæлтау æй бафæзм. Уый йын уыдзæн иттæг зæрдиаг æппæлд.

***Мохандас Ганди***



Индекс 73247

+12